O`ZBEKİSTAN RESPUBLİKASI  XALIQ BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ

A`JİNİYaZ ATINDAG`I NO`KİS MA`MLEKETLİK PEDAGOGİKALIQ İNSTİTUTI

Qol jazba huqıqında

Urazova Dilbar Jadigerovna

# Tema: Jaslarda reproduktiv pikirlewdin` psixologiyalıq o`zgeshelikleri (kollej oqıwshıları mısalında)

Qa`nigelik: 5A110902 «Pedagogika ha`m psixologiya»

Magistr akademiyalıq da`rejesin alıw ushın  jazılg`an

# DİSSERTATsİYa

İlimiy basshı: pedagogika ilimlerinin`

kandidatı., docent________Z.Sherimbetova.

NO`KİS-2016

## Mazmunı.

**KİRİSİW**.......................……………………………..……………...………...3

**I-Bap. Reproduktiv pikirlew shaxs o`zgesheligi sıpatında**……………………13

1.1.Shıg`ıs oyshıllarının` reproduktiv pikirdi rawajlandırıwshı faktorlar ha`m sha`rt-sha`rayatları haqqındag`ı u`gitleri……………………………………….13

1.2. Reproduktiv pikirlew ma`mleket siyasatı retinde ….……………...................19

1.3. O`spirimlik da`wirinde shaxstın` rawajlanıw o`zgeshelikleri………………..22

**II-bap. Reproduktiv pikirlew o`zgesheliginin` teoriyalıq jaqtan u`yreniliwi……………………………………………………………………..32**

2.1.Reproduktiv pikirlewdin` psixologiyalıq fenomenologiyası………………….32

2.2.Reproduktiv pikirlew o`zgesheliginin` psixologiyada u`yreniliwi……………39

**III-bap.Oqıwshılarda reproduktiv pikirlewdi eksperimental u`yreniw**……...44

3.1. Oqıwshılarda reroduktiv pikirlew o`zgesheliklerin psixologiyalıq jaqtan anıqlaw…………………………………………………………………………44

3.2. Oqıwshılarda reproduktiv pikirlewdi rawajlandırıwshı shınıg`ıwlar.……….54

3.3. Oqıwshılarda reproduktiv pikirlewdi rawajlandırıwshı psixokorrektsiyalıq da`stu`r……………………………………………………………………………….64

3.4. Baqlaw ta`jiriybeleri.………………………………………………………81

**JUWMAQLAW**………………………..……..……………………………….88

**USINISLAR**…………………………………………………………………..93

**PAYDALANILG`AN A`DEBİYaTLAR**……..………………………………….94

**QOSIMShALAR**…………………………………………………………….99

# Kirisiw

Ha`zirgi da`wirde jaslardı reproduktiv pikirlewge u`yretiw, erkin pikirlew imkaniyatın rawajlandırıw mashqalası respublikamızdın` ta`lim sisteması aldında turg`an aktual ma`selelerdin` biri esaplanadı. Bul mashqalanın` aktuallıg`ı haqqındag`ı faktor ma`mleketimiz Prezidenti İslam Karimovtın` jaslar mashkalasına bag`ıshlang`an ha`r bir shıg`ıp so`ylewlerinde, interv`yu ha`m fundamental shıg`armaları ideyasında o`z sa`wleleniwin tapqan. Onın` Oliy ma`jilistin` IX—sessiyasında (1997) so`ylegen so`zinde de ken` ja`a`ma`tshiliktin` dıqqat-itibarın usı temag`a qaratqan halda sonday pikirlerdi talıqlawg`a taslag`an edi: «Demokratiyalıq ja`miyette balalar, ulıwma alganda har bir insan Erkin pikirleytug`ın etip ta`rbiyalanadı. Eger balalar Erkin pikirlewdi u`yrenbese, berilgen ta`lim na`tiyjesiz boladı. A`lbette, bilim kerek. Biraq bilim o`z jolına. Erkin pikirlew de u`lken baylıq». [2,9]

Solay eken O`zbekstannın` «Kadrlar tayarlaw milliy da`stu`ri» nen ha`mde «Ta`lim haqqındag`ı nızam» nan go`zlengen tiykarg`ı maqseti bul «Ja`miyette Erkin pikirleytug`ın shaxstı rawajlandırıwdan ibarat».

Sonnı da aytıp o`tiw kerek, O`zbekstan Respublikası konstitutsiyasının` 29-stat`yasında da ha`r bir insan Erkin pikirlew huqıqına iye ekenligi keltirip o`tilgen. [1]

Biz perzentlerimizdin` tek g`ana fizikalıq ruwxıy jaqtan deni saw bolıwı menen birge, al olardın` intellektual bilimlerge iye bolg`an , tolıq rawajlang`an insanlar bolıp, XXI-a`sir talaplarına tolıq juwap beretug`ın na`wqıran a`wlad bolıp kamalg`a keliwi ushın za`ru`r barlıq imkaniyat ha`m sha`rayatlardı jaratıwdı o`z aldımızg`a maqset etip qoyg`anbız.

Usı ku`nlerde hu`kimetimiz ta`repinen usı ma`sele boyınsha qabıl etilgen Ma`mleketlik da`stu`ri ha`m ma`mleketlik emes dereklerdi esapqa alg`an halda, bar bolg`an barlıq resurs ha`m imkaniyatlarımızdı sarplawdı ko`zde tutadı.[1]

[1] И.Каримовнинг «Асосий вазифамиз-Ватанимиз тараққиёти ва халқимиз фаровонлигини янада юксалтиришдир» 2009-йилнинг асосий якунлари ва 2010 йила Ўзбекистонни ижтимоий-иқтисодий ривожлантиришнинг энг муҳим устувор йуналишларига бағишланган Вазирлар Маҳкамасининг мажлисидаги маърузаси. Халқ сўзи,№21(4936) 2010 йил 30-январь.

Du`n`ya ko`lemindegi ha`zirgi sotsial-siyasiy turmıs, ja`miyet rawajlanıwının` basqıshı sonday o`zine ta`n o`zgeshelikke iye, endi onda a`skeriy qudiret emes, al intellektual da`rejesi, aqılı, pikirlew, jan`a texnika ha`m texnologiyalar sheshiwshi orındı iyeleydi. Jaslardı Erkin pikirlewge u`yretiw arqalı olar keleshekte o`z aldılarında ju`zege keletug`ın mashqalalardı sheshiw arqalı xalıq xojalıg`ının` rawajlanıwına, respublikamızdın` aldın`g`ı texnologiyalarının` du`n`ya ko`leminde mu`na`sip orın iyelewge u`lken u`lesin qosıwı mu`mkin.

Respublikada «Ta`lim haqqındag`ı nızamı, «Kadrlar tayarlawdın` milliy da`stu`ri»in a`melge asırıw protsessinde turmısımızdın` barlıq tarawlarında «insan faktor»ının` rolinin` artıp barıwı ko`zge taslanbaqta. Ha`zirgi da`wirde joqarı qa`biletli qa`niygelerdi tayarlawg`a bolg`an talap ku`n sayın artıp barmaqta, solay een ayrıqsha alıng`an ziyrek shaxslarda g`ana emes, al barlıq miynetkeshlerdin` do`retiwshilik imkaniyatların ilajı barınsha ko``irek rawajlandırıw za`ru`rligi ju`zege kelmekte. Bunday sha`rayatta insan ha`m onın` intellektual da`rejesine baylanıslı pa`nlerdin` roli artıp barıwı ha`r bir insan shaxsında bar bolg`an ham jasırın ta`rizdegi imkaniyatlarınanpaydalanıw, olardı ju`zege shıg`arıw jol-jobaların teoriyalıq jaqtan islep shıg`ıw za`ru`rligi payda boladı.

Reproduktiv pikirlew shaxstın` qa`siyeti sıpatında ha`r qanday xızmet tu`rinde individual yaki ja`ma`a`tlik tabıslarga erisiwde joqarı ko`rsetkishti ta`miyinleytug`ın za`ru`r faktorloardan biri bolıp esaplanadı.

Joqarıda aytıp o`tilgen pikirlerden kelip shıkqan halda, biz o`z izertlewimizdin` tiykargı mazmunın jaslarda, a`sirese jaslarda Erkin pikirlew sheberliklerin payda etiwdin` psixologiyalıq mexanizmlerin ashıwdan ibarat degen sotsial ko`z-qarasqa tiykarlang`an ta`rizde belgilep berdik.

Shaxsta reproduktiv pikirlewdi rawajlandırıw – bul tek g`ana ken` qamrawlı jantasıwdı talap etetug`ın ilimiy psixologiyalıq mashqalalardan biri bolıp, al o`z mazmunı jag`ınan psixologiyalıq barlıq sıpatında payda bolıwı sotsial-psixologiyalıq ha`diyse esaplanadı. G`a`rezsizlik shaxstın` pazıyleti retinde insannın` ha`r qaysı ha`reketi ushın juwapkershilik penen u`zliksiz baylanıslı. İnsan o`zinin an`lang`an ha`reketi ushın juwapkershilik seziwi mu`mkin.

Reproduktiv pikirlew da`rejesine erispegen shaxslar ekileniwshi, turaqsız insan sıpatında an`lang`an is-ha`reketin ko`rsete almawı aqıbetinde o`zin-o`zi baqlay alıw imkaniyatı to`menligi sebepli, Chingiz Aytmatov so`zi menen aytqanda «mangurler» ge aylanıp qaladı. Sol sebepten reproduktiv pikirlewi jetkilili da`rejede rawajlanbag`an tu`rli jas da`wirge tiyisli jaslar tu`rli diniy-ektremizm xam fundamentalizm sıyaqlı asotsial bag`darlardın` qurbanına aylanıp qalıw jag`dayları ju`z bermekte. Sonın` ushın da shaxs psixologiyasında, pikirlew protsessinde reproduktivlik qa`siyetlerinin` bar ekenligi sotsial psixologiyalıq ha`diyse esaplansa da, biraq shaxsta birlestiriw pedagogikalıq – psixologiyalıq barlıq esaplanadı.

İzertlew jumısımızdın` **predmeti-** jaslarda **reproduktiv pikirlewdi** rawajlandırıwdın` psixologiyalıq mexanizmleri, nızamlıqların u`yreniw protsessi esaplanadı.

İzertlew jumısının` **ob`ekti-** No`kis pedagogikalıq kolledjinin` 1-2- kurs oqıwshıları, ja`mi 60 respondent qatnasqan bolıp, olardan tajiriybe toparında 30 , kontrol` toparında 30 oqıwshı qatnastı.

**İzertlew jumısının` maqseti-** turli jas da`wirleri wa`killerinde, basqalardın` qatnası ta`sirinde reproduktiv pikirlewdin` psixologiyalıq fenomenleri, mexanizmleri, faktorları ha`m nızamlıqların empirikalıq jaqtan u`yreniw, sonday-aq, bul mashqalanı sotsial pedagogikalıq psixologiyanın` predmeti sıpatında analiz etiwden ibarat.

**İzertlew jumısının` tiykarg`ı wazıypaları**:

- Reproduktiv pikirlewge ta`sir etiwshi psixologiyalıq ha`m shaxsıy faktorlardın` a`hmiyeti, tabiyatı ha`m du`zilisin anıqlaw:
- Reproduktiv pikirlewdin` kriteriyaların islep shıg`ıw ha`m a`meliyatqa engiziw;
- Pikir almasıwdın` tu`rli protsessin o`z ishine alg`an zamanago`y pedagogikalıq texnologiyag`a tiykarlang`an psixologiyalıq trening ha`m stsenariylardın` ilimiy- teoriyalıq tiykarların jaratıw;

- Shaxsta intellektual sho`lkemlestiriwshilik seziminin` rawajlanıwına ta`sir etiwshi biliw xızmetinin` qolay faktorları, unamlı usılların tekseriw;
- oylaw reproduktivligin rawajlandırıw imkaniyatları boyınsha jantasıw arqalı oqıwshılardın` o`z-ara ta`siri, jan`a interaktsiya formalarınan biri bolg`an ba`sekenin` na`tijelilik da`rejesin tekseriw arqalı o`zlestiriw na`tiyjeliligin asırıw.
- shaxs reproduktiv pikirlewinin` jas ha`m individual ayırmashılıqlarındag`ı o`zgerislerdin` sotsiometriyalıq usılg`a ha`m isenimlilikke baylanıslı bolg`an ulıwma bag`darlardı ju`zege shıgarıw ha`mde sotsial barlıqtag`ı a`hmiyetin belgilew.

***İzertlew jumısının` metodları:***

- Men reproduktiv pikirlewdi qanday tu`sinemen? Temasında shıg`arma tiykarında anketa sorawları;
- O`z-o`zin bahalaw testi
- Reproduktiv pikirlewdi rawajlandırıwshı shınıg`ıwlar
- Psixologiyalıq-pedagogikalıq eksperiment.

***İzertlew na`tiyjelerinin` ilimiy jaqtan jan`alıq da`rejesi***`: kolledjlerdegi a`meliy psixologlarg`a, ata-analarg`a, tarbiyashilarg`a maslahat beriwde ahmiyetli bolg`an oyınlar, treningler metodlardan paydalanıw ta`rtibi ha`m usılları.

***İzertlew na`tiyjelerinin` teoriyalıq jaqtan a`hmiyeti:*** İzertlew tiykarında usı narse anıq boldı- shaxs xızmeti basqa insanlardın` xızmeti menen baylanıslı. Shaxs o`zinin maksetin amelge asırıwı ushın shaxslar arasındag`ı qarım-qatnas arqalı a`melge asadı. Basqa adamlardın` barlıg`ı olardın` fasilitatsiyası ob`ektiv mu`nasebet sıpatında individual xızmet o`zgesheligine, tiykarınan onın` pikirlew reproduktivligi, teren`ligi, logikalılıg`ı ha`m reproduktivligine ta`sir ko`rsetedi.

***İzertlew na`tiyjelerinin` a`meliy jaqtan a`hmiyeti:*** ameliy ahmiyeti ta`jiriybe shınıg`ıwlarda alıngan na`tiyjeler ta`lim texnologiyaların qa`liplestiriwde oqıwshı menen oqıtıwshını pikirlew protsesslerinin` uyg`ınlıg`ı, «sub`ekt-sub`ekt» ta`rizindegi mu`nasebetlerdin` tup a`hmiyetin tu`singen halda, reproduktiv pikirlewshi shaxs mashqalası kontsetsiyasın jaratıwda ayrıqsha a`hmiyetke iye.

Sonday –aq islep shıgılgan metodlardan, trening ha`m oyınlardan psixologlar, ata-analar paydalanıwı mumkin.

**İzertlew jumısının` tiykarg`ı ha`m isshi gipotezaları to`mendegiler**:

1. Egerde reproduktiv pikirlew protsessin shaxs qa`siyeti, onın` aqılıy xızmetke iytermelewshi ha`m orınlawshı funktsiyaları arasındag`ı muna`sebetlerdin` o`zgeriwi ta`rzinde qaralatug`ın bolsa, berilgen funktsiyalar ha`r birinin`g sıpat jag`ınan basqa formag`a o`tiwi, sub`ekttin` iytermelewshi funktsiyasında o`zgelerdin` qatnası, bul jag`daydın` unamlı ta`siri sebepli fasilitatsiyanın` ahmiyeti artıwı ha`m aqıldı basqarıwda olardı orınlawshı funktsiyasında shaxstın` o`zine qarag`anda isenimi ham o`z pikirinen ishki ruwxıy qanaatlanıw menen xarakterleniwi mu`mkin.

2. Eger shaxstın` reproduktiv pikirlewi o`z pikirlerinin` durıslıg`ın da`liyllewde, qarama-qarsılıqlardı du`zetiwdin` usılların tabıwda, biliw tapsırmaların orınlawdın` jan`a usılların ashıwda ju`zege keletug`ın, onın` o`z qa`lewine bola, sotsial ob`ektlerdin` qollap-quwatlawlarına tayang`an halda pikirlerin bayan etiwi aqılıy xızmet ha`mde erikin pikirlewdin` kushli faktorı esaplanıwı mu`mkin.

3. Eger aqılıy baslawshılıqta ha`mde reproduktiv pikirlewshi shaxstın` aqılıy xızmetin sho`lkemlestiriwde oqıw xızmetinin` individual ha`m jama`a`tlik usıllarının birlesiwi ju`z berse, bunda berilgen xızmettin` motivatsiyalıq, kognitivlik, kontseptual, pikir almasıw ta`replerinin` birligi tamiyinleniwi ku`tiledi.

4. Egerde shaxstın` sotsiometriyalıq da`rejesi kishi toparda qa`nshelli joqarıda bolsa, onın` reproduktiv pikirlewi de sonshelli joqarı ko`rsetkishke iye bolıwı mu`mkin, sebebi belgili bir da`rejege erisiw, toparda abıroyg`a iye bolıw, xızmettin` u`stinligi mexanizm sıpatında xizmet qılıw itimalı bar.

5.Reproduktiv pikirlewshi shaxslarg`a ta`n bar bolıwı mu`mkin, yag`nıy Reproduktiv pikirlewshi insanlar o`zlerin noadekvat bahalawları baqlanadı.

6. Shaxstın` reproduktiv pikirlewi menen kreativ oylawının` o`zine ta`n orginallıg`ı arasında ishki baylanıs boladı.

İzertlew jumısımızdın` maqset ha`m wazıypaların a`melge asırıw basqıshpa-basqısh, 2014-2016 jıllar aralıg`ında orınlandı.

Birinshi basqıshında sabaqların baqlap barıw, oqıtıwshılar, talabalar, oqıwshılar menen sa`wbet o`tkeriw, ilimiy dereklerden na`tiyjeli paydalanıw arqalı zamanago`y orta ha`m joqarı oqıw orınlarında oylaw reproduktivligi rawajlanıwının` ulıwma bag`darlanıwın anıqlawg`a hareket qılındı. Biz sınalıwshılardın` oylaw reproduktivligin qanday usıl, qurallar ja`rdemi menen rawajlandırıw imkaniyatı haqqında, olar berilgen qa`siyettin` mazmunın qanday usılda tu`siniwleri haqqındag`ı pikirlerin ulıwmalastırıw za`ru`r dep esapladıq. Oqıw protsessinde ba`seke, toparlıq analizler, psixolgiyalıq treningler qanday ahmiyetli bolıw mashqalası arnawlı ta`rizde izertlendi.

İzertlew jumısımızdın` ekinshi basqıshında anıqlawshı ta`jiriybelerde tan`lap alıng`an ob`ektlerde turli jastag`ı

Shaxslardın` reproduktiv pikirlew da`rejesi, olardın` kishi toparlardag`ı sotsiometriyalıq da`rejeleri ha`m onda iyelengen izleniwler alıp barıladı.

U`shinshi basqıshta rawajlandırıwshı ta`jiriybelerde tan`lag`an ob`ektlarde reproduktiv pikirlewdi rawajlandırıw boyınsha arnawlı psixologiyalıq shınıg`ıwlar menen isenimlerge tiykarlang`an pikir ju`ritiwge u`yretiw maqsetinde ta`jiriybe toparlarında fatsilatatsiyalıq ta`sirler ha`m sotsial psixologiyalıq treningler o`tkizildi. Rawajlandırıwshı ta`jiriybenin` tiykarg`ı wazıypası oqıwshılar ha`m talabalardın` biliw xızmetin basqarıw protsessinde reproduktiv pikirlewdin` rawajlanıw nızamlıqların anıqlawdan ibarat.

To`rtinshi basqıshta baqlaw ta`jiriybeleri o`tkizilip, tu`rli jastag`ı shaxslarda reproduktiv pikirlew da`rejeleri qa`nshelli da`rejede artqanlıg`ı, ishki xorlar iske tu`skenligi tekserildi. Sonın` menen birge izertlew na`tiyjeleri ulıwmlastırılg`an halda analiz qılındı, ilgeri su`rilgen gipotezalardın` durıslıg`ı da`liyllendi, alıng`an mag`lıwmatlardın` isenimlilik da`rejesi matematikalıq statistikalıq metodlar ja`rdeminde eaplap shıg`ıldı.

**İzertlew jumısının` teoriyalıq gipotezası**. İzertlew jumısımızda tiykarınan to`mendegi ideya ilgeri qoyıldı: jeke shaxs xızmeti basqa insanlardın` xızmeti menen baylanıslı. Shaxs o`zinin` maqsetin a`melge asırıwı, o`z ornın anıqlap alıwı shaxslar ara qarım-qatnastan tısqarıda ju`z beriwi mu`mkin emes. Sebebi, shaxstın`

o`z ornın anıqlap alıwı menen qarım-qatnastın` arasında quramalı o`z-ara bir-birine o`tiw jag`dayları ha`m olardın` dialektikalıq birligi shaxs rawajlanıw protsessin ha`reketlendiriwshi ku`shi ha`mde olardı a`melge asırıw mexanizmi esaplanadı. Basqa adamlardın` barlıg`ı ha`m olardın` fasilitatsiyası ob`ektiv muna`sebet sıpatında individual xızmet o`zgesheligine tikarınan onın` pikirlew usılı, pikir reproduktivligi, teren`ligi, logikalıg`ı ha`m reproduktivligine ta`sir ko`rsetedi.

Reproduktiv pikirlew oylawdın` izertlew predmetinen sırtqa shıqsa, da`slep individual, son` toparlıq, sotsiallıq a`hmiyetke iye boladı. Jamiyettin` sotsial za`ru`rligine aylang`an ayırmashılıqtı emes, al bir pu`tinlikti sa`wlelendiriwshi voqelik o`zinin` barlıq puqaraların, solardan, o`spirim ha`m o`spirimlerdin` reproduktiv pikir ju`ritiwinen g`alabalıq pikir ju`ritiwge u`zliksiz za`ru`rlik seziw motivatsiyası xam sezimin oyatıw, pikirinin` jekeden ulıwmalıqqa o`tiwin ta`miyinleydi. Egerde reproduktiv pikirlew oylaw sıpatın emes, al shaxstın` pazıyletin sa`wlelendirse, onday jag`dayda shaxs ham biologiyalıq ham sotsial sha`rtlengen qa`siyetlerinin` sub`ektine aylang`anınday, pikir ju`ritiw protsessindegi reproduktivlik sıpatı aste-aqırınlıq penen shaxs sıpatına o`sip o`tedi, sonday-aq, biliw protsessi shaxs pazıyleti sıpatında ju`zege keledi. Berilgen fenomenologiyalıq ha`diyse metodologiyalıq jaqtan analiz qılınsa, bul jag`day pikir bag`darının` jekeden ulıwmag`a ha`m sol ulıwmalıqtan jekege u`zliksiz ra`wishte o`tip turıw dialetikasın sa`wlelendiredi. Biliw protsessine baylanıslı mashqalanı sheshiw ko`nlikpelerinin` avtomatlasıwı motivatsiyalıq jaqtan a`hmiyetli bolsa, shaxs pazıyletin rawajlandıradı.

Bizin`she, reproduktiv pikirlew to`mendegi o`zgeshelikleri menen basqa pikir ju`ritiw pprotsesslerinen belgili bir da`rejede ajıralıp turadı. Mazmunı, a`hmiyeti, logikalıg`ı, ulıwmalıg`ı, dinamikligi, qamrawlıg`ı, belgisizge o`tiwge umtılıwshan`lıg`ı, sheshimde standartlaspag`anlıg`ı, jıynaqlılıg`ı, originallıg`ı, haqshıllıg`ı, izshilligi, basqıshpa- basqıshlıg`ı, durıs ha`m teris bag`darlang`anlıg`ı, u`zliksizligi h.t.b. Bul mashqala shaxs reproduktivligine aylansa, onda ol jag`dayda xızmet, minez-qulıq, qarım-qatnas ju`zege keliwi, rawajlanıwında

turaqlılıq, puxtalıq, o`zgeshelikleri birlesedi, uzliksizlik sıpat darejesine o`sip o`tedi, a`wmet, na`tiyje mexanizmi wazıypasın atqaradı.

Bizin` pikirimizshe reproduktiv pikirlew to`mendegi du`ziliske iye:

1. Mashqala a`hmiyetine kirisiw motivi.
2. Shaxsıy ahmiyet ko`rsetiwshi motivtin` ja`mleskenligi.
3. Mashqala sheshimin tabıw ushın aqılıy ha`m metodikalıq qurallar tan`law.
4. Saylang`an aqılıy ham metodikalıq qurallardı a`meliyatqa engiziw.
5. Sheshim usıllarına o`zgertiwler ha`m du`zetiwler kiritiw.
6. Sheshimnin` durıslıg`ın tekseriw ha`m bahalaw.
7. Pikirlewden qanaatlanıwdın` jeke mazmunının` a`hmiyetke iye ekenligi.
8. Jeke biliw jag`dayınan u`zliksiz o`zgeshelikke iye bolg`an shaxslıq sıpatına aylanıwı.

Joqarıdag`ı biz jaratqan reproduktiv pikirlewdin` modeli ierarxiyalıq strukturag`a iye bolıp, ko`z-qaras, tu`sinik, bilim, ko`nLikpe, pikir, isenim, motivatsiya, ustanovka ha`m joqarı sezimlerge tiykarlang`an halda a`melge asırıladı. Arnawlı islep shıg`ılg`an shınıg`ıwlar, testler, treningler ja`rdeminde o`spirim ham o`spirimlerdin` reproduktiv pikirlewine u`yretildi. Dasturiy o`zgeshelikli ta`jiriybeler dawamında biliw prpotsessine tiyisli reproduktivlik shaxs reproduktivligine aylanadı, aqır aqıbetinde xızmet, minez-qulıq, mashqala na`tiyjeliligin ta`miyinlewshi faktor funktsiyasın orınlay baslaydı.

İzertlew jumısının` **ilimiy-metodologiyalıq tiykarın** ilimiy psixologiyanın` tiykarg`ı printsiplerinen bolg`an sana ha`m xızmet birligi printsipi (A.N.Leont`ev, L.S.Vıgotskiy, B.G.Anan`ev), V.A.Petrovskiydin` shaxsqa bag`darlang`an didaktika printsipi, shet el psixologiyasının` sotsial oylaw haqındag`ı kontseptsiyaları (J.D`yui, E.Dyurkgeym, K.Levin)nin` shaxs ha`m onın` du`n`ya qarası, isenim Reproduktiv pikirlewdin` qa`liplesiwine sotsial ortalıqtın` ku`shli ta`siri haqqındag`ı, sonday-aq,“Ta`lim haqqında”g`ı Nızam ha`m “Kadrlar tayarlawdın` milliy da`stu`ri”, Prezidentimizdin` «Yuksak ma`naviyat-

engilmas kuch» shıg`armalarındag`ı tiykarg`ı tu`sinikleri ha`m basqa ma`mleketlik hu`jjetleri tiykar etip alıng`an.

***İzertlew jumısının` ilimiy jan`alıg`ı:***

İzertlewdin` maqset ha`m wazıypalarınan kelip shıqqan halda jaslardı reproduktiv pikirlewge uyretiwdin` sotsial-psixologiyalıq ha`m aqılıy faktorları arnawlı psixologiyalıq trening da`stu`ri tiykarında u`yrenildi.

***İzertlew jumısı na`tiyjelerinin` ja`riyalanıwı:***

İzertlew dawamında reproduktiv pikirlewdi rawajlandırıwshı psixologiyalıq treningler kompleksi NMPİ pedagogika fakul`teti pedagogika kolledjiin` 1-kurs oqıwshılarında sınawdan o`tkerildi. Trening shınıg`ıwların keleshekte a`piwayılastırıp o`spirimlik, kishi mektep jasındag`ı oqıwshılardın` reproduktiv pikirlewin rawajlandırıwda da qollanıw mu`mkin. Sonday-aq psixologiyanın` barlıq pa`nleri boyınsha oqıw mashg`ulatları ushın mag`lıwmatlar alıw imkaniyatı bar.

**Jumıstın` sınawdan o`tiliwi.** İzertlew jumısı 2014- 2016 oqıw jılları aralıg`ında a`melge asırıldı. Sonday-aq, onda qolg`a kiritilgen jan`alıqlar haqqında institutımızda ha`r jılı o`tkeriletug`ın ilimiy-teoriyalıq ha`m ilimiy-metodikalıq a`njumanlarda qatnasıw arkalı na`tiyjeler ja`riyalanıp barıldı. İzertlew na`tiyjeleri A`jiniyaz atındag`ı NMPİ «Pedagogika ha`m psixologiya» kafedrasında İlimiy metodikalıq seminarlarda talıqlang`an. İzertlew na`tiyjeleri institut ko`leminde baspadan shıg`arılg`an toplamlarda ja`riyalandı.

**Korg`awg`a usınıs etiletug`ın jag`daylar:**

- Joqarı oqıw orınlarında tiykarg`ı itibar zamanago`y bilimlerdi iyelewge qaratılg`anlıg`ı. Sonın` ushın talabalardın` ju`da` az bo`legi o`z pikirlerin biymalel ayta aladı.(shıg`arma natiyjeleri tiykarında)
- Reproduktiv pikirlew shaxstın` o`zgesheligi esaplanıp, ol shaxs ta`repinen bilimlerdi o`zlestiriwde ju`zege keletug`ın hu`kimlerdi shaxsıy pikirlewge jetkeriw uqıplılıg`ı esaplanadı.
- Shaxstın` o`zinin` pikirlerin bayan etiwi- akılıy xızmet ha`mde reproduktiv pikirlewdin` ku`shli faktorı esaplanadı.

***Magistrlik dissertatsiya jumısının` du`zilisi:***

Dissertatsiya kirisiw, eki bap, juwmaqlaw, usınıslar, a`debiyatlar dizimi ha`m qosımshalardan ibarat. İlimiy izertlew mazmunı – 98 бет jazba tekste bayan etilgen bolıp, onda – 6 tablitsa, - 5 gistogramma, - 51 atamadag`ı a`debiyatlar dizimi berilgen.

# I Bap. REPRODUKTİV PİKİRLEW ShAXS O`ZGEShELİGİ SIPATINDA

## 1.1.Shıg`ıs oyshıllarının` reproduktiv pikirlewdi rawajlandırıwshı faktorlar ha`m sha`rt-sha`rayatları haqqındag`ı u`gitleri

Shıg`ıs oyshıllarının` bay ruwxıy miyrasında shan`araq ha`m ja`miyette jaslardı reproduktiv pikirlewge u`yretiw, olardag`ı pikir ha`m du`n`yaqarastı ta`rbiyalawshı faktorlar haqqındag`ı qarasların ko`plep a`debiyatlar mısalında teoriyalıq jaqtan analiz qılıw sonnı ko`rsetedi, xalıq oylaw ta`rzindegi reproduktivlik elementleri a`sirlik u`rp-a`detlerge iye eken. Ma`selen, bizin` eramızdan aldın jaratılg`an «Avesto» da da sonday ideyalar bar, biz olardın` bu`gingi ku`nde de o`z aktuallıg`ın jog`altpag`anlıg`ın bilemiz.

Bizge belgili, «Avesto» zardushtiylik dininin` milliy muqaddes kitabı bolıp, onın` da`slepki betlerindegi Zardusht ta`repinen miloddan aldın`g`ı 548-529 jıllar aralıg`ında Amiwda`r`ya jag`alawında jaratılg`an. Qa`dimgi a`wladlarımız jaratqan «Avesto» du`n`yadag`ı en` da`slepki, jog`alıp baratırg`an bilimler g`a`ziynesi esaplanadı. Onda du`n`yadag`ı barlıq diniy, du`n`yalıq ta`biyiy pa`nler boyınsha teren` pikirler keltirilgen. Olardan «Avesto» da jaqsı pikir ta`rbiyastsı haqqında to`mendegi pikirler ushıraydı: «»Ta`rbiya o`mirdin` en` za`ru`r tiregi, tayanıshı bolıp esaplanıwı lazım. Ha`r bir jastı sonday ta`rbiyalaw kerek, ol da`slep jaqsı oqıwdı, son` jazıwdı uyreniwi menen joqarı bag`anag`a ko`terilsin». «Men jaqsı pikir, jaqsı so`z, jaqsı insang`a jaqsılıqtı bag`ıshlayman».

İnsanıylıq, aqıl ha`m iyman ma`selesi o`tmishtegi ata-babalarımız na`zerinen shette bolmag`anlıg`ın usı qa`dimgi shıg`arma da ko`rsetip tur. To`mendegi qatarda da aqıl ha`m pikirlewdin` shaxstag`ı joqarı sezimler menen- iyman-isenimler menen baylanıslı ekenligi anıq ko`rsetilgen:

Aqıllı ha`m iymanlı kimselerge

Bag`ıshlayman shadlıq, shıdamlı ruwxıyat

İsenmen, Mitraman

Mudam sabaq bermekshimen.,

İyman menen pikir aylasın,

İyman menen so`zler so`ylesin,

Ha`m iymang`a a`mel qılsın.

Solay etip kitap «Avesto» da insanlardın` jaqsı pikirli bolıu`ı, insanlardın` bir-birine mexriban, aqıl-tatıw jasawı haqqındag`ı pikirleri bayan etilgen.

Shıg`ıstın` ullı oyshılları ha`m pikir iyeleri Moturudiy, Farabiy, Beruniy, İbn Sino, Nawayı, Umar Xayyam, Fitrat, Avloniy, Ajiniyaz, Berdaq ha`m basqalar o`zlerinin` en` bay shıg`armalarında aqıl, oylaw haqqındag`ı pikirlerin bildirgen.

Moturidiy (870-944) moturidiylik mektebinin` tiykarın salıwshısı. Onın` tiykarg`ı izertlew jumısı bolg`an «Kito bat-tavxid» («Jeke qudaylıq haqqındag`ı kitap») tın` kalom ilimi ta`riypi berilgen kirisiwinde bilimde u`sh dere: emotsional qabıl ete biliw, aqılıy oylaw, insan isenilm dereklerden alıwı mu`mkin bolg`an da`stu`riy axborotlardın` bar ekenligi haqqında aytıp o`tiledi. Al Moturidiy kontseptsiyasının` a`hmiyeti haqqında aytadı. Moturudiy shıg`armalarında analiz qılıng`an norma teoriyası yaki ideyası oylawg`a da baylanıslı bolıp, ol dinnin` tiykarg`ı qag`ıydaların analiz etkende, en` da`slep, aqıldın` teren`, Reproduktiv bolıwı kerekligin, sonday aqıl g`ana insang`a Alanı, du`n`yanı, na`rse ha`m ha`diyselerdin` a`hmiyetin durıs tu`siniwge u`yretiwin ayrıqsha atap o`tken. /66/

Ullı alım Abu Nasır Farabiy (873-950) akıl arqalı, oylawdın` ja`rdeminde bilim alıwdın` o`zine ta`n o`zgesheliklerin anıqlawg`a ha`reket qılg`an. Onın` shıg`armalarında oylaw abstraktlıqqa, ulıwmalastırıwg`a, yag`nıy seziw ag`zaları arqalı biliw protsessleri o`zgesheliklerine iye, dep tu`siniledi. Farabiy ta`liymatına go`re, oylaw arqalı insan materiyanın` seziwlerine belgisiz bolg`an ta`replerin , ulıwma nızamların, a`hmiyetin biledi, ma`deniyat, pa`n sistemasındag`ı bilimlerge iye boladı.

Farabiy aqıldı insang`a g`ana ta`n bolg`an ku`sh, ol insandag`ı barlıq ku`shler u`stinen u`stemlik etedi, olardı basqarıwshı ku`sh dep esaplaydı.

Onın` pikirinshe, aqıl ku`shinin` en` tiykarg`ı wazıypalarınan biri logikalıq operatsiyaların orınlawı bolıp tabıladı. Bul wazıypa aqıl ku`shine kiriwshi

Reproduktiv «quvvai fikriya» insan logikalıq pikirlew prtsessi ta`repinen a`melge asırıladı, son`ınan juwmaqlar shıg`arıw mnen juwmaqlanadı. Farabiy «Aqıl haqqında»g`ı shıgarmasında o`zinde 12 qa`siyetti birlestirgen Adam g`ana aqıllı Adam, boladı, deydi. «Olardan besinshisi- so`zler anıq bolsın, pikirin ha`m aytpaqshı bolg`an pikirlerin anıq anıq bayan ete alsın»- sıyaqlı qa`siyetler esaplanadı. Bul pikirler ullı babalarımız ha`m shaxstın` Reproduktiv pikirlewi – onın` za`ru`r pazıyleti ekenligin da`liylegeniligin ko`rsetedi.

Solay etip, Frabiydin` pikir ju`ritiw, oylaw o`zgeshelikleri haqqındag`ı pikirleri ha`zirgi da`wirge shekem o`z a`hmiyetin saqlag`an.

Abu Rayxan Beruniy (973-1048) ta`lim-ta`rbiya ma`selelerine teren` qızıqqan oyshıllardan biri esaplanadı. Ol bilimlerdi tan`law quralları haqqında haqıyqatqa erisiw, pa`nlerdi u`yreniw, turmıs penen tıg`ız baylanıslı ekenligin, pa`nler araında baylanıs bar ekenligin , estetika ha`m etika, ta`lim –ta`rbiya usılı haqqındag`ı aldın`g`ı pikirlerin ilgeri su`rgen.

Beruniydin` pikirinshe, insan biliw, tu`siniw, pikirlew, analiz qılıw, oylap tabıw sıyaqlı talantqa iye. İnsan oylawının` qu`direti sonda, onın` ja`rdeminde waqıch ham ha`diyselerdi bir-birine salıstırıw, analiz qılıw arqalı rasıtı o`tirikten, a`dalatlıqtı-a`dalatsızlıqtan, jaqsılıqtı jamanlıqtan, haqıyqattı – nahaqlıqtan ajıratıw mu`mkinligi haqqında ta`lim beredi. Beruniy bul na`rse ha`r qanday pa`nnin` rawajlanıwına unamlı ta`sirin ko`rsetiwin da`liylleydi. Ol biliw lazım bolg`an ha`diyse ha`m waqıyanı madalap bo`lip-bo`lip u`yreniw, oylawdag`ı analiz qılıw operatsiyasın ilgeri su`redi.

Abu Ali İbn Sino (980-1037) o`zinin` psixologiyalıq qarasların «Tayr» (Qus), «Xayy ibn Yaqzon» (Oyaw ulı tiri) sıyaqlı shıg`armalarında sa`wlelep beredi. Ol «Hayy ibn Yaqzon» shıg`armasında insan minez-qulqının` ta`biyatın, a`hmiyetin teren`irek tu`siniw ushın ilimiy logikanı biliwge umtıladı. Sebebi, bul ilim insannın` diydin o`siredi, pikir shen`berin ken`eytedi. İbn Sino bul haqqında sonday deydi: «Parasat iliminin` paydası naqıl ilimlerinen esaplanadı. Bul ilimdi bilip alsan`, ol sag`an adamlardın` pinhanıy minez-qulqın bildiredi. Parasat iliminen kewlin` tolsa, ju`da` o`tkir bolıp ketesen`» (40)

Aqıl-ilimnin` ma`kanı, muqaddes jay, bunın` ma`nisi haqıyqıy pa`n, yag`nıy aqılda jalg`anlıq, pa`slik, jamanlıq sıyaklılar bolmawı kerek.

İbn Sinanın` ta`lim-ta`rbiyalıq qarasları joqarı insanıylıq printsiplerine, ullı nsanparvarlıq pikirlerine su`yenr edi. Sonın` ushın da onın` ilimiy shıgarmalarında insan obrazı oraylıq orında turadı. İbn Stna pedagogikag`a ta`n shıg`armalarında ilim, pa`n, o`ner, ta`lim, bilim hakqında aytar eken, insan o`mirinin` jaqsılanıwına insan o`mirinin` mazmunlı, ruwxıy-aqılıy jaqtan mazmunlı bolıwın ko`zde tutadı. Demek, bir shaxstın` jaqsı pikirlewi ham og`an baylanıslı jaqsı pazıyletleri tek g`ana onın` o`zine, ba`lki onı orap turg`an o`zge shaxslarg`a da baylanıslı eken. Sonda g`ana onın` insanıy kamalatı ta`miyinlenedi. Bul pikirler bizler ushın ha`m u`lgi ha`m ilimiy juwmaq ushın derek esaplanadı.

Omar Xayyam shıgarmalarında (1048-1123) oqıushılardın` bilimlerine bola, teren` ha`m sanalı ra`wishte o`zlestiriliwleri, ko`nlikpe ha`m sheberliklerin iyelewleri ha`mde olardı Reproduktiv bilim sheberliklerin iyelewleri ha`mde olardı Reproduktiv bilimin o`zlestiriwge tayarlaw jolları haqqında bir qansha pikirlerin Bergen. (13) Omar Xayyamnın` aytıp o`tiwinshe, oqıwshılar bilimlerin tek oqıtıwshı Bergen mag`lıwmatları ha`m kitap oqıw menen g`ana emes, al turmıslıq ha`diyselerdi Reproduktiv u`yreniw, talıqlaw protsessinde, ko`nlikpe ham sheberliklerdi a`meliyatta, a`sirese bir hareket ha`m a`mellerdi, birneshe reet ta`kirarlaw arqalı tu`rli operatsiyalardı ham usı sıqlı n`atiyjesinde iyelep aladı. Juwmaqlap aytqanda, ta`limde ha`r qıylı metodlardan paydalanıwdı usınıs etedi.

Amir Temur (1336-1405) Tu`rkistan zaminin o`nermentshilik, ilim-
pa`n ha`m ma`deniyatı rawajlang`an ma`leketke aylandırıwda u`lken u`les qosqan ullı ma`leket a`rbabı. Amir Temur aqıl-oy, iyman, isenim, ta`lim-ta`rbiyada Ozi de joqarı na`tiyjege erisken oyshıllardan esaplanadı. Ol:-ha`r kimnen ken`es aldım, ha`r kimnen pikir aldım, qaysı biri paydalıraq, bolsa, onı kewil g`a`ziynesinde saqlap, qollana bildim» - dep jazadı. Bunın` menen Saqıpqaran ha`mme bir-biri menen qarım-qatnasta bolsın, qarım-katnas waqtında insanlar bir-biri menen o`z ara pikir almasıwı ha`m za`ru`r pikirdi kerekli jerde isletiwi mu`mkinligin aytıp o`tedi. Usı ullı sarkarda bizge qaldırg`an miyrası-ken`esiw, ba`sa`kelesip, pikir

ju`ritiw, pikir almasıw shınıg`ıwları ham pikir ta`rbiyasının` tiykarı bolıp, bizin`she, g`a`rezsiz pikirlew ha`m logikalıq tuwrı qararlar shıg`arıwdın` faktorı.

Alisher Nawayı (1441-1501) tu`rk xalıq ma`denm du`n`yasın bayıtıwda, ja`ha`n ma`deniyatın jetilistiriwde ullı xızmet ko`rsetken oyshıl. Nawayı do`retiwshiligi teren` bir ten`izdin` o`zi, bul ten`izge xalıq o`miri tu`rli jaqlardan ag`ıp keledi, u`lken da`r`yalarg`a aylanıp ja`ne xalıqtın` o`zine qaytadı. Xalıq o`miri, insan shaxsının` birde-bir o`zgesheligi joq, ol ullı alım dıqqattın o`zine tartpag`an bolsa, usı sıyaqlı insan oylawı haqqında da «Farxod va shirin» da`stanında usılay jazadı;

«Har ishki qilmish odamizod,

Tafakkur birla bilmish odamizod».(68)

Solay etip, Alisher Nawayı insan oylawının` ullı qudiretke iye ekenligin aytıp o`tedi. Onın` «aqıllı» ha`m «aqılsız» adamlar haqqında bergen pikirleri itibarg`a ılayıq. Ullı babamız Alisher Nawayı miynetlerinde bul tu`sinikti 27 orında isletip, onın` 27 da`rejesi ha`m 27 sıpatı pikir ju`ritken. Tiykarınan tu`rli-tu`rli aqıl sıpatları to`mendegishe aytıp o`tilgen; aqıl tetik an` iyeleri; aqıl wabası- aqıl epilepsiyası, itibar qaratıwı, aqıl tolqını, aqıl-diyxanı an`lı tu`sinik, ba`seke, ta`jriybeli an`lı kisi; aqıl-oyı, qabıl etiwi, aqıl kriteriyası, aqıl o`lshemi, aqıl qa`niygeleri- danıshpanlar, alımlar, bilimdanlar, aqıl aldında an`lı tu`sinik boyınsha, aqılıy, aqıl piri ullı oy iyesi, ustazı-parasatlı kisiler, aqıl zergeri, aqıl bahalawshısı, aqıl qırmanı- aqıldın` birligi, aqıl-ku`shi, aqıl esigi- aqıl jolı, aqıl otı, aqıl qusı-bug`an ta`riyp za`ru`r emes, aqıl esabı-an` shegarası, aqıldan biygana- jili, aqılı zayıl- aqılı ketken kisiler, aqılı ko`l, ma`sla`ha`t ko`rsetiwshi aqıl, tuwrı pikir ha`m tuwrı jol jollawshı aqıl, aqılı bekkem ekilenbeytug`ın aqıl, qatan` pikirli adam, aqılı az- aqlınan adasıw, aqılı salaq, o`jet, qaysar, bas tartıwshı aqıl, aqılı qara- zulım etiwshi, ja`bir jetkeriwshi, aqlı igayst- tek o`zin oylawshı shaxs ha`m tag`ı basqa.

Solay etip, oyshıllar aqıldın` mine usınday ra`n` –ba`ren` ta`replerin ajıratıp, olardın` tiykarında ulıwma eki da`rejeli aqıl iyeleri bolıwı mu`mkinligi haqqında juwmaqka keliw mu`mkin.

Ullı oyshıllardın` na`zerinde de hakıyqıy aqıl iyeleri pikir-oyları menen birewlerge zıyan jetkizbeydi, al kerisinshe olardan da o`zgelerge ma`pi bar boladı.

Abdulla a`vloniy (1878-1934) «Pikir ta`rbiyası dep jazadı Avloniy «Tu`rkiy gu`liston yoqud aqıl» -shıg`armasında en` kereklisi, ko`p zamanlardan berli ta`g`dir qılınıpkelgen avtorlardın` dıqqatlarına su`yengen, hu`jdanlarına ju`klengen wazıypa esaplanadı. Pikir insandı sharapatlı, g`ayratlı bolıwına sebep boladı. (5) Sebebi: pikirdin` ku`shi, ziyneti ken`ligi avtorg`a da baylanıslı. Ta`biyiy balanın` pikirlew qu`direti ta`rbiyashının` o`zinin` pikirlew ha`m umtılıw shen`beri, da`rejesimenen de baylanıslı. Avloniy balanın` pikirin o`siriw ma`selesine ayrıqsha itibar menen qaraydı, og`an ayrıqsha bap ajıratıp da`liyllep ko`rsetedi.

«Pikir eger jaqsı ta`rbiya tapsa,
Qılısh almastan da bolar o`tkir.
Pikirdin` aynasın tat basa,
Ruwxı ra`wshan, zamir bolar nursız».

Pikirlew ziyrekligin iyelew,a`hmiyetli pikirlerge qaray umtılıw demek. Solay eken, aqıllı adamnın` aqılsız bolıwı qıyın.Avloniy bul tusiniklerdi jaqın birlikte ko`redi.Abdulla Avloniydin` pikirinshe, slamat pikir, jaqsı aqıl, ilimge iye bolıwı ushın deneni ta`rbiya qılıw kerek: «Dene ta`rbiyasının` pikir ta`rbiyasına da ja`rdemi bar. Jınısı ruwx ekewi bir shopannın` on` terisi sıyaqlı dur» deydi. Raximjan Usmanov (1914-1992) alım, milliy pedagogika g`a`ziynesin bayıtqan danıshpan insan. Ol «Saodatnama» shıg`armasında oqıtıwshılarg`a ta`n pazıyletlerdi sheberlik penen ko`rsetip beredi. Jas a`wladta reproduktivlik ham sho`lkemlestiriwshilik jetsipes eken, bul bizin` ta`rbishılıq sheberligimizdin` joq ekenliginen derek beredi. «Haqıyqıy ta`rbiyashı lektsiya protsessinde talabalardı o`zi menen birge pikirlewge u`yretedi, sheberligi to`men ta`rbiyashının` lektsiyasında tın`lau`shının` su`wreti otıradı, qıyalı du`n`yanı gezedi»R.Usmanov o`z shıgarmalarnda oqıwshılarda talabalarda Reproduktiv pikirlewdi ta`rbiyalawda oqıtıwshının` roli sheksiz ekenligin aytıp o`tedi.

Solay etip, Shıg`ıs oyshılları oylaw, pikirlew haqqında o`zlerinin` a`jayıppikirlerin bildirip o`tken.

### 1.2.Reproduktiv pikirlew ma`mleket siyasatı sıpatında

Ma`mleketimiz basshısı Oliy Majlis IX sessiyasında shıg`ıp so`ylegen so`zinde- «Barkamol avlod –Wzbekiston taraqqiyotining poydevori» atamasındag`ı tariyxıy shıg`armasında oqıtıwshılardın` tiykarg`ı wazıypası oqıwshılarda erkin pikirlew ko`nlikpelerin payda etiwden ibarat ekenligin, bilim na`tiyjeli bolıwı ushın balalar erkin pikirlewdi u`yreniw za`ru`r ekenliklerin aytıp o`tedi.

Prezidentimiz jaslarda erkin pikirdi ta`rbiyalaw za`ru`rligine toqtap o`ter eken, bılay deydi: «Biz jaslarımızdı erkin pikirlewge kerekli da`rejede u`yrete almadıq. Mektepti pitkerip shıqqan ayırım jaslarımızdın` erkin pikiri joq. Erkin pikirge iye bolmag`an adam bolsa ha`r qanday alamang`a qosılıp kete beredi. Ma`selenin` en` tiykarg`ı ta`repi mine usıda. Balalar qaysı klasstan baslap erkin pikir ju`rite baslaydı, ulıwma, mekteplerde balalar erkin pikir ju`rgiziwge u`yretiledi me, isenimim ka`mil u`yretilmeydi» [2]. «Eger balalar erkin pikirlewge u`yrenbese, berilgen ta`limnin` na`tiyjesi to`men bolıwı anıq. Albette bilim o`z jolına. Erkin pikirlew de u`lken baylıq». Bul pikirler ta`lim-ta`rbiya protsessinde oqıtıwshı menen oqıwshı birge islesiw xızmetinde jasardın` pikiri, so`ylewi, du`n`ya qarasının` o`siwi, usı ma`niste, oylawdı rawajlandırıwda oqıtıwshının` juwapkershiligin aytıp o`tiwdi o`zinde ja`mleydi.

Demek oqıtıwshının` tiykarg`ı wazıypası oqıwshılarda, talaba jaslarda erkin pikir ju`ritiw ko`nlikpelerin payda etiw, rawajlandırıwdan ibarat bolıp, bul protsess tiykarınan psixologiyalıq faktorlar ta`sirinen, ken` sotsiallıq mu`na`sebetler sistemasının` na`tiyjesi esaplang`an oqıtıwshı ha`m oqıwshı shaxsının` pazıyletlerinen, bir-birlerine jetkiziwi mu`mkin bolg`an psixologiyalıq ta`sirinen baslanıwın bildiredi.

Prezidentimiz o`zinin` « Wzbekiston XXI asr bwsag`asida: xavfsizlikka tahdid, barqarorlik shartlari va taraqqiyot kafolatlari: atlı fundamental shıg`armasında jurtımızda erkin, demokratiyalıq puqaralıq ja`miyetti qurıw sha`rt-sha`rayatları ha`m onın` kepillikleri sıpatında da jaslarımızdın` pikirlew ta`rizlerin o`zgertiwdin` a`hmiyetine ayrıqsha itibarın qaratqan. Bul protsesstin` na`tiyjesi tek

g`ana jaratılatug`ın jan`a a`wlad da`stu`rleri ha`m sabaqlıqları, oqıw qollanbalarına, ba`lki bilimdi jetkerip beriwshi, mag`lıwmatlar iyesi bolg`an oqıtıwshı shaxsına ha`m ekinshi ta`repten onı o`zlestiriwshi bala shaxsının` erkinligi ha`m oylaw ta`rzine baylanıslı. [4]. İ.Karimovtın` «Tafakkur» jurnalı bas redaktorı ta`repinen berilgen sorawlarına bergen juwapları tiykarında bayan etilgen «Jamiyatimiz mafkurasi xalqni-xalq, millatni-millat qilishga xizmat etsin» atlı interv`yusinde de shaxs erkin pikirge iye bolmasa ha`r qıylı illetlerge beriliwin aytıp o`tedi.

Sonday-aq ta`lim-ta`rbiya sistemasın o`zgertiw haqqında to`mendegi pikirlerdi bildiredi: «ta`lim-ta`rbiya sananın` o`nimi, biraq sana da`rejesi ha`m onın` o`nimin belgileytug`ın faktor esaplanadı. Ta`lim-ta`rbiya protsessin o`zgertpesten turıp sananı o`zgertip bolmaydı. Sananı, oylawdı o`zgertpey turıp, biz go`zlegen maqsetimizge-azat ha`m abat ja`miyetti du`zip bolmaydı». Usı maqsetlerimizdin` a`melge asıwının` na`tiyjesi bolg`an jaslardı jan`asha pikirlewshiler, o`z «Meni» ko`z qarasınan sotsial mashqalanı durıs sho`lkemlestire alatug`ın insanlar dep aytıwımız mu`mkin.

Jurtbasshımızdın` joqarıdag`ı pikirleri ta`rbiyashılar aldına ka`mil shaxs ta`rbiyası tiykarınan qanday shaxsıy kriteriyalar tiykarında sho`lkemlestiriliwin tu`sindirip o`tedi. Sonnan kelip shıg`ıp, İ.A.Karimov erkin pikirlewshi ka`mil insan ta`rbiyasına ayrıqsha itibardı qaratadı.: «Biz ka`mil insan ta`rbiyasın ma`mleket siyasatının` aldın`g`ı tarawı dep ja`riyalag`anbız. Ka`mil insan degende, biz, da`slep sanası joqarı, erkin pikirley alatug`ın, minez-qulqı menen basqalarg`a u`lgi bola alatug`ın bilimli adamlardı tu`sinemiz». Bilimli shaxsta bolsa onın` «Men» in ko`rsetiwshi, ondag`ı pikirlerdin` sotsial ma`npa`a`tlerine baylanıslı ekenligin ta`miyinlewshi erkin ha`m erkin pikir bolıwı lazım.

Sonın` ushın da bul ma`selege ulıwma ma`mleket ma`npa`a`tine baylanıslı ma`sele sıpatında qaraladı, qabıl etilgen qatar qararlar, nızamlar, jurbasshımızdın` shıg`arg`an pa`rmanları da bunnan da`liyl beredi.

Solay etip, elimiz, xalqımız qolg`a kirgizgen g`a`rezsizlik jan`asha jasawdı, jan`asha pikirlewdi, o`mirde ha`r bir puqaradan o`zine jarasa mu`na`sip orındı iyelewin, jan`a ideya tiykarında jan`asha ruwxıylıqtı talap etedi.

Juwmaqlap aytqanda, ma`mleketimiz basshısı İ.Karimov jaslarda erkin pikirlewdi qa`liplestiriw faktorları ha`m sha`rt-sha`rayatları haqqında o`zinin` bahalı pikirlerin bildiredi.

Usı mu`na`sebet penen jurtbasshımız oqıw protsessin jaqsı jolg`a qoyıw mashqalasına da toqtaladı: «İslep shıg`arılıp atırg`an sistemada erkin pikirlew uqıplılıg`ın ta`rbiyalawda oqıtıwshı menen oqıwshı mu`na`sebetin tu`pten o`zgertiw, yag`nıy oqıw protsessin» jaqsı jolg`a qoyıw ma`selesi de za`ru`r esaplanadı. Bul ma`sele qalay sheshiledi? Ko`terilgen ma`selenin` na`zik ta`repleri ko`p. Sebebi, bul tuwrıdan-tuwrı jaslarımızdın` oylawına, sanasına, ruwxıyatına ta`sir etiw menen a`melge asırıladı. Bul bolsa, o`z na`wbetinde jan`a pedagogikalıq texnologiyalardı qollanıwdı talap etedi. Ma`selen, oqıwshı qaysı oqıw pa`nin unatıwı, jaqsı teren` o`zlestiriwi ha`m usı tiykarda erkin pikirlew uqıplılıg`ına da erisiw mu`mkin. Bul do`retiwshilik ortalıq payda bolg`anda, oqıtıwshı menen oqıwshı arasında o`z-ara bir-birine bolg`an hu`rmet, isenim ha`m o`z-ara shaxs sıpatında ta`n alıw sezimi payda bolg`anda g`ana payda boladı. Bul sabaq o`tiw protsessinde ba`seke, sa`wbetler sıyaqlı usıllardan pa ydalanıw arqalı a`melge asırıladı. Demek, jurtbasshımız pedagog ha`m psixologlar aldına jan`a, erkin pikirlewdin` komples faktorların, yag`nıy psixologiyalıq fenomenologiyasın jaratıw, u`yreniw, analiz qılıw, a`meliy usınıslar beriw wazıypasın qoymaqta. Jan`asha pikirlew erkin pikirlewde shaxstın` ustanovkaları, pikirlew du`n`yası birlemshi za`ru`r bolg`anı sebepli de biz izertlewimizde psixologiyalıq faktorlardın` rolin ayrıqsha o`z aldına u`yrenemiz, bunda jurtbasshımızdın` da`stu`riy pikirleri metodologiyalıq tiykar rolin atqaradı.

Juwmaqlap aytqanda, ma`mleketimiz basshısı İslam Karimov jaslarda erkin pikirlewdi qa`liplestiriw faktorları ha`m sha`rt-sha`rayatları haqqında o`zinin` qımbatlı pikirlerin bildiredi.

## 1.3. O`spirimlik da`wirinde shaxstın` rawajlanıwı.

O`spirimlik da`wiri «kamalat bosag`ası» dep aytıladı. Bul kamalat basqıshı fiziologiyalıq, psixologiyalıq ha`m sotsial shegaralardı o`z ishine aladı. Psixologiya pa`ni o`spirimlik ma`selelerin kompleksli u`yreniwdi talap etedi.

Bul ju`da` qıyın ma`sele, sebebi psixofiziologiyalıq jetilisiw tezligi menen onın` basqıshları sotsiallıq jaqtan rawajlanıw waqtı menen ba`rqulla tuwrı kele bermeydi. Akseleratsiya na`tiyjesinde bu`gingi balalardın` jetilisiwi burıng`ı a`wladlarg`a qarag`anda 2-3 jıl burın jetilispekte. Fiziologlar bul protsessti 2-da`rejeli jınısıy belgilerdin` payda bolıwına qaray 3 basqıshqa ajıratadı.

I-basqısh - prepubertat.

II-basqısh – pubertat.

III-basqısh – pospubertat.

Jaslardın` psixologiyası o`spirimliktin` jasın I-II basqıshlar menen baylanıstırıp keledi. Akseleratsiya mu`na`sibeti menen o`spirimlik jasının` shegarası endi 15-16 jastan 18 jasqa shekem bolmaqta. Demek, o`spirimlikten aldın baslanadı. Biraq bul jetilisiw da`wirinin` konkret ma`nisi birinshi na`wbette sotsiallıq sha`rayatlar menen belgilenedi. Jaslardın` ja`miyette tutqan ornı olardın` da`rejesi olar iyeleytug`ın bilimlerdin` ko`lemi ha`m bir qatar basqa faktorlar sotsiallıq sha`rayatlarg`a baylanıslı.

Da`slepki o`spirimlik da`wirinin` ekinshi o`tiw da`wiri dep esaplaw mu`mkin. Eger birinshi o`tiw da`wirindegi ko`birek balalıqqa jaqın bolg`an ekinshi o`tiw da`wirinde bolg`an o`spirim jaslıq da`wirge jaqınıraq ha`m sol ta`repten u`yreniledi. Da`slepki o`spirim jası a`sirese onda g`a`rezsiz o`mirdin` baslanıwı menen (orta mektepti tamamlap, litsey, kolledjlerge kiriwi) xarakterlenedi. O`mirdegi bul o`zgerisler da`slep o`spirim shaxsqa o`zin an`lawg`a ta`sir ko`rsetedi, o`spirimlerden parqı da`slep o`spirimler u`lken o`mirdi ko`z aldına keltirmeydi, al onda qatnasadı. Onın` g`a`rezsizligi artıwı menen bir qatarda u`lkenlerdin` og`an mu`na`sibetleri de o`zgeredi. U`lkenler o`spirimge ko`birek bala dep qarasa da`slepki o`spirimler o`mirde o`z ornın tabıwg`a umtılıwın

an`lag`an jag`dayda boladı. Ol o`z o`mir rejelerin a`melge asırıw ushın ha`reket ete baslaydı ha`m belgili bir ka`sipti iyeley baslaydı yag`nıy usı taraw boyınsha akademiyalıq litseylerde oqıwdı dawam etedi. O`spirimler tan`lag`an tarawları yag`nıy ka`siplerinde ju`da` u`lken jan`alıqlar arttırg`ısı keledi, biraq a`ste-aqırınlıq penen jan`alıq etiwi ushın olarda bilim ha`m ta`jriybe jetispey atırg`anlıg`ı bunın` ushın ko`birek oqıw ha`m u`yreniw kerekligin an`lay baslaydı.(13)

O`spirimler (16-18 jasta) o`zlerinin` psixologiyalıq o`zgeshelikleri menen basqa jas da`wirdegi balalardan ajıralıp turadı. Fizikalıq ha`m aqıl jag`ınan jetilisken, kamalatqa erisken ko`z-qarası, o`zin-o`zi basqarıwı sıyaqlı insanıylıq o`zgeshelikleri ta`rtiplesken boladı. Olar awır mu`na`sibette de boladı, u`lken jastag`ılarg`a hu`rmet penen qaraydı. Olar uzaqtı go`zleytug`ın keleshek ushın qayg`ıratug`ın ata-analardın` jaqın ja`rdemshisine aylanadı. Oqıw xızmeti o`spirimnin` tiykarg`ı xızmeti bolıp qala beredi. Oqıwg`a o`spirim jasına qarag`anda o`spirimlikte bir qansha jaqınıraq boladı. G`a`rezsiz o`mirge tayarlıg`ın o`zin-o`zi an`lawı menen motivler bul da`wirde jetekshi orındı iyeleydi. Motivler basqarıwında ja`miyettin` tolıq ag`zası bolıwg`a umtılıwı insanlarg`a zıyan keltiriw sıyaqlı sotsiallıq motivler u`stemlik etedi. Bul da`wirde o`spirimlerdin` kelesi o`miri ha`m tan`lag`an ka`sip rejelerine qaray pa`nlerge qızıg`ıwshılıg`ı o`zgeredi, o`spirimlerdin` pa`nlerge ha`m usı pa`n mug`allimlerine mu`na`sibeti o`zgeredi. O`spirimlik da`wirinde o`zi tan`lag`an maqsetlerine erisiwge tiykarlang`an motivler birinshi orıng`a ko`teriledi. O`spirimler o`zlerinin` oqıwg`a bolg`an mu`na`sibetleri ha`m olardın` oqıw u`yreniwge iytermelewshi sebeplerdi jaqsı an`laydı. O`spirimlik jasında bastan keshiretug`ın oylarının` baylıg`ı, tu`rli-tu`rliligi menen o`mirdin` tu`rli ta`replerine emotsional qatnasta bolıwı menen ajıralıp turadı. Aqıl ha`m sotsiallıq-siyasiy tu`rlerinin` rawajlanıwı menen xarakterlenedi. Olar a`dette aqıl talaplar menen o`z-ara tuwrı mu`na`sibette boladı. Bastan keshirgen oyları an`lap jetiw sezimleri de rawajlanadı. O`spirimlik jasında oqıwshılarda ortaqlıq oyının` rawajlanıwı menen xarakterlenedi. Rossiya psixologları İ.V.Straxov penen A.L.Shnirmannın` ta`riyplewinshe o`spirimlik jasındag`ı doslıq o`spirimlik doslıqtan bazı bir o`zgeshelikleri menen parıqlanadı.

1. O`spirimlerde doslıq motivleri ju`da` teren`irek boladı. Bularda a`shkaralıq, o`z-ara isenim, talapshan`lıq, sadıqlıq birgelikte ba`rqulla ja`rdem ko`rsetiw kemshiliklerin tallaw, dostına ja`rdem beriw, o`z-ara hu`rmet, bir-birin tu`siniw ha`m t.b.

2. Doslıq oyları ju`da` mazmunlı bolıp, qızıg`ıwshılıqlar xızmetinin` ken` da`rejesin o`z ishine aladı.

3. Doslıq emotsional bolıp, dostının` keshirip otırg`an oylarına juwap bere alıw qa`biletine iye boladı. O`spirimlik jasındag`ı doslıq ko`binese o`mir boyı dawam etedi. Doslıq qatnasları ja`miyette ja`rdem beredi, onın` o`mirdegi xızmetin asıradı. Qasında dostının` barlıg`ın seziwi o`zi qıyınshılıqlardı jen`iwge ja`rdem beredi. O`spirimler doslıq, emotsional saplıg`ı sıyaqlı sezimlerin birinshi orıng`a qoyadı. Doslar bir-biri menen ju`reklerin bosatadı. Doslarg`a sadıqlıq meyirbanlıq shaxstın` reflektivlik da`rejesine ha`m onın` emotsional o`mir o`zgesheliklerine baylanıslı. O`spirim ha`mme waqıt rasgo`y, sadıq bolıwdı qa`leydi.

O`spirimlik jasında ayrıqsha bir oyı – muxabbatı payda boladı. Bul mektep oqıwshılarının` emotsmonal o`mirde ayrıqsha bir jag`day bolıp esaplanadı. O`spirimlik muxabbatı sap, taza, tu`rli-tu`rli kemshiliklerge bay, mu`la`yım, oylarg`a beriliw ha`m sadıqlıq belgilerine iye boladı. Ul balalar ha`m qız balalardın` muxabbattı bastan keshiriwde bir-birin hu`rmet etiw, doslıq o`z-ara ja`rdem bir-birin tu`siniw o`zgeshelikler xarakterli bolıp, olar bir-birindegi joqarı ruwxıy sıpatlardı qa`dirleydi. Ul ha`m qız balalar ortasındag`ı qarım-qatnaslar o`spirimlik jasında rawajlang`an boladı. Doslarına qarım-qatnası ken`eyedi. A`sirese qızlarda aralas doslıq sezimleri ken`eyedi. Balalarg`a ta`n 16-17 jaslarda birinshi za`ru`r ha`m jaqsı sezimleri ko`rine baslaydı. Eki jınıs ortasındag`ı o`z-ara qatnas ma`selesi tiykarg`ı mashqalalarınan biri bolıp esaplanadı. O`spirimlerde jaqsı ko`riw sezimi bir qansha jag`daylarg`a baylanıslı.

Birinshiden – jınısıy jetiliw, ekinshiden – isenetug`ın, su`yenetug`ın ha`m ha`r qanday na`zik ma`seleler boyınsha so`ylesiw mu`mkin bolg`an dosqa sezimi, u`shinshiden – bul ta`biyiy insanıy sezim esaplanıp insan ko`binese o`zin jalg`ız seziwi ku`shli emotsional baylanısqa umtıladı. İzertlewshilerdin` boljawınsha

bunday sezimnin` ku`sheygen tu`ri birinshi ret da`slepki o`spirimlik da`wirinde ju`zege keledi. Da`slep o`spirimler jalg`ız bolıwdı qa`lemegenligi sebepli o`zleri jaqsı o`z-ara jaqın mu`na`sibette, bir-biri menen intim qatnastı izleydi. Bazı bir o`spirimler bir oylarına sonshelli berilip, basqa na`rseler haqqında ulıwma umıtıp qoyadı. Bul da`wirde o`spirimlerde jaqsı ko`riw mu`mkin bolg`an qız yaki ul ideal payda boladı dep ko`p jıllar dawamında bul ideal saqlanıp turadı. O`spirimler oyındag`ı ideal birewdi unatıwg`a, jaqsı ko`riwge tu`rtki boladı. O`spirimlerdin` ideal obrazları bazıda real bolmaydı, yag`nıy olar hesh kimdi «og`an» uqsatpaydı. Bul bolsa olarda isenimsizlik ha`m jalg`ızlıq oyın da ju`zege keltiriwi mu`mkin. Da`slep o`spirimlerge usı temada a`debiy a`debiyatlar oqıw, kinofil`mler, teatrlarg`a barıwdı orınlaw ha`m ha`r tu`rli gu`rrin`ler o`tkeriw, olarg`a o`zlerin kelesi o`mirlerine ta`n o`mirlik joldasların tabıw ma`selesine ayqın jaqınlasıwg`a ja`rdem beredi.

Joqarı klass oqıwshılarının` biliw protsessleri tu`rli ta`rizde anıq etiwge ha`m bul ma`sele boyınsha ha`r ta`repleme oylag`an pikirin beriwge ja`rdem bere aladı. Bul jastag`ı o`spirimler a`tiraptag`ı tu`rli waqıya ha`diyselerdegi haqıyqattı biliwge umtıladı. Olardın` tu`rli sheshimleri mag`lıwmatlar emes, al usı sheshim ha`m mag`lıwmatlardı o`zleri talıqlaw, qıdırıw protsessinin` o`zi ko`birek qızıqtıradı. Bunda tu`rli ma`seleler boyınsha temalar ju`rgiziwge ha`m olardın` pikirlerin anıqlawg`a ju`da` qızıg`adı. O`spirimlik da`wirinde biliw protsesslerinin` rawajlanıwı dawam etedi. Biraq bul rawajlanıw o`spirimnin` o`zine ha`m og`an a`tirapındag`ı baqlawshılarg`a kem seziledi. Bul da`wirge kelip, o`spirimler tolıq oyg`a iye boladı, a`meliy pikirlep o`zlerin o`zleri analizley aladı. Olar endi biyma`lel aqılıy siyasiy ha`m basqa temalarda o`z pikirlerin bildire aladı.

O`spirimlik da`wirinde balalar ju`da` ko`p ilimiy tu`siniklerdi o`zlestirip, olardan tu`rli ma`sele ha`m mashqalalardı jen`iwde paydalana aladı. Balalarda tu`siniw ha`m o`zin-o`zi basqarıw sezimleri o`sedi. O`spirimnin` o`zin-o`zi an`law, oqıw, miynet ha`m qarım-qatnas motivleri o`zgerisinde o`z ko`rinisin taptı. Bul da`wirde balada jan`a xızmetler ju`zege kelip, psixologiyalıq rawajlanıwda jan`a basqısh baslanadı.

O`spirimlik jası oqıw, miynet, qarım-qatnas sıyaqlı jetekshi xızmet tiykarında ulıwma ha`m arnawlı uqıplarının` rawajlanıp atırg`anlıg`ı menen xarakterlenedi. O`spirimlik da`wirinde biliw protsessinin` rawajlanıwı aktiv keshedi. Biraq rawajlanıw o`spirimnin` o`zine ha`m onın` a`tirapındag`ı baqlawshılarına kesh seziledi. O`spirimlik da`wirine kelip, ju`da` ko`p balalarda o`z xızmetlerin aldınnan jobalastırıp, uqıbı jaqsı rawajlang`an boladı. Sonday-aq o`zin-o`zi basqarıw ha`m o`spirimlik jasındag`ı balalarda tez ko`zge taslanadı.

O`spirimnin` oqıwg`a mu`na`sibeti o`zgesheligi ha`m mazmunı ta`repinen basqa jastag`ı oqıwshılardın` bilimlendiriw protsessindegi mu`na`sibetinen ajıralıp turadı. Oqıw jobası ha`m da`stu`rinin` qıyınlasıwı jan`a pa`n ha`m temalardın` kirgiziliwi, o`zlestiriliwi, a`meliy oyı ja`rdeminde a`melge asırılıwı sha`rt.

G.E.Zalesskiy oqıwshılarg`a sotsiallıq ma`seleler, ekonomikalıq jag`dayda sotsiallıq faktler ha`m ha`diyselerdi g`a`rezsiz ra`wishte ilimiy analizlew ha`m olarg`a baha beriw usılların arnawlı u`yretiw ha`m za`ru`rligin izertlew tiykarında ko`rsetip bergen. Bul orında oqıwshılardın` g`a`rezsiz pikirlewin aktivlestiriwge, tuwrı basshılıq etken jag`dayda tanısıwı lazım. O`spirimlerdin` aqıl jag`ınan rawajlanıwında a`meliy oylawının` roli u`lken. O`spirim a`debiy shıg`armalardı oqıw ha`m tu`sindiriw arqalı g`a`rezsiz pikirlew ha`m tartısıwg`a u`yrenip baradı. Onda a`ste-aqırın ta`biyat ha`m ja`miyet haqqında o`zinin` itibarı qa`liplesedi. Belgili shaxstın` usı pazıyletleri onda pikirlew, g`a`rezsiz oylaw, tuwrı ha`m bir qararg`a kele alıw na`tiyjesi. O`spirimlerdin` a`debiy shıg`armasın bahalaw, ol haqqında jeke pikirdi bildiriwi mashqalanın` ta`repleri u`stinde tartısıwı insanlıq jag`daylardın` ayqın da`rejede qatnasıwı aqıldın` tap o`zindey turmısta ushıraytug`ın orınsız o`spirimnin` a`debiy parasatı ha`m o`mir ta`jriybesi to`men. Mug`allimnin` tiykarg`ı uazıypası oqıwshının` oylawındag`ı a`dillik da`rejesine ko`teriwden olarg`a ha`diyse a`dillik, aqıllılıq penen qarawdı u`yretiwden ibarat. O`spirimlerde materiallıq du`n`ya haqqında jeke pikirlew, ilimiy ko`z-qarasının` ken`ligi, oylawının` o`zgesheligi rawajlana baslaydı.

Aqıldın` rawajlanıwı oqıw materialların puxta o`zlestiriwge bilimlendiriw protsessinde sho`lkemlestiriw, sıpatlaw da tiykarg`ı ko`nlikpelerdin` qa`liplesiwine

imkaniyat jaratadı. Jag`dayları haqqında juwmaq shıg`arıw, tastıyıqlaw yag`nıy biykar etiw qa`bileti rawajlanadı. O`spirim qa`bileti de bilimlendiriw protsessindegi miyneti rawajlanadı. Qa`bilettin` o`siwi bilimler, ko`nlikpe sıpatına baylanıslı bolıp, shaxstın` o`siw protsessine qosılıp ketedi. Demek, mektepte o`tiletug`ın sabaqlar laboratoriyalıq jumıslar, a`meliy tapsırmalar, referat, konspekt jazıw sıyaqlı jumıslardı o`spirimlerdin` o`zlestiriwi ushın za`ru`r materiallardı g`a`rezsiz jag`dayda tu`siniwge alıp keledi. Bulardın` barlıg`ı ilimiy-a`meliy oylawının` tu`rleniwine do`gerektegi ulıwma nızamshılıqlardın` o`siwine aqılıy imkaniyatlarının` ju`zege keliwine ta`biyat ha`m ja`miyettin` rawajlanıwının` nızamların tu`siniwge za`ru`r sha`rayatlar jaratadı. Joqarıdag`ılardan ko`rinip turg`anınday o`spirim jasta oqıwshılar aqılıy xızmetinin` faktorları ha`m usılları menen qurallang`an boladı.

O`spirimlerde aqıldın` rawajlanıwında oyının` a`hmiyeti ju`da` u`lken, sebebi insan bir jumıstı islewge kiriser eken a`lbette onın` na`tiyjesin ko`z aldına keltiriwi kerek. Ko`z aldına keltirmey turıp hesh qanday jumıstı jobalastırıw mu`mkin emes. O`spirimde oylaw da`rejesi jaqsı rawajlang`anda g`ana onın` o`z o`mirindegi idealdı oylay aladı. Usıg`an baylanıslı uzaq ha`m jaqın rejelerin du`zedi.

Ha`zirgi ul ha`m qız balalar 30-40 jıl aldın`g`ı qatarları menen salıstırg`anda olardın` ulıwma sezimleri joqarı o`skenligin ko`riw mu`mkin. İntellektual qızıg`ıwshılıq da`rejesi ken` ha`m ha`r qıylı. O`spirimler radio, televidenie, ilimiy-xabar, shıg`armalar, kinofil`mler ilim ha`m texnika u`lken rol` oynamaqta. O`spirimlerdin` qızıg`ıwshılıqları ha`r qıylı jag`dayda da o`zi tan`lag`an ka`sip ha`m bag`darı, sonday-aq o`mir jobalarına tiykarlang`an o`spirimlik jasına kelip er balalar ha`m qızlardın` ko`z-qarası joqarılay baslaydı. Bul o`spirimnin` sırtqı a`lemdi tu`siniwge, bahalawına bolg`an mu`na`sibetlerin anıqlawg`a ja`rdem beredi.

O`mirde tu`rli ka`sipler bar. Bir adam bir neshe tu`rli ka`siplerdi iyelewi mu`mkin, biraq sonın` menen birge ha`r bir ka`sip sonday qıyın insan o`z o`mirin a`sirese sol bir ka`sipke bag`ıshlawı mu`mkin. Ka`sip tan`law barlıq da`wirden

baslap balalardın` rolli oyınlarında ko`rinedi. Demek bala oyın arqalı tolıq ka`sipler ha`m sol xızmet penen tanısa baslaydı. Ma`selen «magazin» yag`nıy «bazar» oyını arqalı bala da «satıwshı» ha`m «alıwshı» bola aladı. «Pul» ha`m «tovar» menen baylanıs qılıwdı u`yrenedi. Bul basqısh ka`sip tan`lawg`a tayarlaqtın` baslanıw  basqıshı dep ataw mu`mkin. Keyingi jas a`wladlarda bul tayarlıq tu`rli xızmetlerde de tu`rli ko`rinislerde dawam etedi. «Men kim bolaman?» sorawına dus keledi. Belgili bir ka`sipte xızmet ko`rsetiwden baslap atırg`an o`spirim og`an intellektual, sotsial-psixologiyalıq ha`m aqılıy jag`ınan tayar bolıwı kerek. O`spirimlik da`wirdin` aqırları ha`m o`spirimlik jasına kelip olarda miynet ko`nlikpe ha`m da`rejeleri rawajlanadı. Ta`jriybelerdin` ta`riplewinshe eger o`spirimlik da`wirinde olarda keleshekte jaqsı ka`sip da`rejesi ju`zege keliwinen u`mitleniw qıyın. Mısalı balalıq waqıtlarında texnika menen ha`rekette bola almag`an slesarlıq a`sbap-u`skenelerinen paydalana almag`an, o`z qolı menen bir na`rseni orınlay almag`an bala talantlı injener-konstruktor bolıp jetilisiwi qıyın, yag`nıy litsey ha`m kolledjlerde matematik, lingvistik, a`debiy jaqsı da`rejelerin ko`rsete almag`an bala u`lken bolg`anda hesh qashan ku`shli matematik, filolog bolıp jetilise almaydı.

Bul jastag`ı balalarg`a tartısıwg`a kirisiw da`rejesinin` tiyimliligi ha`m ju`da` za`ru`r, biraq ol jetekshi emes, tan`lag`an ka`sip ha`m bag`darları boyınsha belgili bolmag`an o`spirimler g`ana ko`birek qatarları menen tartısadı. Da`slepki o`spirimlik da`wirdi ka`sip, bilim, ko`nlikpe da`rejesinin` qa`liplesiwi ushın senzitiv da`wir dep esaplaw mu`min. Bul bolsa er balalar ha`m qızlardın` o`miri ushın ha`m ja`miyet ushın da u`lken zıyan keltiredi. Ka`sip tan`law waqtında da`slep o`spirimler o`z qa`lewi ha`m qa`biletlerin jeke sıpatlar, nerv sistemasının` tipi, analizatorlar o`zgesheligi emotsional-basqarıw sıpatların da esapqa alıwı za`ru`r.

Olar a`dil bolıw tu`sinigine ha`m real ta`rizde jantasadı. Ma`selen o`tken jıllardag`ıday «a`dillik bul ha`mmege bir qıylı emes, ba`lki ha`r kimnin` imkaniyatına qarap ha`m adamlardın` jumısına yag`nıy insan ma`pine qosqan u`lesine qarap belgilenedi» - dep tu`sinedi ha`m dodalaydı.

O`spirimler sanalı ra`wishte iyelegen a`dep-ikramlılıq normaları tiykarında o`z ha`reketlerin jolg`a salıwg`a umtıladı. Bul bolsa o`spirimnin` o`zin an`lawının` o`siwinde ko`rsetiledi. O`zin an`lawı qıyınlasıp psixologiyalıq struktura bolıp, to`mendegilerdi o`z ishine aladı.

- birinshiden, o`spirimde sırtqı a`lemdegi predmet ta`sirinen payda bolg`an emotsiyaları o`z denesi menen ajıratılg`anda ju`zege keledi;

- ekinshiden, o`zinin` jeke «men» ligin aktiv xızmeti tiykarında an`lawı;

- u`shinshiden, o`zinin` psixologiyalıq o`zgesheligi ha`m pazıyletlerin an`lawı;

- to`rtinshiden sotsial, morallıq, o`z-o`zine baha beriwdin` belgili sistemasın an`lawı. Mine usınday elementlerdin` barlıg`ı bir-biri menen funktsional ha`m genetikalıq jaqtan baylanısqan. Biraq bulardın` ha`mmesi sizge belgili, bir waqıttın` o`zinde qa`liplespeydi.

O`spirimlikte o`zinin` jeke qa`siyetlerine baha beriw ku`sheyedi. O`spirim de o`mir sıyaqlı o`z qa`dir qımbatın, onın` nelerdi isley alıwın bilgisi keledi. O`zine baha beriw eki usılda boladı.

I. Adam o`zin qolg`a kirgizgen sıylıqları na`tiyjesi menen bahalaydı. Ma`selen bala qıyın jag`dayda o`zin joyıtpaydı yag`nıy jas balanı o`rtten qutqaradı. «Men qorqaq emespen» - deydi. Belgili bir qıyın tapsırmanı orınlaydı. «Men qa`biletlimen» - deydi a`dep-ikramlılıqqa tiyisli bunday ha`reketlerdi o`spirim o`zinde sınawı kerek.

II. Sotsiallıq, yag`nıy o`zi haqqındag`ı basqa islerdi, pikirlerdi salıstırıwdan ibarat. Ma`selen: oqıwshılar ta`repinen «ma`rtlik» - dep maqullang`an ha`reketi mug`allim «qa`lbeki doslıq» - dep aytadı. Bunda balalar o`z ha`reketleri haqqında oylap bas qatıra baslaydı. O`spirim oqıwshının` o`spirim da`wirindegi baladan o`zgesherek ja`ne bir o`zgesheligi – bul qıyın shaxslar mu`na`sibetlerinde orınlawshı wazıypa, hu`jdan pazıyletin an`law o`z qa`dir-qımbatın qa`dirlewdi seziw de orınlı.

O`spirim oqıwshıda o`zin baqlaw negizinde o`zin ta`rbiyalaw pazıyleti tuwıladı. Na`tiyjede onda o`zin-o`zi ta`rbiyalaw o`zgesheliklerin tan`law, olardı

ku`ndelik tumısqa ko`ndirip ko`riw ruwxındag`ı belgili kemshiliklerdi tuwrılaw, jaqsı pazıyetlerdi qa`liplestiriw menen sheklenip qalmastan ba`lki erjetken adamlarg`a ta`n ko`p qırlı, ulıwmalasqan idealg`a ta`n ta`rizde bolıwına bag`darlang`an boladı. Oqıwshılar o`zinde shaxstın` en` qımbatlı pazıyletlerin oqıw ha`m miynet da`rejesin an`lı rejeli ta`rtipli ta`rizde iyelep barıwg`a shaxstın` belgili bir pazıyletleri ha`m o`zgesheliklerine ha`reket etedi. O`zin-o`zi ta`rbiyalaw, mashqalaları ruwxıy ko`rinisin qa`liplestiriwge umtıladı.

O`spirim oqıwshılardın` o`zin o`zi ta`rbiyalaw protsessi oqıw, ja`miyet sho`lkemlestiriwshileri, pedagoglar ja`miyetinin` ta`rbiyası ta`siri astında bolıwı sha`rt. O`zin-o`zi ta`rbiyalawdın` ja`miyette mu`na`sip orın iyelewge, sotsiallıq wazıypanı an`lawı, paydalı miynet islewi, o`zin-o`zi ta`rbiyalaw, izge salıw ushın birlikti qa`liplestirgen ta`rbiyalıq shara-ilajlardı birlik ta`rizde ta`sir o`tkeriw ja`miyet ma`jbu`riyatı o`z-ara ja`rdem ha`m gu`zetiw, o`z-ara bahalaw da maqsetke muwapıq.

O`spirimlerde erjetkenlik oyı teren`lesip barıp, o`zin-o`zi basqarıw, o`z ruwxıy ko`rinisin ko`rsetiw sezimi o`sedi. Bul na`rse olardın` ayrıqsha shaxs ekenligin ta`n alıwg`a umtılıwında o`z ko`rinisin tabadı. Bunın` ushın ayırım jaslar tu`rli modalarg`a hayran qalıw, ma`deniyatqa, qosıqqa, ka`sip-o`nerge, ta`biyatqa qızıg`ıwshılıqların atqarıwg`a ha`reket etedi. Oqıw ha`m miynet ja`miyet ta`sirinde, ma`rtlik, sabırlılıq, hadallıq sıyaqlı insanıy pazıyletler qa`liplesedi. Menmenlik, o`z ma`pin oylawshılıq, qorqaqlıq sıyaqlı pazıyletlerdin` jog`alıwı tezlesedi.

O`spirimler shaxsının` qa`liplesiwi protsessinde ja`miyettin` roli ayrıqsha, a`hmiyeti orınlı. Olarda morallıq, g`a`rezsizlik, o`z ha`reketlerin bahalaw sıyaqlı pazıyletleri de ko`rinedi. O`spirim ul ha`m qızlardın` ja`miyetke aktiv qatnasıwı arqalı qa`bileti ko`rinedi. Dos ha`m dushpanlarının` kimligi, o`zi qa`lewi, o`zin ha`m do`gerektegi a`lemdi jaqsı biliw ushın ne islew kerekligin biliwge ha`reket etedi. Belgili bir da`rejede o`spirimler o`zlerinen hesh qanaatlanbaytug`ın, o`z aldına ha`dden tıs ko`p wazıypalar qoyatug`ın, biraq onın` kewlinen shıg`a

almaytug`ın boladı. Bul bolsa o`spirimlerdin` kelshektegi tabısları, sha`rtlerinen biri.

O`zin-o`zi hu`rmetlew ha`m onın` o`zgeshelikleri to`mendegilerden ibarat. Demek joqarıda ko`rsetip o`tilgenindey shaxstın` erte o`spirimliktegi en` za`ru`r pazıyletlerinen biri o`zin-o`zi hu`rmetlew, o`z-o`zine baha beriw ha`m o`zin shaxs dep ta`n alıw yag`nıy almaw da`rejesi. O`spirimler o`zlerinde shaxstın` belgili kompleksi sıpatların qabıl etiwge umtıladı. O`zin-o`zi ta`rbiyalaw ma`selelerinde bir pu`tin ruwxıy psixologiyalıq ko`rinisti qa`liplestiriw ma`selesi qızıqtıradı. Bunda shaxs idealı da u`lken a`hmiyetke iye. Ma`selen: ul balalar qaharmanlıq, jaqsı ata, mug`allim shıpaker yag`nıy a`debiy shıg`arma ha`m de kinofil`mlerdegi obrazlardı o`zlerine ideal dep bilse; qızlarımız miynetkesh, na`zik, ja`miyetlik isker, iybeli u`y biykesi yag`nıy ilimiy xızmetker ha`m t.b. O`z-ara mu`na`sibet ha`m emotsional o`mirdi o`zi belgilewdin` qıyın mashqalanı o`spirimnin` o`zi orınlay almaydı. Bul ma`seleni o`spirimnin` ata-anası o`z qatarları, mug`allimlerdin` qatnasıwında olardın` qollap-quwatlawında esapqa aladı.

**I-bap boyınsha juwmaq**

Reproduktiv pikirlew shaxs o`zgesheligi sıpatında» degen birinshi babı u`sh paragraftan ibarat. Shıg`ıs oyshıllarının` reproduktiv pikirdi rawajlandırıwshı faktorlar ha`m sha`rt-sha`rayatları haqqındag`ı u`gitleri –dep atalg`an birinshi paragrafında shıgıs oyshıllarının` reprodduktiv pikirlew haqqındag`ı u`gitleri, reproduktiv pikirlew ma`mleket siyasatı retinde-degen ekinshi paragrafında bolsa erikn pikrlewdin` ma`mleket siyasatı da`rejesine ko`terilgenligi, o`spirimlik da`wirinde shaxstın` rawajlanıw o`zgeshelikleri dep atalg`an u`shinshi paragrafında o`spirimlik da`wirindegi oqıwshılardın` psixologiyalıq o`zgeshelikleri haqqında aytıp o`tken. O`spirimler shaxsının` qa`liplesiwi protsessinde ja`miyettin` roli ayrıqsha, a`hmiyeti orınlı ekenligi, olarda morallıq, g`a`rezsizlik, o`z ha`reketlerin bahalaw sıyaqlı pazıyletleri de ko`rinedi. O`spirim ul ha`m qızlardın` ja`miyetke aktiv qatnasıwı arqalı qa`bileti ko`rinedi. O`spirim oqıwshılardın` o`zin o`zi ta`rbiyalaw protsessi oqıw, ja`miyet sho`lkemlestiriwshileri, pedagoglar ja`miyetinin` ta`rbiyası ta`siri astında bolıwı sha`rtleri haqqında tolıq tu`sinikler berip o`tildi.

## II-Bap: Reproduktiv pikirlew o`zgesheliginin` teoriyalıq jaqtan u`yreniliwi

### 2.1. Reproduktiv pikirlewdin` psixologiyalıq fenomenologiyası

Shaxstın` reproduktiv pikirlew protsessin basqarıwın biz ha`m teoriyalıq jaqtan sotsial psixologiyalıq ha`diyse dep tu`siniwimiz ushın tiykar bolg`an derekler bar, olarda shaxstın` bul uqıplılıg`ı onın` konkret kishi tparlardag`ı koo`z-qaraslar shen`berinde tutqan sotsial ornı ha`m topardag`ı fenomenler tiykarında qaralıwın talap etedi. Ma`slege bunday jantasıw en` da`slep Amerika psixologiya mektebindegi belgili da`stu`rlerge baylanıslı bolıp, bul pikirlerdin` basında turg`an alımlar qatarına D.D`yui, G.Ollport, J.Piaje, V.Kvinn, D.Ash, D.Mayers ham basqalardı kiritiw mu`mkin.

Biz teoriyalıq analiz dawamında insan pikirlew protsessine sotsial faktorlardın` ta`sirinin` bar ekenligin anıqlap, bul na`rse en` da`slep kishi tparlardag`ı fasilitatsiya (G.Ollport), nonkoformizm (Mayers), sotsial pikirlew (D.D`yui), pikirdin` ja`mlesiwi ha`m pikirler lideri (D.Mayers, V.Kvinn) ha`diyselerge tıg`ız baylanıslılıg`ın u`yrendik.

Amerika a`debiyatlarında tiykarınan, Devid Mayerstin` «Sotsial`naya psixologiya» atlı kitabında sotsial fasilitatsiya – isannın` a`piwayı yaki jaqsı tanıs bolg`an wazıypaların o`zgeler menen birgelikte jaqsıraq orınlawg`a umtılıw, dep ta`riypleydi. Bul fenomen izertlewimizdin` tiykarg`ı fenomenlerinen biri bolg`anı, trening sha`rayatında basqalar, trening sha`rayatında basqalar bar bolg`anı ushın balanın` o`z pikirlerin bayan etiwi, o`z pikirlerinin` durıslıg`ına basqalardı isendiriw uqıplılıg`ının` artıwın tu`sindiriw ushın bul fenomenge mu`rajat ettik.

Sonı aytıp o`tiw kerek, sotsial psixologiya adamlardın` birgelikte, bir ma`kanda barlıg`ı ha`m o`z-ara birgelikte qanday da bir jumıs penen ba`ntligi, qarım-qatnasta bolıwının` da unamlı ham unamsızakıbetlerin ten` u`yrenedi. Ma`selen, fasilitatsiya ha`diysesi a`tirapında bir shaxs ushın basqalardın` barlıg`ı faktın onın` xızmeti tempine unamlı ta`sir ko`rsetiwshi na`rse dep aytıp o`tse, ingibitsiya arqalı sotsial xulıqqa pikirlewge tormozlawshı ta`sir ko`rsetiliwi tu`siniledi. Ma`selen, klass sha`rayatında balanın` so`z sheberligi tez rawajlanadı., tez matematikalıq amellerdi sheshiwge u`yrenedi, aqılıy sıpatlar ol yaki bul ta`repke tez o`zgeredi,

Reproduktiv pikirlewi artadı. Biraq qoyılg`an wazıypa a`piwayıraq, mexanikalıq sheshimlerdi talap etse, bul ingibitsiya arqalı tu`siniledi. Demek, ingibitsiya – joqarıda aytıp o`tilgendey , ayrıqsha bahalarg`a oqıytug`ın balanın` ku`shin aytıp o`tiw, to`men oqıytugın balanın` ulıwma aqılıy sıpatları tormozlanıwı  mu`mkin, yag`nıy  quramalı mashqalalardı sheshiwde ko`pshiliktin` bolıwı tormozlawshı ta`sirge iye boladı.

U`lken toparlar yaki alaman mısalında da sonnı aytıw mumkin, alaman ishinde Adam baqırıw-shaqırıwg`a ku`sh tabıwı mu`mkin, sezimleri de o`zgeriwi mu`mkin. Ne ushın sonday? Sotsial psixologlar bunı to`mendegishe tu`sindiredi:

- biz basqalar bahasına qaramlımız, adamlar ne dep oylaydı, dep qayg`ıramız, sonın` ushın instinktiv ta`rizde olarg`a jarısıp o`zligimizdi joytamız.

-ko`pshilik ishinde dıkqat-itibarımız ma`sele yaki mashqalanın` a`hmiyetine emes, al adamlardın` o`zine qaratılıp qaladı. Sonın` ushın bolsa kerek, ayırım payıtlarda a`sirese basında o`zi aytqısı kelip turg`an so`zdi emes, auditoriya keypiyatına say ga`plerdi aytıp, tiykarınan anıq mazmunlı mag`lıwmat bermey ketip qaladı.

Klass sha`rayatındag`ı pikirlew  protsessine    ta`sir ko`rsetiwshi toparlıq birge islesiw boyınshagap ketkende, ja`ne usı narseni aytıw lazım, basqalar aldındag`ı juwapkershilik bir adamg`a konkret tapsırılsa, onın` na`tiyjesi, hammeni birden bir wazıypag`a bo`listirip, juwapkershilik ten` bolg`an sha`rayattan joqarıraq boladı. Bul a`debiyatlarda, arasında «sotsial erinsheklik» fenomeni dep ju`ritiledi. (V.Kvinn, 2000). Bul joqarıda aytıp o`tilgen, barlıq bir qıylı pikir ju`ritken jerde hesh kim oylamaytug`ın bolıp qaladı, degen printsipke uqsaydı. (U.Lishpman). Sonın` ushın sheber basqarıwshı, ha`r bir adamnın` individual uqıplılıg`ın u`yrenip, ha`r birine ayrıqsha konkret wazıypa beredi, anıq waqıtlarda talap etedi ha`m orınlanıwın baqlay aladı.

Biraq son`g`ı jıllarda toparlarda sabaq protsesslerin sho`lkemlestiriwde «dialoglıq oqıtıw», «interaktiv oqıtıw yaki ta`lim», «breynstorming», «aqıldı zor berip isletiw» sıyaqlı tu`sinikler isletile baslandı ham bulardın` barlıg`ında itibar topardın` ulıwma bir ma`sele yaki mashkalanı sheshiwdegi ulıwma umtılıwları na`zerde tutıladı. Ta`biyiy soraw tuwıladı, tpar bolıp islewdin` oylaw ushın

a`hmiyeti qanday da`rejede? Otkerilgen ko`plep izertlewler sonnı ko`rsetedi, bunday sha`rayatlarda pikirlewde «oylawdın` ja`mlesiwi» ju`z berip, Reproduktiv pikirlew ku`tilmegen, standart emes ha`m a`jayıp na`tiyjelerdi beriwimu`mkin. Usı orında Amerika ilimiy a`debiyatlarında tez-tez ushırasatug`ın ja`ne bir fenomenge dıqqat awdaramız.

Oylawdın` ja`mlesiwi - kompakt birlesken topar ushın ta`n bolg`an ha`diyse bolıp, onda ulıwma pikirge keliw, har bir topar ag`zasının` juwapların izlewi sonshelli za`ru`r boldı, pikirlewshiler a`dette ha`rekettin` muqobil usılların realistlik bahalawdıyaddan shıgarıwg`a da tayar boladı.

Bul sha`rayatta da en` ko`p ha`m aktual pikirler bildirgen oqıwshılar pikirler lideri bolıp qaladı. Olar sotsiometrik da`rejesine qarag`anda toparda ajıralıp shıqqan intellektual liderlerdin` bir ko`rinisi bolıp, topar olardın` pikirleri n ta`n alıp baradı, olar bara bara referentometriyalıq da`reje boyınsha da basqalardan u`stem bolıp turadı. Demek, pikirler liderlerinin` arasındag`ı intellektual lider topar ag`zalarına o`z pikiri, ideyaları, printsipleri, u`rp-a`detleri menen ajıralıp turatug`ın shaxs bolıp, a`sirese usındaylar bizin` izertlewimiz predmetine qarag`anda, o`zleri Reproduktiv pikirlewshi ha`m basqalardı da Reproduktiv pikirlewge iytermelewshi motivatorlar dep bahalanadı.Demek, oylawdın` ja`mlesiwinde mine usınday pikirler lideri eki intellektual liderdin` ornı ha`m roli u`lken boladı.

Biraq topar sha`rayatında pikirler lideri ajıralıp shıg`ıwı ushın sotsial sha`rayatlardan biri sol, usı topardag`ı balawshı pedagog yaki ustaz, a`piwayı topardın`lideri ta`repinen mashqala, yag`nıy pikir bildiriw sha`rti durıs qoyılıwı, topar ag`zaları bunı tu`sinip, Reproduktiv pikirlewleri ushın sha`rayatt barlıg`ın biliwleri tiyis, yag`nıy aytılg`an qanday da bir pikir sheklenbew kerek. Bir qansha pikirler aytıladı, biraqolardın` ishinen en` mazmunlı, en` a`hmiyetlisi saylap alınıp, ulıwmalastırıladı. Bul bir jag`ınan jaslarda Reproduktiv pikirlewge u`yretse, ekinshi jag`ınan topar sha`ayatında islewge, birgelikte, kommunikativ uqıplılıliqların rawajlandırıwg`a ja`rdem beredi. Mag`lıwmatlardın` ta`sinrinde konformizm ju`z beredi.

Konformizm- topardın` shın yaki ko`z aldına keltirilgen ta`sir na`tiyjesinde isenim ha`m minez-qulıqtın` o`zgeriwi. Bul fenomen treninglerde ha`r bir qatnasıwshı o`zinin` pikirinbayan etkennen keyin ulıwma juwmaqqa kelgende payda boladı.

O leki tu`rde ju`z beriwi mu`mkin:

- qollap-quwatlaw- shın kewilden qosılmasa da, sırtqı ha`rekette ko`pshiliktin` pikirine qosılıw;
- maqullaw-isenim ha`m qaraslarının` sotsiallıq jaqtan tolıq say keliwi.

Koformizmnin` ta`biyatın tu`sindiriwshi eksperimentler (ma`selen, Muzafer Sherif, Solomon Ash, Milgram h.t.b) belgili ma`niste bizge turmısta unamaytug`ın na`rselerdin` kelip shıg`ıwın, ma`selen, ashıwshaqlıqtın`, urlıq yaki basqa jaman illetlerdin` ta`biyatın tu`siniwge imkan beredi, yag`nıy ashıwshaqlıq yaki jamanlıq, a`lbette jaman adamlardın` barlıg`ı ushın kelip shıqpaydı, al adamlardın` tu`rli jag`daylarda nahaqlıqqa ko`nligiwleri yaki egoistlik yamasa jawızlıqtı ko`rip o`tip kete beriw, olarg`a salıstırg`anda ko`terilisti ko`rsetpew aqıbeti esaplanadı.

Konformizm ha`diysesin eksperimental jol menen u`yrengen izertlewshilerdin` pikirinshe, bul-belgili sha`rt-sha`rayatlardın` aqıbeti esaplanadı.Ma`selen, konformizm topardın` u`lken yaki kishiligine, onın` ko`leminebaylanıslı. Adamlar o`zleri ushın biraz bolsada, abıroylı yamasa jag`ımlı bolg`an adamlar sanı u`sh yamasaonnan artıq bolg`an sha`rayatta, olardın` ga`plerine ju`da` tez isenip, erip kete beredi. Bunnan tasqarı, joqarı da`rejeli konformizm jag`dayı qanday da bir ma`sele boyınsha juwaplar ko`pshilik ishinde berilgende yaki aldınnan qanday da bir juwapqa shama qılınbag`an jag`dayda tez ju`z beredi.

Ne ushın adamlar konformizmdi ko`rsetedi, Bul tiykarınan insan ta`biyatına jat na`rse emes pe? – degen soraw tuwılıwı tabiyiy.

Yaki bolmasa, ko`pshiliktin` ta`sirine oylanbastan- berile beriw jaqsı ma? Bul shaxstın` o`zine, o`zligine, reproduktivligne zıyan keltirmey me, degen soraw orınlı bolıp, onın` juwabın eki derekten - ja`miyettin` insanlar ushın islep

qoyg`an normaları sistemasınan, usıg`an saykes ta`rizde adamnın` o`zgeler ta`repinen ta`n alınıwına umtılıwınan ham adamlardın` o`z-ara kommunikativ mag`lıwmatlar almasıwları protsessinde so`zler ha`m ibaralar arqalı bir-birlerine jetkizetug`ın ta`sirleri arqalı tu`sindiriwge ha`reket etedi.

Kim ko`birek konformizmli, degen sorawg`a kopshilik avtorlar hayallardın` erkeklerge, jaslardın` u`lkenlerge salıstırg`anda bir qansha iseniwshen` ta`sirlerge beriliwshen` ekenliklerin aytıp o`tedi. Bunnan tısqarı, alımlar bul ha`diysenin` milliy-territoriyalıq o`zine ta`nliklerin ha`m bul sıyaqlı minez-qulıq ayırım to`men jag`daylarda adam reproduktivin` pa`seyiwi sıpatında ko`rinetug`ınlıqların aytqan. Ne bolg`anda da bizin`she shaxstın` sırtqı dakkilerge birden beriliwi , individual o`zgesheliklergshe iye bolıp, ol adamnın` du`n`yaqarasına, mentalitetine ha`m mag`lıwmatı da`rejesine baylanıslı boladı.

Nonkonformizm- kimler basqalar pikirine qosılmaydı? Sonday insanlar taypası bar, olar ko`pshilikke, qala berse, ekileniwshilerge de qosılmaydı. Olar hakkında ayırım liderler termini, ayırım waqıtları bolsa, «qosılmas mish» ibarası isletiledi. Bul jaksı ma yaki jaman ba?. «Bo`lingendi bo`ri jer» degen naqıl bar.

Reproduktiv pikirlewge sebep bolıwshı ha`m onı tu`sindiriwshi fenomenlerden ja`ne biri sotsial salıstırıw bolıp, bul-o`zin basqalar menen salıstırıw arqalı o`z pikirlerin ha`m uqıplılıqların bahalaw esaplanadı. Bul fenomen de ko`birek toparda ju`z beretug`ın ba`sekeler ham treninglerde ko`rinde. Shaxs o`z pikirlerin basqanın` pikiri menen salıstırıp, belgili bir juwmaqqa keldi. Bunday sıpattın` bar ekenligi bizin` izertlewimizde Reproduktiv pikir rawajlang`anlıg`ı kriteriyalarının` biri sıpatında ajıraladı.

Faktlarg`a qarsı oylaw- ja`ne bir sotsial-psixologiyalıq fenomen bolıp, bul topardag`ı pikir almasıwlar da pikirler gu`resinin` na`tiyjesi bolıp, payda bolıwı mu`mkin bolg`an, biraq ju`zege shıqpag`an, shaxstın` ko`z-qarasları a`tirapında qalgan muqobil stsenariy ha`m na`tiyjelerge sebep bolıwshı ha`diyse. Bul fenomen de treninglerdegi «muqobiller, imkaniyatlar» tan`law shınıgıwında mashqalanı sheshiw ushın muqabıl variantlardı bayan etiwde ju`zege keledi.

Solay etip, reproduktiv pikirlew shaxs qa`siyeti sıpatında onın` topardagı ornı ham abıroyına baylanıslı bolg`an, ha`r qanday xızmette individual yaki ja`ma`a`lik jetiskenliklerge eriskende joqarı darejeni ta`miyinleytug`ın za`ru`r faktor esaplanadı.

Shaxstın` reproduktiv pikirlewi ha`m o`z qarasınan o`zinin` sezimlerine g`ana su`yenip ko`rsetiwge bolmaytug`ın ha`diyse- bul sotsial reprezentatsiyalar esaplanadı. Onın` a`hmiyeti, mazmunı sonda, insan sol reproduktiv pikirdi ju`ritiwi ushın da en` da`slep sotsiallıq, u`rp-a`detlerden, xalıq ha`m millet o`tmishin qurawshı illetlerden paydalanadı.

Amerikalı psixolog D.Dyui pikirlewdin` sotsial psixologiyalıq mazmunın pikir ta`rbiyası mashqalasına baylanıslı u`yrengen alımlardan biri. Onın` aytıwınsha ta`jiriybe, ham bilimler pikir deregi esaplanadı. Eger shaxs mashqala menen azıraq tanıs bolsa, ol mashqalanı sheshiw ushın pikirlewi mu`mkin. Eger shaxs aldında mashqala tursa, biraq ta`jiriybe bolmasa pikirley almaydı.

Shveytsariyalıq psixolog A.N.Perre –Klermonnın` aytıwınsha adam oylawının` rawajlanıwı onın` basqa balalar menen o`z-ara ta`sirine baylanıslı. Oqıtıwshı ta`repinen bul o`z-ara ta`sirdin` sho`lkemlestiriliwi ha`m basqarılıwı balalardın` biliw xızmeti na`tiyjelerine, olarda oqıw motivatsiyasının` ju`zege keliwine ta`sir etedi. Avtordın` pikirinshe, balalar birgeliktegi xızmetinin` durıs sho`lkemlestirilgen formaları, tu`rli sotsial qatlamlarg`a ta`n balalardın` rawajlanıw da`rejesine baylanıslı ha`m qıyınshılıqlardı jen`iwde na`tiyjeli usıl bolıwı mu`mkin.

Reproduktiv pikirlewdin` joqarı forması bolg`an do`retiwshilik mashqalası shet elde ju`da` teren` u`yrenilgen. Bul tiykarınan oylawdag`ı kreativlik ta`rizinde analiz qılınadı.

1962-jılda J.Gettsels, P.Jekson do`retiwshilik ko`rsetikishleri arasında baylanıs joq, degen mag`lıwmattı g`alaba xabar qurallarında dag`aza qılg`an. Olar do`retiwshilikti o`lshew ushın o`zlerinin` koefitsentin kiritken.

L.S.Vıgotskiy oqıwshılardın` reproduktiv pikirlewine u`lken itibar bergen, ta`lim ham rawajlanıw ortasında quramalı o`z-ara mu`na`sebet barlıg`ın aytıp

o`tken. «Biz balanın` rawajlanıwında eki baskıshtı anıqlawımız za`ru`r, bul basqıshlardı bilmesten balanın` rawajlanıwının` barısı ham og`an ta`lim beriw imkaniyatları ortasındag`ı ha`r bir jag`dayda anıq sheshimdi tabalmaymız. Biz bul jerde balanın` psixikalıq funktsiyaları rawajlanıwının` – erisilgen da`rejesin na`zerde tutamız.» Bul jerde balanın` rawajlanıwının` aktual zonası na`zerde tutılg`an.

L.S.Vıgotskiy – rawajlanıwdın` jaqın zonası tu`sinigin to`mendegishe ta`riyplep beredi: «o`zi reproduktiv sheshe almaytug`ın ma`selelerdi u`lkenler ja`rdeminde, olardın` basshılıg`ında orınlawı-bala rawajlanıwının` jaqın zonasın quraydı. Bala bu`gin u`lkenler ja`rdeminde orınlag`an isin, erten` reproduktiv o`zi orınlaydı. Solay etip, ol ta`limnin` a`hmiyetli o`zgesheligi – bul a`tiraptag`ılar menen o`z ara mu`na`sebet, birge islesiw», dep esaplag`an. M.G.Davletshin oqıwshılarda reproduktiv oylawdın` rawajlanıwına u`lken itibar qaratqan. Onın` jazıwınsha, «Ha`zirgi mekteptin` tiykarg`ı wazıypası ta`lim metodların, oqıwshılardın` pikirlewin rawajlandırıw metodların qa`liplestiriw esaplanadı».

K.Turg`unov «Psixologiya terminlerinin` orıssha-o`zbekshe so`zliginde» oylaw reproduktivligin teoriyalıq ha`m a`meliy ma`selelerin o`zgelerdin` ja`rdemisiz sheshiwden ibarataqıl spatı dep ta`riypleydi. Bul pikirlerge keyin ala E.G`oziev ta qosıladı.

E.G`.G`oziev O`zbekistanda oylaw psixologiyasın ken` u`yrengen alımlardın` biri. Avtordın` pikirinshe, insan oylawı o`zinin` reproduktivligi jag`ınan reproduktiv ham reproduktiv emes oylawg`a bo`linedi.

«Oylawdın` reproduktivligi degende, insannın` shaxsıy jeke baslawı menen o`z aldına konkret maqset, jan`a wazıypalar qoya alıwı, olar boyınsha a`meliy ha`m ilimiy xarakterdegi boljawı, na`tiyjeni ko`z aldına keltire alıwı, qoyılg`an wazıypanı hesh kimnin` ja`rdemisiz, o`zinin` aqılıy izleniwi sebepli, tu`rli jol, usıl ha`m quralların tawıp, reproduktiv ra`wishte sheshiwden ibarat bolqlıy uqıplılıg`ın tu`siniw kerek».

İzertlew jumısımızda ko`birek reproduktiv oylawdın` joqarı forması bolg`an oylaw izertlendi. Ko`pshilik sabaqlardı baqlaw na`tiyjesinde sol na`rse ma`lim boldı, ha`zirgi waqıtta oqıtıwshılar o`zlestirgen bilimlerin jetkilili da`rejede da`liyllewge jetkilikli da`rejede itibar berilmeydi. Oqıwshılardın` oylaw, o`z pikirlerin bildiriw, qanday da bir haqıyqattın` durıslıg`ına basqalardı isenldiriw boyınsha urınıwlar, olar oylawında keskin tosıqlarg`a ushıraydı.

## 2.2. Reproduktiv pikirlewdin` psixologiyada u`yreniliwi

Oylaw erkinligi ma`selesi tek g`ana psixologlarımızdın`, ba`lki «shaxs ha`m ja`miyet» sisteması mashqalalarına baylanıslı basqa pa`nlerdin` de ba`sekeli predmeti esaplanadı, sonın` ushın bul pa`nlerde alıng`an za`ru`r juwmaqlar ha`m teoriyalıq tiykarlar bizdi qızıqtırıp atırg`an mashqala ushın metodologiyalıq tayanısh rolin atqarıwı mu`mkin.

A`yyemgi waqıtlardan –eramızdan burın 384-322 jılarda ullı filosof Aristotel` dialektikalıq oylawdın` za`ru`r formaların u`yrengen. O`zinin` «Metafizika» shıg`armasın «Barlıq insanlar ta`biyatı boyınsha bilimge umtıladı» tu`sinigi menen baslawında da a`hmiyetli mazmun bolıp, ol shaxstın` za`ru`r ta`biyiy uqıplılıqlarınan – bul pikirlew, ilimge umtılıw ha`m neden dur o`z aqılıy ku`shi menen tabıw mu`mkin ekenligin tu`sindirip o`tken. Bull shıg`arma- bilim, ilim, og`an erisiwı, rawajlanıwındag`ı qıyınshılıqlar ha`m qanday qurallar ja`rdeminde insan pikirley alıwı haqında. Bilimnin` tuwrıdan –tuwrı shaxsqa baylanıslılıg`ı haqında onın` pikiri sonnan ibarat, adam neni bilgisi kelse, birinshi sezetug`ın ta`repi bul- onın` hayran qalıwı. Demek, neni bolsa da ko`rip, pikir qılıp, hayran qalıw- erkin pikirlewdin` baslang`ısh tochkası.

Aristotel` ullı oyshıl ha`m pikirlewshi insan sıfpatında na`rseler ha`m olarg`a baylanıslı bilimlerdin` payda bolıw jolların izledi. Shaxs sıpatında onın` o`zi erkin, do`retiwshilik pikirlewdin` u`lgisi bolg`an. Onın` ataqlı «Platon menin` dostım, biraq haqıyqat men ushın qa`dirlirek» degen so`zinde de ha`r kimnin` o`z qarasları ha`m haqıyqattı ashıw quralları bolıw kerek ekenligin aytadı. Ol bul pikirlerdi «Organon» ında da dawam ettirgen. Onda pikirlew dialektikası ha`m aporiylar –

logikada qıyınshılıqlar payda bolg`andag`ı pikir operatsiyaları boyınsha ga`p ketedi. Erkin pikirlew boyınsha Aristotel`din` xızmeti sonda, ol insaniyat aldına ma`seleler qoyıw menen olardı pikirlewge, tek g`ana-jeke sheshimnin` bolıwı mu`mkin emesligi, pikirlew ekenligi du`n`yanın` jan`adan-jan`a ta`replerin tabıwg`a imkan beretug`ınlıg`ın u`yretti. Aristotel` «Metafizika» sının` ullı a`hmiyeti de sonda, ol qanday da bir ma`seleni sheshiwde onın` ko`plep sheshimleri bolıwı mu`mkin ekenligin ha`m haqıyqattı tabıw- do`retiwshilik protsess ekenligin da`liyllep berdi.

Aristotel`din` izin dawam etiwshiler basqa filosoflar da oylawg`a ta`n bolg`an mine usı qag`ıydanı bilgen halda, og`an a`mel qılıp, filosofiya ha`m sotsial pa`nler tarawında o`z pikirlerin ayta aldı.

Ekzistentsializmnin` tiykarshısı bolg`an nemets filosofı Martin Xaydegger (1889-1976) «o`z dıqqatımızdı tu`siniw ushın qarata alsaq g`ana, biz pikirlewge u`yrenmiz»- dep jazadı. Onın` pikirinshe na`rse ha`m waqıyalardın` mazmunın tu`siniw, an`lap jetiw insan pikirlew protsessinde za`ru`r orın iyeleydi. Tu`siniwdi talap etetug`ın na`rse insandı pikirlewge iytermeleydi. Tu`siniwdi talap etetug`ın na`rse hesh qashan biz ta`repimizden jaratılmaydı.

Xaydegerdin` pikirinshe, oylawdın` bar ekenliginin` tiykarg`ı ta`repi-bul ko`z aldına keltiriw. Oylaw haqqındag`ı ta`liymat boyınsha tiykarınan pikirde, sa`wlelendiriwde bayan etiledi. Sonın` ushın da oylaw haqqındag`ı ta`liymat logika dep ataladı.

Solay etip, Xaydeger insan pikirlewinde na`rse ha`m ha`diyselerdin` mazmunın tu`sinip jetiw za`ru`rligin aytadı, oylaw haqqındag`ı ta`liymattı logika dep ataydı.

Shveytsar jazıwshısı İ. Lafater de o`z waqtında jaslarg`a aqıl ta`rbiyası boyınsha jazg`an edi: «Aqıllı, dana bolıwdı qa`leysen`be? Aqıl menen soraw, dıqqat penen tın`law, ma`nili juwap qaytarıw, so`ylewge so`zin` qalmag`anda, o`z waqtında toqtawg`a u`yren». Bul so`zlerdin` mazmunında, ju`da` u`lken ma`nis ha`m turmıs filosofiyası jatır. Jazıwshı, tilek ha`m qa`lewlerimizdin` a`melge asıwı bizin` aqıl ha`m qabıl etiw gilti menen is ju`ritiwimizge baylanıslı ekenligin aytıp, pikirlew

ta`rzinin` tuwrıdan-tuwrı sotsial ortalıq ha`m insandag`ı qarım-qatnas ma`deniyatına baylanıslı ekenligin aytadı.

K.R Migrelidzenin` aytıwınsha, insandag`ı qanday da bir ruwxıy ha`diyse sotsial faktordı esapqa almastan turıp durıs tu`sindiriliwi mu`mkin emes. Bul na`rse birinshi na`wbette oylawg`a baylanıslı. Oylawdı sotsial turmıstın` basqa ko`rinislerisiz u`yreniw mu`mkin emes.

İnsan oylawının` usılları nerv sistemasında da, miyde de emes, al bir da`wirde mine usınday qabıl etiwge oylawg`a, islewge, basqa bir da`wirde xızmetti basqasha islewge jollaytug`ın sotsial sha`rayatta deydi.

İnsanlardın` pikirleri ha`m qarasları individual ta`rtipte emes, sotsial mu`na`sebetler sebepli payda boladı. Bul haqqında K.R.Migrelidze mınaday dep jazadı: «İnsan oylawı ta`biyiy ha`m biologiyalıq nızamlar boyınsha emes, ba`lki sotsial-tariyxıy nızamlıqlar jolında xarakterlenedi. İnsannın` pikirlew usılı da`slep sotsial ha`diyse esaplanadı». Pikir hesh qashan o`z-o`zinen payda bolmaydı, pikir qanday da bir na`rse haqqında, qanday da bir predmet haqqında bolıwı mu`mkin. Predmetsiz pikirdin` bolıwı mu`mkin emes.

Demek K.M.Migrelidzenin` pikirinshe, jan`a ideyalardın` ju`zege keliwi ushın jan`a sotsial mu`na`sebetler, pikirdin` jan`a ob`ektleri yaki eskishe mu`na`sebetlerin jan`asha tu`sini w za`ru`r.

Solay etip, filosofiyada ha`m ulıwma sotsial pa`nlerde insan pikirinin` sotsiallasıw ma`selesi insan oylawı ushın derek esaplang`an, onı orap turg`an ortalıqqa baylanıslı ekenligi tiykarg`ı ideya esaplanadı.

Oqıwshı aktiv pikirlewshi shaxs bolıw za`ru`rligi pedagogika pa`nlerinde a`lle qashan aytıp o`tilgen ha`m bul mashqalanı qızıg`ıp u`yrengen. Ataqlı Rim pedagogı Mark Fabiy Kvintilian durıs ha`m izbe-iz pikirdi ta`rbiyalaw ushın teoriyalıq qollanbalarg`a, eliklew ha`m shınıg`ıwlarg`a su`yenip, matematikanı u`yreniw za`ru`r dep esaplag`an, yag`nıy, miydi shınıqtırıw salamat ha`m jaqsı pikirdin` za`ru`r sha`rti dep esaplaydı.

Ataqlı slavyan pedagogı Ya.A.Komenskiy (1592-1670) erkinlik mashqalasın ko`terip shıg`ıp, sonı aytıp o`tedi, aqıl menen durıs tu`sinilgen na`rseni g`ana

yadlaw mu`mkin. Ol o`z oqıwshılarında ba`rqulla baqlawda ha`m so`ylewinde erkinlikti rawajlandırg`an.

J.J.Russo (1772-1778), nemis pedagogı A.Disterverg (1790-1886) lar da o`zlerinin` ta`lim didaktlarında balada erkin pikirlewdi rawajlandırıw za`ru`rligin ilgeri su`rgen. Olar erkinlikti ta`rbiyanın` tiykarg`ı printsipi dep esaplag`an. Distervergtin` pikirinshe, erkin iyelengen bilimler ha`m ko`nlikpeler u`lken a`hmiyetke iye. «Aqıldı hesh na`rse menen toltırıp bolmaydı. Ol o`zi erkin u`yreniwi, o`zlestiriwi ha`m qayta islewi za`ru`r» «Jaman oqıtıwshı tayar haqıyqattı beredi, jaqsı oqıtıwshı onı tabıw jolın u`yretedi» Distervergtin` bul pikirlerin jas a`wladtı ta`rbiyalap atırg`an ha`r bir pedagog yadtta tutıwı za`ru`r.

E.İl`enkov oqıwshılarg`a pikirlewdi u`yretiwdi sorawlardı durıs qoya alıw uqıplılıg`ın rawajlandırıwdan baslaw za`ru`r, dep esaplaydı. Onın` pikirinshe, aqıldı sonday ta`rbiyalaw kerek, qarama-qarsılıq ashıwlanıw ushın sebep bolmastan, ba`lki erkin islew ushın, na`rselerdi erkin qarap shıg`ıw ushın tu`rtki bolsın. Eger oqıwshı qatar urınıw ha`m qa`telerden son`, oqıtıwshının` aytıp beriwin ku`tpesten, mashqalalı jag`daydan shıg`ıw jolın tapsa, ol aqılıy rawajlanıw jolında bir adım aldıg`a jıljıg`an boladı. Bunday adım mın`lap tayar bilimlerdi «o`zlestiriwden» qımbatlıraq. E.İl`enkovtın` aytıwınsha, pikirlewdi u`yretiwshi ha`r bir insan o`zi pikirley alıwı za`ru`r. Bul sonı ko`rsetedi, oqıtıwshı o`z isinde ulıwma teoriyalıq, ulıwma filosofiyalıq printsiplerdi qollana alıwı lazım. Basqalardı o`zin` bilmeytug`ın na`rsen`e u`yretiw mu`mkin emes, bul bolsa da`slep oqıtıwshı pikirlewge u`yreniwi za`ru`rligin an`latadı, oqıtıwshı zamanago`y ma`deniyat ruwxında pikirlewi za`ru`r.

Didakt V.F. Shatalov o`z oqıwshılarında g`alaba mektep oqıwshılarına qarag`anda 3 ese ko`birek ma`selelerdi sheshtiriw esesine do`retiwshilikti rawajlandırg`an. Ol ha`r bir sabaqta 1-2 minut waqıttı talap etetug`ın didaktikalıq oyınlar o`tkergen. Onın` atap o`tiwinshe oyınsız aqılıy rawajlanıwdın` bolıwı mu`mkin emes deydi.

Solay etip, biz joqarıda pedagogika pa`ninde tu`rli izertlewshiler ta`repinen tu`rli pa`nlerdi oqıtıwda oqıwshılarda erkin pikirplewdi rawajlandırıw mashqalası boyınsha ayırım pikirler menen tanısıp shıqtıq.

## II-Bap boyınsha juwmaq

İzertlew jumısının` einshi babı reproduktiv pikirlew o`zgesheliginin` teoriyalıq jaqtan u`yreniliwi, dep atalıp, bul bap 2 paragraftan ibarat. Reproduktiv pikirlewdin` psixologiyalıq fenomenologiyası- dep atalg`an birinshi paragrafında reproduktiv pikirlewdin` psixologiyalıq kelip shıgg`ıwı, reproduktiv pikirlew haqqında psixologlardın` pikirleri «reproduktiv pikirlew o`zgesheliginin` psixologiyada u`yreniliwi» degen ekinshi paragrafında ashıp berilgen.

Shaxstın` reproduktiv pikirlew protsessin basqarıwın biz ha`m teoriyalıq jaqtan sotsial psixologiyalıq ha`diyse dep tu`siniwimiz ushın tiykar bolg`an derekler bar, olarda shaxstın` bul uqıplılıg`ı onın` konkret kishi tparlardag`ı ko`z-qaraslar shen`berinde tutqan sotsial ornı ha`m topardag`ı fenomenler tiykarında qaralıwın talap etedi. Ma`slege bunday jantasıw en` da`slep Amerika psixologiya mektebindegi belgili da`stu`rlerge baylanıslı bolıp, bul pikirlerdin` basında turg`an alımlar qatarına D.D`yui, G.Ollport, J.Piaje, V.Kvinn, D.Ash, D.Mayerslerdin` izertlew jumıslarına su`yendik. Bilimnin` tuwrıdan –tuwrı shaxsqa baylanıslılıg`ı haqında onın` pikiri sonnan ibarat, adam neni bilgisi kelse, birinshi sezetug`ın ta`repi bul- onın` hayran qalıwı. Demek, neni bolsa da ko`rip, pikir qılıp, hayran qalıw- erkin pikirlewdin` baslang`ısh tochkası ekenligi, sonday-aq E.İl`enkov oqıwshılarg`a pikirlewdi u`yretiwdi sorawlardı durıs qoya alıw uqıplılıg`ın rawajlandırıwdan baslaw za`ru`r, dep esaplaytug`ınlıg`ı, onın` pikirinshe, aqıldı sonday ta`rbiyalaw kerek, qarama-qarsılıq ashıwlanıw ushın sebep bolmastan, ba`lki erkin islew ushın, na`rselerdi erkin qarap shıg`ıw ushın tu`rtki bolatug`ınlıg`ı, eger oqıwshı qatar urınıw ha`m qa`telerden son`, oqıtıwshının` aytıp beriwin ku`tpesten, mashqalalı jag`daydan shıg`ıw jolın tapsa, ol aqılıy rawajlanıw jolında bir adım aldıg`a jıljıwı mu`mkin eken.

## III-bap. Oqıwshılarda reproduktiv pikirlewdi eksperimental u`yreniw

### 3.1. Oqıwshılarda reproduktiv pikirlew o`zgesheliklerin psixologiyalıq jaqtan anıqlaw

İzerlew jumısımızda biz jaslardın` reproduktiv pikirlew haqqındag`ı pikirlerin anıqlaw maqsetinde, izertlew ob`ektimizde No`kis pedagogika kolledji oqıwshılarının` arasında «Men reproduktiv pikirlew degende neni tu`sinemen?»- degen sorawdı o`tkerdik. Bul sorawg`a berilgen juwaplardı to`mendegi tablitsada keltirip o`ttik.

**«Men reproduktiv pikirlew degende neni tu`sinemen**? (n=60)

1-tablitsa

| № | Juwaplar mazmunı | Sorawlarg`a juwap bergenler % |
|---|---|---|
| 1 | Reproduktiv pikirlew –bul hesh kimnin` ja`rdemisiz o`z kewlindegi ga`plerin, tileklerin aytıw | 37,4 |
| 2 | Reproduktiv pikirlew- bul qanday da bir jag`dayg`a, sorawg`a, ha`diysege o`z mu`na`sibetin bildiriwi | 22,3 |
| 3 | Reproduktiv pikirlew- bul insannın` o`zi tu`singen temanı reproduktiv bayan ete alıwı, o`zi usı tema boyınsha pikir ju`ritiwi | 15,6 |
| 4 | Anıq juwap jazbag`anlar | 14,3 |
| 5 | Reproduktiv pikirlew-bul insannın` o`z mashqalaların o`zi sheshiwi | 6,5 |
| 6 | Reproduktiv pikirlew bul bolıp o`tken waqıyanı o`z miyinde analiz qılıw | 3,9 |

1-tablitsada ko`rinip turg`anınday, o`spirimlerdin` 37,4% i - Reproduktiv pikirlew –bul hesh kimnin` ja`rdemisiz o`z kewlindegi ga`plerin, tileklerin aytıw,-dep tu`sinedi.Bunda o`spirimler ushın hesh kimnen ja`rdem soramaw, o`zi «reproduktiv» kewlindegi ga`plerin, sezimlerin bayan etiw kerek ekenligi aytıladı. 22,3 % o`spirimler Reproduktiv pikirlew- bul qanday da bir jag`dayg`a, sorawg`a, ha`diysege o`z mu`na`sibetin bildiriwi - dep aytıp o`tken. Bunda shaxstın` do`gerek a`tiraptag`ı ju`z berip atırg`an ha`diyselerge mwna`sibet bildiriwi aytıladı.15,6 % o`spirmler reproduktiv pikirlew- bul insannın` o`zi tu`singen temanı reproduktiv bayan ete alıwı, o`zi usı tema boyınsha pikir ju`ritiwi,-dep tu`sinedi. Bunda o`spirimlerdin` reproduktiv pikirlewi sabaqta o`tilgen temanın` mazmunın jaqsılap tu`sinip alıp, usı temanı aytıp beriw menen baylanıstıradı. Olar reproduktiv pikirlewdi mısallar menen tu`sindirmekshi boladı, biraq anıq juwaptı ko`rsetip bere almaydı.

En` jaqsı shıg`armalardın` biri sıpatında oqıwshı A.L nın` shıg`armasınan mısal keltirip o`tsek, «Reproduktiv pikirlew degende, men ha`r bir insan o`zinin` shaxsıy pikirine iye bolsa,onı biyma`lel ayta alsa, uyalmawın tu`sinemen, reproduktiv pikirge iye insan a`tiraptabolıp atırg`an waqıyalar, telvizor arqalı beriletugın ko`rsetiwler haqqında ba`sekilese aladı. G`arezsizlik berilgeli berli bizlerge u`lken imtiyazlar berildi. Ol da bolsa Reproduktiv pikir ju`ritiw, o`z pikirin anıq ayta alıw, bul pikir basqa pikirlerge qarsı bolsa da onı ayta alıw huqıqı. Televizorda berilletug`ın ko`rsetiwlerde O`zbekistan jasları tek g`ana O`zbekistanda, al pu`tkil du`n`yada ju`z berip atırg`an waqıyalar- ha`diyseler haqqında o`zlerinin` jeke pikirlerin bildiredi».

**«Men reproduktiv pikirlew degende neni tu`sinemen?»** -degen shıg`arma boyınsha alg`an natiyjelerge elede anıqlıq kiritiw maqsetinde alıng`an natiyjelerdi to`mendegi gistogrammada sawlelendirip beriwge ha`reket qıldıq.




2.1.1-gistogramma

«Reproduktiv pikirdi qanday qılıp rawajlandırıw mu`mkin?»- degen sorawg`a oqıwshılar mendegishe juwap bergen.

**Oqıwshılardın` reproduktiv pikirdi rawajlandırıw haqqındag`ı pikirleri**

(n=60)

2-tablitsa

| № | Juwaplar mazmunı | Sorawlarg`a juwap bergenler % |
|---|---|---|
| 1 | Ko`p kitap oqıw arqalı rawajlandırıw mu`mkin | 70,1 |
| 2 | Ha`r qıylı insanlar menen qarım-qatnasta bolıw arqalı rawajlandırıw mu`mkin | 11,59 |
| 3 | Televizorda berilip atırg`an jaqlardan xabardar bolıw arqalı rawajlandırıw mu`mkin. | 11,4 |
| 4 | O`z u`stinde islew arqalırawajlandırıw mu`mkin | 10,4 |
| 5 | Tu`rli ba`sekilerde o`z pikirin bayan etiw arqalı rawajlandırıw mu`mkin | 6,4 |
| 6 | Xa`r qıylı keshelerde qatnasıw arqalı rawajlandırıw mu`mkin | 5,2 |
| 7 | Reproduktivlik beriliwi kerek | 2,6 |
| 8 | Sayaxat qılıw arqalı rawajlandırıw mu`mkin | 2,3 |

2-tabliada ko`rinip turganınday, o`spirimlerdin` ju`da` ko`pshilik bo`legi, yag`nıy 70,1% i- Ko`p kitap oqıw arqalı insanda reproduktiv pikirlewdi rawajlandırıw kerek,-dep esaplaydı. Haqıyqattan da ko`p kitap oqıg`anda shıg`arma qaharmanları haqqında unamlı yaki unamsız pikir payda boladı.

11,5 % talabalardın` pikirinshe, ha`r qıylı insanlar menen qarım-qatnasta bolıw da reproduktiv pikirlewdi rawajlandıratug`ın fatorlardan esaplanadı. İnsan basqa insan menen qarım –qatnaska kiriser eken, onın` pikirine qosıladı, yaki og`an qarsı shıg`adı, degen pikirin bayan etedi.

Usılayınsha insannın` pikiri payda boladı ha`m rawajlanadı. Salıstırmalı tu`rde alıp qarag`anda olardın` sotsial psixologiyalıq faktor rolin tu`sinbewleri ta`lim sistemasında usı mashqalag`a jetkilikli da`rejede itibar qaratpag`anlıgınan derek beredi.

11,4 % talabalar televizorda bolatug`ın jan`alıqlarda xabardar bolıw arqalı rawajlandırıw mu`mkin, dep esaplaydı. Olardın` pikirinshe, du`n`ya xabarlarınan xabardar bolıwı arkalı insannın` shaxsıy pikiri rawajlanıp baradı.

10,4 % talabalar o`z u`stinde islew arqalı reproduktiv pikirdi rawajlandırıw mu`mkin, dep esaplaydı. Hakıyqattan da o`z u`stinde reproduktiv tınbay izlengen oqıwshının` reproduktiv pikirlewi de artıp baradı.

6,4 % talabalar tu`rli keshelerde qatnasıw arqalı reproduktiv pikirdi rawajlandırıw mu`mkin, dep esaplaydı. Oqıwshı tu`rli keshelerde qatnasıp, ko`pshilik ishinde o`zin jog`altıp almaw, o`zine bolg`an isenimi artadı. Bunnan tısqarı bunday keshelerde o`z betinshe jumıslardın` joqarı forması bolg`an, oylawdı rawajlandırıwg`a da imkaniyat ju`zege keledi.

Solay etip, talabalar tu`rli kitap oqıw arqalı, gazetalar oqıw, televizorda berilip atırg`an du`n`ya xabarlarınan xabardar bolıw arqalı, basqalar menen qarım-qatnasta bolıw, o`z u`stinde islew, tu`rli keshelerge qatnasıw, tu`rli ba`sekilerde o`z pikirlerin bildiriw arqalı reproduktiv pikirdi rawajlandırıw mu`mkin, dep esaplaydı.

**«Oqıwshılardın` reproduktiv pikirdi rawajlandırıw haqqındag`ı pikirleri ?» -** degen soraug`a alg`an natiyjelerge elede anıqlıq kiritiw maqsetinde alıngan natiyjelerdi to`mendegi gistogrammada saulelendirip beriwge ha`reket qıldıq.




2,.1.2-gistogramma

Proektiv usılda berilgen «Men reproduktiv pikirlewden ….» degen sorawg`a jaslardın` to`mendegi tipik juwapların analiz qıldıq.

**O`qıwshılardın` reproduktiv pikir bildirip atırg`an waqıttag`ı jag`dayın tu`siniwi (n=60)**

3-tablitsa

| № | Juwaplar mazmunı | Sorawlarg`a juwap bergenler |
|---|---|---|
| 1 | Men o`z pikirimdi hammenin` aldında ayta alaman | 46,4 |
| 2 | Pikirimdi aytıwg`a uyalaman | 24,4 |
| 3 | Pikirimdi bayan etpekshi bolg`anımda ju`regim tez-tez urıp ketedi | 8,8 |
| 4 | Pikirimdi bayan etiwge qorqaman | 4,9 |
| 5 | Pikirimdi doslarım aldında ayta alaman | 4,9 |
| 6 | Pikirimdi aytsamba eken, aytpasam ba eken | 3,7 |

| | | |
|---|---|---|
| | dep ekilenemen | |
| 7 | İnsang`a kewilimdegi ga`pti ayta almayman, sırtqa shıgara almayman | 2,3 |
| 8 | Reproduktiv pikirimdi ayta alg`anımnan quwanaman | 2,3 |
| 9 | Pikirlerimdi umıtıp qoyaman | 2,3 |

3-tablitsada ko`rinip turganınday, 46,4 % oqıwshılar o`z pikirlerin ha`mmenin` aldında ayta alaman, dep ko`rsetken, olar o`zine isenetug`ın, bilimli, doska aldında ko`p juwap bergenlikleri, topar ag`zaları olardı unamlı qabıl etkenlikleri ushın, olarda reproduktiv pikirlew, pikirlerin bayan ete alıw sheberligi payda bolg`an.

Biraq ju`da` ko`pshilik oqıwshılarımız reproduktiv pikirlewden uyalıwların (24,4), 8,8 % lerinin` ju`rekleri tez-tez urıp ketiwin, 4,9 % talabalar qorqıwların, 4,9 % talabalar tanıs auditoriyada dosları aldında g`ana pikirlerin bayan etiwlerin aytqan.

Talabalardın` reproduktiv pikirlewi ha`m o`z-o`zin bahalawı ortasındag`ı baylanıstı u`yreniw maqsetinde «o`z-o`zin bahalaw» testinen paydalandıq.

**«Oqıwshılardın` reproduktiv pikir bildirip atırg`an waqıttag`ı jag`dayın tu`siniwi»** degen sorawg`a alg`an natiyjelerge elede anıqlıq kiritiw maqsetinde alıngan natiyjelerdi to`mendegi gistogrammada saulelendirip beriwge ha`reket qıldıq.



2.1.3-gistogramma

4-tablitsa

**Oqıwshılardın` o`z-o`zine bergen bahası** n=60

| № | | 5 | 4 | 3 | 2 | 1 | -1 | -2 | -3 | -4 | -5 | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Reproduktiv | | | | | | | | | | | Qaramlı |
| 2 | O`zine isenetug`ın | | | | | | | | | | | O`zine isenbeytug`ın |
| 3 | Aktiv | | | | | | | | | | | Passiv |
| 4 | Erki ku`shli | | | | | | | | | | | Erki bos |
| 5 | Reproduktiv, shox | | | | | | | | | | | Tartınshaq |
| 6 | Bilimli | | | | | | | | | | | Bilimsiz |
| 7 | Kirisiwshen` | | | | | | | | | | | Pısmıq |
| 8 | Jan beriwshi | | | | | | | | | | | Qaytpaytug`ın |
| 9 | Aqıllı | | | | | | | | | | | Aqılsız |
| 10 | Tez pikirleytug`ın | | | | | | | | | | | A`ste pikirleytug`ın |
| 11 | Basqalardan o`zgeshe pikirleytug`ın | | | | | | | | | | | Ha`mme menen birdey pikirleytug`ın |
| 12 | Ha`r qıylı usıl menen sheshiw | | | | | | | | | | | Bir qıylı usıl menen sheshiw |
| 13 | Ku`shli qıyalparaz | | | | | | | | | | | Fantaziyası jaqsı rawajlanbag`an |
| 14 | Jansarak | | | | | | | | | | | G`amsız |
| 15 | Al`truist | | | | | | | | | | | Egoist |

Joqarıdag`ı tablitsag`a itibar berip qarasaq, oqıwshılar o`zlerin o`zleri tek unamlı ta`repten bahalag`an, biraq o`z-o`zin bahalaw ju`da` joqarı emes, ortasha.

Reproduktiv pikiri joqarı bolg`an M.T nın` o`z-o`zine bergen bahası ha`m topar ag`zalarının` og`an bergen bahasın salıstıramız.

M.T. nın` o`z-o`zine bergen bahası ha`m topar ag`zalarının` og`an bergen bahası

5-tablitsa

| № | | 5 | 4 | 3 | 2 | 1 | -1 | -2 | -3 | -4 | -5 | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Reproduktiv | | | | | | | | | | | Qaramlı |
| 2 | O`zine isenetug`ın | | | | | | | | | | | O`zine isenbeytug`ın |
| 3 | Aktiv | | | | | | | | | | | Passiv |
| 4 | Erki ku`shli | | | | | | | | | | | Erki bos |
| 5 | Reproduktiv, shox | | | | | | | | | | | Tartınshaq |
| 6 | Bilimli | | | | | | | | | | | Bilimsiz |
| 7 | Kirisiwshen` | | | | | | | | | | | Pısmıq |
| 8 | Jan beriwshi | | | | | | | | | | | Qaytpaytug`ın |
| 9 | Aqıllı | | | | | | | | | | | Aqılsız |
| 10 | Tez pikirleytug`ın | | | | | | | | | | | A`ste pikirleytug`ın |
| 11 | Basqalardan o`zgeshe pikirleytug`ın | | | | | | | | | | | Ha`mme menen birdey pikirleytug`ın |
| 12 | Ha`r qıylı usıl menen sheshiw | | | | | | | | | | | Bir qıylı usıl menen sheshiw |
| 13 | Ku`shli qıyalparaz | | | | | | | | | | | Fantaziyası jaqsı rawajlanbag`an |
| 14 | Jansarak | | | | | | | | | | | G`amsız |
| 15 | Al`truist | | | | | | | | | | | Egoist |

____________ Topar ag`zalarının` M.T.g`a Bergen bahası.

----------------- M.T.nın` o`z-o`zine bergen bahası

Joqarıda tablitsada qorinip turg`anınday, topardın` reproduktiv pikiri joqarı bolg`an ag`zası M.T.nın` o`z-o`zin topardın` og`an bergen bahası ha`m topardın` og`an bergen bahasınan to`men bahalag`an.

Reproduktiv pikiri to`men rawajlangan A.K nın` o`z-o`zine bergen bahası ha`m topardın` og`an bergen bahasın salıstıramız.

M.T. nın` o`z-o`zine bergen bahası ha`m topar ag`zalarının` og`an bergen bahası

6-tablitsa

| № | | 5 | 4 | 3 | 2 | 1 | -1 | -2 | -3 | -4 | -5 | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Reproduktiv | | | | | | | | | | | Qaramlı |
| 2 | O`zine isenetug`ın | | | | | | | | | | | O`zine isenbeytug`ın |
| 3 | Aktiv | | | | | | | | | | | Passiv |
| 4 | Erki ku`shli | | | | | | | | | | | Erki bos |
| 5 | Reproduktiv, shox | | | | | | | | | | | Tartınshaq |
| 6 | Bilimli | | | | | | | | | | | Bilimsiz |
| 7 | Kirisiwshen` | | | | | | | | | | | Pısmıq |
| 8 | Jan beriwshi | | | | | | | | | | | Qaytpaytug`ın |
| 9 | Aqıllı | | | | | | | | | | | Aqılsız |
| 10 | Tez pikirleytug`ın | | | | | | | | | | | A`ste pikirleytug`ın |
| 11 | Basqalardan o`zgeshe pikirleytug`ın | | | | | | | | | | | Ha`mme menen birdey pikirleytug`ın |
| 12 | Ha`r qıylı usıl menen sheshiw | | | | | | | | | | | Bir qıylı usıl menen sheshiw |

| | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 13 | Ku`shli qıyalparaz | | | | | | | | | | Fantaziyası jaqsı rawajlanbag`an |
| 14 | Jansarak | | | | | | | | | | G`amsız |
| 15 | Al`truist | | | | | | | | | | Egoist |

--------- A.K.nın` o`z-o`zine bergen bahası

_______ Topardın` og`an bergen bahası

6-tablitsada ko`rinip turg`anınday reproduktiv pikiri to`men rawajlang`an A.K. topardın` og`an bergen bahasına salıstırg`anda o`zin-o`zi joqarı bahalag`an. Tap sonday jag`day topardın` qalg`an ag`zalarında da baqlandı, mısal retinde tek birewin g`ana keltirip o`ttik.

Solay etip, reproduktiv pikirlewi joqarı bolg`an oqıwshılar, topar ag`zalarının` bergen bahasına salıstırg`anda o`zlerin o`zleri to`men bahalaydı. Biraq olar doslarının` qollap-quwatlap atırg`anlıqların ishinen sezgen halda, reproduktiv pikirlerin an`sat bildiredi. Reproduktiv pikiri jaqsı rawajlanbag`an oqıwshılar bolsa, o`zlerin-o`zleri topardın` olarg`a bergen bahasına salıstırg`anda joqarı bahalaydı.

Biraq olar topar ag`zalarının` olardı qollap-quwatlamay atırg`anlıqların, jaqtırmaytug`ınlıqların ishinen sezgenlikleri ushın reproduktiv pikirlerin bayan ete almaydı. Demek, reproduktiv pikirin bayan etiwin rawajlandırıw ushın shaxstın` toparda ta`n alınıwın, shaxslar ara o`zara mu`na`sibetler sistemasındag`ı ornı da a`hmiyetli eken.

Usı jerde aytıp o`tiw kerek, o`spirimler toparı o`zlerin-o`zleri tek g`ana unamlı ta`repten bahalaydı. Bul jag`day aldın`g`ı bapta o`spirimler menen o`tkerilgen ta`jiriybelerde de baqlang`an edi. Demek, insan shaxs sıpatında o`zine unamsız baha beriwdi, o`zinin` unamsız qasiyetlerin ta`n alıwı, basqasha aytqanda men «jaman ekenmen» dep ta`n alıwdı hesh qashan qa`lemes eken.

Talabalar reproduktiv pikirlewinin` rawajlang`anlıg`ı da talap da`rejesinde emes. Sonın` ushın arnawlı sho`lkemlestirilgen shınıg`ıwlarda oqıwshılardı reproduktiv pikirlewge u`yretiw za`ru`r.

## 3.2. Oqıwshılarda reproduktiv pikirlewdi rawajlandırıwshı shınıg`ıwlar.

Oqıwshılar reproduktiv pikirlew haqqında jazg`an shıgarmalarında olardın` 31,25 % i o`z pikirlerin bayan etiwge uyalatug`ınlıqların, 12,25%i basqalarg`a pikirimdi ayta almayman, 6,25% pikirlerimdi bayan etiwge uyalaman dep juwap bergen. Sonın` ushın har bir treningti talabalardag`ı uyalıw, tartınıw sezimlerin joq etiwge bag`darlang`an shınıg`ıwlardan basladıq.

Oqıwshılar o`zlerindegi uyalıw, tartınıw sezimlerin jen`ip, o`z pikirlerin biyma`lel bayan etse, o`z pikirlerinin` durıslıg`ına dosların isendirse, a`sirese olardın` pikirlerinin` durıslıg`ın basqalarg`a da`liylley alsa, olarda aqılıy ko`terin`kilik payda bolg`anınan derek beredi. Aqılıy ko`terin`kilik bolsa oylaw reproduktivliginin` joqarı da`rejesi esaplanadı.

Endi oqıwshılarda aqılıy ko`terin`kilik, reproduktiv pikirlerin rawajlandıratug`ın shınıg`ıwlarg`a itibarın`ızdı qaratamız.

**1-shınıg`ıw: Tu`sinikler arasındag`ı mu`na`sebetlerdi analiz qılıw**.

Joba:

1. Uyalıwdı joq etiw.
2. Tu`sinikler arasındag`ı mu`na`sibetlerdi analiz qılıw.

Maqseti: oqıwshılarda uyalshaqlıqtı joq etiw, olarda analiz, sintez operatsiyaların rawajlandırıw, tu`sinikler arasındag`ı baylanıstı tabıw arqalı reproduktiv pikirlewge u`yretiw.

Tu`sinikler arasındag`ı mu`na`sibetti analiz qılıw.

1. Uyalıwdı joq etiw.

a) o`zin`izdin` ku`shli ha`m bos ta`replerin`izdi ko`rsetken halda, o`z maqsetin`izdi sa`wlelep berin`;

b) siz ushın ne qa`dirli ekenligin, nege iseniwin`izdi, o`z o`mirin`izdin` qanday bolıwın qa`lewin`izdi sheship alın`;

v) ayıpkerlik ha`m uyalıw sezimi tabıslarg`a erisiwin`izge kesent beredi. Sonın` ushın uyalıwdı jen`ip, biz usınıp otırg`an tapsırma boyınsha o`z pikirin`izdi biyma`lel bildiriwge ha`reket qılın`.

2. Tu`sinikler arasındag`ı mu`na`sibetti analiz qılıw.

Ko`rsetpe: Sizge 20 tapsırmadan ibarat so`zler jubı usınıs etiledi. Birinshi qatarda aralarında za`ru`r mu`na`sibetler bar bolg`an so`zler jubı berilgen. Ma`selen tog`ay-terek. Ekinshi qatarda so`z ha`m og`an say bes so`z berilgen. Mine usı ekinshi wi birinshi so`zge, birinshi qatardag`ı so`zler qanday mu`na`sibette bolsa, tap sonday mu`na`sibette boladı. Ma`selen: «Bag`-miyweli ag`ashlar», «Kiapxana- bag`, ha`wli, qala, teatr, kitaplar. Bul jerde kitaplar so`zi say keledi, qanday sorawlar bar?. Tayarlanın`! Basladıq!»

Bul oyında en` ko`p juwap tapqan talaba jen`ip shıg`adı.

1. Mektep-ta`lim.

Emlewxana- shıpaker, okıwshı, mekeme, emlew, kesel.

2. Pıshaq-polat;

Stol-vilka, Terek, stul, awqat, dasturhan.

3. Qosıq- geren`;

Su`wret-qulaq, soqır, su`wretshi, su`wret, kesel.

4. Balıq-tor;

Shıbın-, xana, gu`willemek, o`rmekshi.

5. Qus-in;

İnsan-adamlar, qus, jumısshı, haywan, u`y.

6. Nan-nan pisiriwshi.

U`y-vagon, qala, baspana, qurıwshı, esik.

7. Pal`to-sa`dep.

Botinka-pishiwshi, du`kan, ayaq, baw, toppı.

8. Oraq-ot.

Ustara-pishen, shash, o`tkir, polat, asbap.

9. Ayaq – etik.

Qol-tapochka, mush, qolqap, barmaq, pa`nje.

10.Suw-sho`llew.

Awqat-ishiw, ashlıq, nan, azıqlıq.

11.Elektr-sım.

Puw-lampochka, at, suw, trba, qaynaw.

12.Parovoz-vagonlar.

At-poez`d, jılqı, sulı, arba, atxana.

13.Almas-nusqa.

Temir-qımbat bahalı, temirden islengen, polat, a`dettegi, qattı.

14.Ju`girmek- turmaq

Baqırmaq- tınısh bolıw, embeklemek, shawqım salıw, shaqırıw, jılaw.

15. Qasqır-awız.

Qus-hawa, tumsıq, bu`lbil, ma`yek, qosıq aytıw.

16. Teatr-tamashago`y.

Kitapxana-aktyor, kitaplar, kitapxanashı, qızıg`ıwshı.

17.Temir-temirshi

Terek-tu`bir, jarg`ı, o`nermentshi, qabıq, shaqa.

18. Ayaq-tayaq.

Bap, tayaq, ko`za`ynek, qurıw, murın,ko`z jasları.

19. Erte-keshte.

Qıs-suwıq, quyash, jaz, yanvar`, shana.

20. Sportshılar-trenerler.

Talabalar-institutlar, ta`rbiyashılar, oqıtıwshılar, ata-analar, oqıwshılar.

Bul shınıg`ıw ja`ma`a`tte o`tkizilgeni ushın oqıwshılarda ja`ma`a`t bolıp pikirlew xızmetin a`melge asırıwg`a ken` imkaniyat jaratıladı. Topardın` ku`sheytiriwshi funktsiyası ta`sirinde shaxstın` reproduktiv pikir bildiriw uqıplılıg`ı artadı. Oqıwshıg`a toparda o`z pikirlerinin` durıslıg`ın biyma`lel da`liyllew, bayan etiw imkaniyatı beriledi.

II-shınıgıw: So`z tabıw oyını.

Jobası:

1. Tartınshaqlıqtı korrektsiya qılıw.

2. So`z tabıw

Maqseti: oqıwshılarda so`zlerden so`z jasaw usılı arqalı Reproduktiv pikirlewdi rawajlandırıw.

1. tartınshaqlıqtı korrektsiya qılıw.

a) o`zin`izdin` tartınshaqlıg`ın`ızdın` sebeplerin shaxsı nuqsanlarınan emes, al ha`zirgi jag`daydag`ı fizikalıq, sotsiallıq, ekonomikalıq ha`m siyasiy ta`replerin`izden izlen`.

b) o`zin`izdi hesh kashan to`men baxalaman`, a`sirese, o`zin`izge «aqmaq», «uqıpsız», «a`wmetsiz» sıyaklı qa`siyetler ta`n dep oylaman`.

v) Sizin` ha`reketlerin`iz ha`r qanday bahag`a ılayıq, bunnan o`zin`iz ushın paydalanın`. Biraq basqalarg`a sizdi shaxs sıpatında a`shkara etiwlerine imkan bermen`.

2. So`z tabıw oyını.

Oyınnın` sha`rti: oqıwshılar eki adamnan bolıp diadalarg`a birlesedi. Oyında qatnasıwshılarg`a qanday da bir so`z, ma`selen, «Alpamıs batır» so`zi beriledi. Bul so`zdi ha`r bir diada o`z aldındag`ı qag`azg`a jazıp aladı. Keyin ha`r bir diadag`a bul so`zde katnasıwshı ha`riplerden ilajı barınsha ko`birek jan`a so`zlerdi du`ziw usınıs etiledi. Bul so`zden en` ko`p jan`a so`zler du`ze alg`an diada jen`ip shıg`adı.

Bul oyında analiz, sintez sıyaqlı oylaw operatsiyaları rawajlandırıladı. O`spirimlerde jazba reproduktiv pikirlerin bayan etiw (tartınshaq o`spirimler ushın) imkaniyatı beriledi. Oyında kishkene toparlarda jarıs sha`rayatında oylaw na`tiyjeliligi rawajlandırıladı.

III- -shınıg`ıw: «Naqıllardın` mazmunın aytıw».

Joba:

1. Jaslarda o`zine bolg`an isenimdi payda etiw.

2. Naqıllardın` mazmunın bayan etiw.

Maqseti: oqıwshılardag`ı uyalıwdı joq etiw ha`m naqıllardın` mazmunın aytıw arqalı olardın` reproduktiv pikirlerin rawajlandırıw.

1. Oqıwshılarda o`zine bolg`an isenimin payda etiw.

a) o`z kemshiligin`izdi seziwge ma`jbu`rleytug`ın adamlar, jag`daylar, shınıg`ıwlarg`a ko`nlikpe, o`zin`izge isenim payda bolatug`ınday, olardı yaki o`zin`izdi o`zgerte almaysız, olar menen baylanıstı u`zin`. O`mir ju`da` qısqa bolıp, onı u`mitsizlikke sarplap bolmaydı.

b) o`zin`izge bosasıwg`a imkan berin`, o`z pikirlerin`izge qulaq salın`, o`zin`izge unaytug`ın shınıg`ıw menen jalg`ız shug`ıllanın`. Tap sonday qılg`anın`ızda o`zin`izdi jaqsıraq tu`siniwin`iz mu`mkin.

v) pikir almasıwg`a ha`reket etip ko`rin`. İnsanlar pikir almasqanda payda bolatug`ın energiya sezimi menen la`zzetlenin`. İnsanlar sizin`

ag`aların`ız, apaların`ız bir-birine uqsamaydı, olada o`zine ta`n qa`siyetlerge iye.

Ko`z aldın`ızg`a keltirin`, olar da o`zine isenbew sezimlerin seziwi mu`mkin, olarg`a ja`rdem beriwge urınıp ko`rin`. Olardan neni qa`lewin`iz ha`m olarg`a ne bere alıwın`ız kerekligi haqqında oylap ko`rin`. Keyin olarg`a bunday pikir almasıw ushın siz ha`r dayım tayar ekenligin`izdi tu`siniwlerine imkan jaratıp berin`.

2. «Naqıllardın` mazmunın aytıw» oyını.

Oyın sha`rti: qatnasıwshılar u`shewden bolıp triadalarg`a bo`linedi. Birinshi triada ag`zalarınan birewi qanday da bir naqıl aytadı: Ma`selen «bilegi ku`shli birdi jıg`adı, bilimi ku`shli mın`dı jıg`adı» . Ekinshi triada ag`zaları bolsa, bul naqıl neni an`latıwın aytadı. Oyın usı ta`rizde dawam etedi. Bul oyında qatnasıwshılarg`a o`z pikirlerinin` durıslıg`ın da`liyllew, reproduktiv bayan etiw, tartısıwlar ushın imkaniyatlar jaratıladı. Son` ekinshi triada ag`zalarınan birewi, birinshi triada toparına qanday da bir naqıl aytadı, oyın usı ta`rizde dawam etedi. Naqıllardın` mazmunın tolıq, anıq durıs, ko`birek tapqan triada jen`ip shıg`adı. Bul oyında da ja`ma`a`t bolıp pikirlew xızmeti ushın imkaniyatlar jaratıladı.

IV- shınıg`ıw: Aqılı zor berip isletiw oyını.

Jobası:

1. O`spirimlerde o`zine bolg`an isenimin payda etiw.

2. «Oylaw boranı» oyını.

Maqseti: jaslarda o`zine bolg`an isenimin arttırıw, miyge kelgen ha`r qanday pikirlerdi bayan etiw arqalı o`spirimlerde reproduktiv pikirlewdi rawajlandırıw.

1. Oqıwshılarda o`zine bolgan isenimdi payda etiw.

a) o`z «Men» in`izdi ha`dden tısqarı qorıqlawdı toqtatın`, ol siz oylag`annan da bekkem ha`m iyiliwshen`. Ol sıg`ıladı, biraq sınbaydı. «Menin`iz» hareketsiz ha`m jekelenip qalg`annan go`re, qısqa mu`ddet ishinde sezimlik da`akkini bastan keshirgeni abzal.

b ) o`z aldın`ızg`a maqsetlerdi qoyın`, bunday maqsetlerge erisiw ushın aralıq, ishki maqsetlerge de erisiw za`ru`r bolsın.

Bul aralıq maqsetlerge erisiw ushın qanday qurallar za`ru`r ekenligin shamalap ko`rin`.

O`zi bir tabıslı qa`demin`izdi itibarsız qaldırman`, o`zin`izdin` kewlin`izdi ko`teriwdi, maqtawdı umıtpan`. Kemtarlıqtı bilmeytug`ın adam bolıp ko`riniwden qorqpan`, sizdi hesh kim esitpeydi.

v) siz jag`ımsızlıqlar jag`ılatug`ın to`men ob`ekt emessiz, u`stin`izge shıg`ıp ketiwin ta`shwishlenip ku`tip turatug`ın-boran emessiz. Siz- rawajlanıw piramidasının` shoqqısısız, siz-ata-anan`ız a`rman-u`mitlerinin` tımsalısız. Siz-qaytalanbas shaxssız, o`z o`mirin`izdin` aktiv do`retiwshisisiz, siz ha`diyselerdin` basqarıwshısısız. Eger siz o`zin`izge isensen`iz, tosıqlar u`stem bolıp qaladı ha`m ol orınlawg`a iytermeleydi. Uyalshaqlıq ta joq bolıp ketedi, sebebi siz qanday jasaw haqqında qa`weterleniw ornına qaynap turg`an o`mirge shu`mip ketesiz.

2. «Oylaw boranı» oyını.

Pikirlerdi reproduktiv bayan etiwdin` ja`ne bir forması bar, onın` atı orıs tilinde «mozgovaya ataka» dep ataladı. Bizin` tilimizde onı «pikirlerdin` urısıwı» yamasa aqıldı ku`sh berip isletiw dep aytsaqta boladı. Metodtın` psixologiyalıq a`hmiyeti sonda, pikir alısıwshılarg`a miyge qanday pikir quyılıp kelse, biraq izbe-iz aytıw imkaniyatı beriledi. «aqıldı zor berip isletiw» metodikasının` tiykarg`ı sha`rtleri to`mendegiler esaplanadı.

1. Hesh kimdi a`shkara qılmaw ha`m barlıq usınıslardı qabıl etiw.
2. İlajı barınsha ko`birek, fantastikalıq ha`m basqalardıkine uqsamaytug`ın ideyalardı usınıs etiwge ha`reket etiw.

3. Basqa qatnasıwshılardın` pikirlerin dıqqat penen esitiw, olardı dawam ettiriw, rawajlandırıwg`a umtılıw.

Oqıwshılarg`a pikir alısıw teması aytıladı: ko`z aldın`ızg`a keltirin`, siz modellerdin` jan`a formasın islep shıgarıwshısısız. Siz oylap tapqan modeller ha`zirgi modellerde bar bolmag`an qanday abzallıqlarg`a iye?.

Oqıwshılar wazıypanı tu`sinip bolg`annan son`, pikir alısıwlar baslanadı. Bul oyında oqıwshılar miyine kelgen pikirlerdi aytıwı menen reproduktiv pikirlew imkaniyatları rawajlandırıladı.

V-shınıg`ıw: «Parlamenttegi ba`sekiler»

Jobası:

1. Sırdı izleymiz!
2. Parlamenttegi ba`sekiler.

Maqseti: oqıwshılarda tu`rli mashqalalı jag`daylarda reproduktiv pikirlew sheberliklerin rawajlandırıw.

Shınıg`ıwdın` barısı:

1. Sırdı izleymiz. O`zinizdegi jasırın o`zgeshelshiklerdi to`mendegi formada izlewge urınıp ko`rin`. Ko`z aldın`ızg`a keltirin`. Alımlardın` biri tap senin` nusqan` bolg`an robottı jarattı. Robottın` barlıq bo`limleri senin` o`zin`. Biraq ol-jamanlıq quralı bolg`anı ushın, adamlar onı siz dep qabıl etiwlerin qa`lemeysiz. Sizin` ta`kirarlap bolmaytug`ın qanday qa`siyetlerin`iz bar? Sizdi jaqsı biletug`ın adamlar robotı sizden ajırata ala ma? Sizin` sırın`ızdı biletugın kim dur robotqa sırınızdı aytıp qoyıwı mu`mkin be?.

Siz barlıq sırların`ızdı ashıp boldın`ız, biraq robot ha`mmesin tap sendey etip orınlaw ilajın isledi. Siz-bul siz, sizin` nusqan`ız benen robot emesligin`izge hesh bolmag`anda o`zin`iz iseniwin`iz ushın aqırında kanday en` tiykarg`ı sırdı ashasız?.

2. Parlamenttegi ba`sekiler.

«Ko`z aldın`ızg`a keltirin`, ha`r birin`iz Oliy Majlis deputatısız, siz deputatlıq qılıp atırgan rayonda, qalada, oblastta xalıqtın` turmıs da`rejesin jaqsılaw ushın qanday jumıslardı amelge asırg`an bolar edin`iz?».

Bul oyında da pikirlerin reproduktiv bayan etiw imkaniyatı jaratıladı.

VI-shınıg`ıw: sıyqırlı ko`za`ynek oyını.

Jobası:

1. U`shmu`yesh na`rseler.
2. Kvadrat na`rseler.

Maqseti: oqıwshılarda divergent oylawdı rawajlandırıw.

1. U`shmu`yesh na`rseler.

Oyın basında qatnasıwshılar ekewden diada toparlarına bo`linedi. Oyın ushın har bir qatnasıwshıg`a qag`azdan ko`za`ynek tayarlanadı ha`m to`mendegi qollanba beriledi: «sizin` aldın`ızdag`ı sıykırlı ko`za`ynek, onı taqqanda tek u`shmu`yesh na`rseler ko`rinedi. Ko`zayneklerdi tag`ıp, qanday u`shmu`yesh na`rselerdi ko`rip atırg`anlıg`ın`ızdı aytın`. Ko`shede, u`yde, klassınızda qanday u`shmu`yesh na`rseler bar ekenligin eske tusirin`. En` ko`p u`shmuyesh predmetlerdi tapqan diada jen`ip shıg`adı».

2. Kvadrat na`rseler. Endi tek g`ana kvadrat na`rselerdi ko`rsetetug`ın ko`za`ynek tag`amız. Qanday kvadrat na`rselerdi ko`rip atırganlıg`ın`ızdı aytın`. En` ko`p kvadrat predmetlerdi tapqan diada jen`ip shıg`adı».

Bul oyında oqıwshılarda divergent oylaw rawajlandırıladı.

VII – shınıg`ıw: «Gu`rrin`di dawam ettiriw».

Jobası:

1. Gu`rrin`di dawam ettiriw.
2. La`zzet asxanası.

Maqseti: jaslarda oylawdı rawajlandırıw, olarda oyın jag`daylarında reproduktiv pikirlerdi bayan etiw sheberliklerin rawajlandırıw.

1.Gu`rrin`di dawam ettiriw.

Oqıwshılarg`a qanday da bir gu`rrin`nin` bası okıp beriledi. Son` shınıgıwdı alıp barıwshı toqtap, oqıwshılardan gu`rrin`di dawam ettiriwin soraydı. Ha`r

bir oqıwshı gu`rrin`di o`zinshe dawam ettiriwi mu`mkin. En` original ha`m tamalang`an juwap joqarı bahalanadı.

«Ku`nlerdin` birinde kishkene bala mektepten u`yine qaytıp kiyatır edi. Ol trotuardan ketip baratırıp, mayda qumırısqalardı basıp barar edi. Ol ju`da` jaqsı bala edi. Ol hesh kimge jamanlıq qılıwdı qa`lemes edi. Tosattan ol toqtap qaldı. Onın` ayag`ının` astında, quyash nurına jıltırap, taza ten`ge jatar edi. Bala ten`geni alıp qaltasına saldı. Bul ten`ge sıyqırlı ten`ge edi. Bala a`lbette bul haqqında bilmeytug`ın edi……..» Gu`rrin`di dawam ettiriw. Usınıs etiledi. Shınıg`ıw dawamında 2-3 gu`rrin`di dawam ettiriw ushın usınıs etiliwi mu`mkin.

Bul shınıg`ıwda da oqıwshılar pikirlerin bayan etiwleri ushın ken` sha`rayatlar jaratıladı.

3. «La`zzet» asxanası.

«ko`z aldın`ızg`a keltirin`, siz du`n`yadag`ı en` mazalı tag`amlar tayarlaytug`ın aspazlarsız. Ha`r birin`iz o`zin`iz unatqan tag`amlardı «La`zzet» asxanası» atlı televiziyalıq ko`rsetiwde tayarlaw usılların aytıp beriwin`iz kerek».

Bul oyında da talabalarda reproduktiv pikir bildiriw, so`ylew sheberlikleri rawajlandırıladı.

VIII – shınıg`ıw: Oylaw iyiliwshen`ligin rawajlandırıw.

Jobası:

1. Ken`islik baylanısların o`zgertiw.
2. A`dettegi ulıwma baylanıslardı o`zgertiw.

Maqseti: oqıwshılarda pikirdin` tiykargı quram bo`legi bolg`an oylaw iyiliwshen`ligin rawajlandırıw.

1. Ken`islik baylanısların o`zgertiw.

a) a`dette ken`islik baylanısların hayranqalarlıq da`rejede o`zgertiw usılı (ma`selen: avtomobil` joldın` ustinde emes, astında ju`rse-ne bolar edi?)

b) a`dette ken`islikte o`z-ara baylanıslı bolg`an ha`diyselerdi bir-birinen ajıratıw usılı (suwsız balıq, pulsız du`kan, kitapsız oqıwshı) ne ju`z beriwin aytıp berin`.

2. A`dettegi ulıwma baylanıslardı o`zgertiw.

a) Predmetlerdegi ulıwma belgilerdi logikalıq shıg`arıp taslaw usılı (ma`selen: «jer», «top» tu`siniklerinen domalaq belgisi alınıp taslanadı, jer sharı tegis bolsa, onda ne ju`z beredi?).

b) Ha`r qıylı predmetler ortasındag`ı ulıwmalıqtı tabın`. Ma`selen: stul ha`m ventilyator, insan miyneti jemisi, ekewide plastmassadan isleniwi mu`mkin. Adam stulg`a otırıp, ventilyator samalında dem aladı, u`y u`skeneleri h.t.b.

Joqarıdag`ı shınıg`ıwlar ja`rdeminde oylawdın` na`tiyjeliligi, iyiliwshen`ligi sıyaqlı sıpatları rawajlandırıladı.

## 3.3.Oqıwshılarda reproduktiv pikirlewdi rawajlandırıwshı psixokorrektsiyalıq da`stu`r

### 1-shınıgıw

### Altı tu`rli pikirlewshi toppı.

Maqseti: oqıwshılarg`a ha`r waqıtta bir pikirden pikirlew ha`reketin u`yretiw.

Shınıg`ıwdın` barısı: altı turli ren`li toppılar to`mendegilerdi an`latadı:

Aq toppı: faktler, sanlar, mag`lıwmatlar. Biz qanday mag`lıwmatlarg`a iyemiz, qanday mag`lıwmat za`ru`r.

Qızıl toppı: sezim, seziw, sezgirlik, aldınnan seze biliw. Berilgen mashqalalar boyınsha men neni sezip atırman?

Qara toppı: abaylı bolıw, haqıyqat,durıs mazmun ha`m faktlerge sa`ykeslik, haqıyqatqa qanshelli say keledi. Bul jaqsı isley me? Bul qa`nshelli qa`wipsiz? Bul ideya a`melge asa ma?

Sarı toppı: abzallıgı, payda. Ne ushın bunday qılıw kerek? Na`tiyjesi qanday boladı? Solay islew kerek pe?

Jasıl toppı: İzertlewler, usınılar, jan`a ideyalar. Bolıwı mu`mkin bolg`an jollar. Bunday jag`daylarda ne islew kerek? Basqa al`ternativ ideyalar barma?

Ko`k topı: Oylaw haqqında oylaw. Pikirlew protsessin baqlaw. Berilgen basqıshlar ushın juwmaq shıg`arıw. Keyingi pikirlew protsesin anıqlaw. Berilgen jag`day ushın oylaw dastu`rin ilgeri su`riw.

Shınıg`ıwdı alıp barıwshı: «Xa`zir ha`mmemiz bir neshe minut qandayda bir ren`li toppını kiyemiz. Ha`mmemiz jasıl toppını 3 minut kiyemiz».

Mashqala:

a ) «Okeanda sho`gip atırgan kemeni qutqarıw ushın ne islew kerek?» Jasıl toppını kiyip jan`a ideyalardı, usınılardı ilgeri su`remiz. Sizde qanday sezimler payda bolganlıg`ın anıqlaw ushın qızıl toppını kiyemiz.

Endi ha`mmemiz aq toppını kiyip qanday faktlar, mag`lıwmatlarg`a iyemiz, qanday mag`lıwmat za`ru`rligi haqqında oylaymız.Ha`mme razı ma?

Ha`me ko`k toppını kiyedi. Qaysı bag`darda pikirlew za`ru`rligi hakqında sizin` usınısların`ız?

b) Qolaylıq ushın toppılar 6 turli. Eger sizge olardın` sanın asırıw usınıs etilse, qanday oylaw tu`ri ushın jan`a toppılardı usınıs etken bolar edin`iz?

v) İnsan qanday toppı kiygende bul ga`plerdi aytıw mu`mkin ekenligin anıqlan`:

«Ne ushın fabrikanı satpastan onı ijarag`a alıw mu`mkin emes?»

«Endi biz toqtap, barlıq o`zimizde bar variantlardı sanap ko`rsetiwiiz kerek?»

«Ol mag`an jaqpaydı, sonın` ushın onın menen islewdi qa`lemeymen».

«Benzinnin` baxasın asırıw, adamlardı abaylap ju`riwge ma`jbu`rleydi, dep oylayman».

«Eger meni tuwılg`an ku`nge shaqırmasa, sawg`ag`a pul bermeymen».

«Bul diywalg`a shıg`ıw mu`mkin emes».

2-shınıgıw

Barlıq faktorlardı qarap shıg`ın`.

Maqseti: Sınalıwshılar bir mashqalanı, ma`seleni sheship atırg`anda, olarg`a barlıq faktorlardı esapqa alıwın, qabıl etiwin rawajlandırıwdı u`yretiw.

Shınıg`ıwdın` barısı: Barlıq faktorlardı esapqa alıw- bul dıqqattı bir na`rsege ko`birek qaratıw usıllarınan biri. Onın` maqseti qabıl etiw ko`lemin ken`eytiw.

Bir adam satıwg`a shıg`arılg`an avtomobillerdin` ishinde sport mashinasın ko`rip qaladı. Ol ko`pten berli usınday mashinanı satıp alıwdı a`rman etip ju`rgen edi. Mashinanın jag`dayı ju`da` jaqsı, az ju`rgen. Bahası da arzan edi. Ol adam quwanıp ketedi, biraz waqıttan keyin ol kelip mashinanı satıp aladı. Ol mashinanı quwanıshı ishine sıymay aydap keledi. Biraq mashina biraz ken` bolıp garajg`a sıymaydı. Bul adam barlıq faktorlardı esapka almag`anlıg`ı belgili bolıp qaladı.

Ma`mleket bay shet el puqaralarına u`y –jaylardı qımbat bahada satıwg`a ruxsat berip qoydı. Biraq tez arada ma`ha`lliy xalıq bul qalada jasay almaslıg`ı belgili bolıp qaldı, sebebi jan`a bahalar olar ushın ju`da` qımbat edi. Kimdir barlıq faktorlardı esapqa alıwdı umıtqan.

Barlıq faktorlardı esapka alıw usılına u`yretiwbar faktorlar dizimin ja`nede toltırıwdan ibarat.

Neni esapqa almadıq? Bar dizimge ja`ne bir faktordı qosıw mu`mkin be? Ja`ne neni qarap shıgıw kerek? A`hmiyetli ha`m ekinshi da`rejeli faktorlar bar. Biraq tiykargı ku`sh barlıq faktorlardı izlep tabıwga qaratılıwı tiyis.

Barlıq faktorlardı qarap shıgın` usılın qollanıwga baylanıslı shınıgıwlar.

1. Haywan u`yretiwshinin` baxıtsız ha`diyse sebepli jolbarıslardan biri o`lip qaldı. Ol o`lgen jolbarıstın` ornına basqasın tabıwı kerek. Siz onın` ornında bolsan`ız barlık faktorlardı karap shıg`ın usılın qanday qollang`an bolar edin`iz? Qanday faktorlardı na`zerde tutıw kerek?.
2. Siz koka-kolanın` jaslarg`a qaratılg`an reklamasın oylap tabıwıın` kerek. Qanday faktorlardı esapqa alıw za`ru`r? Barlıq faktorlardı karap shıgın usılınan paydalanın`.
3. Siz jumısqa kirmesten aldın sa`wbetten o`tiwin`iz za`ru`r. Neni este saqlaw kerek? Barlıq faktorlardı qarap shıg`ın` usılınan paydalanın`.

4. Ata-anan`ız qayjerge barıp demalıwın kelisip atır. Barlıq faktorlardı esapqa alın` usılınan paydalanıp, to`mendegi faktorlar dizimin aldı.
   - Bahası;
   - Hawa – rayı;
   - Jaqsı restoranlar;
   - Ten`izge jaqınlıg`ı;
   - Sport shınıg`ıwları ushın imkaniyat.
5. Dostın`ız pul qarız berip turıwın soraydı. Barlıq faktorlardı esapqa alın` usılın paydalanıp, to`mendegi faktorlar dizimine iye bolasız. Siz barlıq na`rseni esapqa aldın`ız ba?
   - Qansha pul kerek?
   - Qansha waqıtqa qarız almaqshı?
   - Jaqın dostın`ız ba?

3-shınıg`ıw

Al`ternativalar, İmkaniyatlar, Tan`law.

Maqseti: oqıwshılardı pikirlew protsessinde uqsas imkaniyatlardı qarap shıg`ıwg`a u`yretiwden ibarat.

Shınıg`ıwdın` barısı: Al`ternativalar, imkaniyatlar, tan`law dıqqatın bag`darlaw usıllarınan biri. Al`ternativalar ha`r qıylı bolıwı mu`mkin.

Qabıl etiw. Bir na`rse tu`rli qarastan qaralıwı mu`mkin.

Ha`reket. Berilgen jag`dayda tu`rlishe ha`reket qılıwı mu`mkin.

Sheshimler. Mashqalanı al`ternativ jollar menen sheshiw.

Qaraslar. Mashqalanın` sheshimin tabıw ushın tu`rli ta`repten qaraw.

Al`ternativ variantlardı izlew sebepli «Jilet» firması ulıwma qa`wipsiz taraqtı oylap tabıw imkaniyatına iye boldı.

Al`ternativalar, imkaniyatlar, tan`law usılın paydalanıw ushın shınıg`ıwlar.

1. Eger barlıq adamlar belgisiz kesellik sebepli geren` bolıp qalsa, olar bir-biri menen qanday qatnasta bolar edi?

   Alb`ternativalar, imkaniyatlar, tan`law usılın paydalanıp, 3 ten artıq al`ternativalardı tabın`.

2. Shofyorlar joldan paydalang`anlıg`ı ushın salıq to`leydi. Joldan paydalang`anlıg`ı ushın ha`q to`lewdin` ja`ne qanday usılın usınıs etiwin`iz mu`mkin.
3. Ju`da` sırlı telefon qon`ırawı boldı. Sizge biytanıs adam menen kafede belgilengen waqıtta ushırasıwdı iltimas qıldı. Bunı qanday tu`sindiriw mu`mkin? Siz qanday reje tiykarında ha`reket qılasız

Al`ternativalar, imkaniyatlar, tan`law usılın eki ma`rte paydalanın`.

4. Ko`shede basına qon`ır ren`degi paket kiyip alg`an adam ketip baratır, onın` minez-qulqın siz qanday tu`sinesiz?

Al`ternativalar, imkaniyatlar, tan`law usılın eki ma`rte paydalanıp, keminde bes bolıwı mu`mkin bolg`an sebeplerdi ko`rsetin`.

Dosların`ız benen qayırqomlıq etiw maqsetinde pul jıynawdı sho`lkemlestirdin`iz. Sizin` iqtıyarın`ızda bir ku`n g`ana qaldı. Al`ternativalar, imkaniyatlar, tan`law usılın eki ma`rte paydalanıp, pul jıynawdın` bolıwı mu`mkin bolg`an variantların islep shıg`ın`.

6. Siz televizion ekrannın` al`ternativ formasın oylap tabıwın`ız mu`mkin? Razı bolsan`ız Sarı toppını kiyip, siz usınıs etken varianttın` abzallıqların sanap o`tin`.

7. Ayırım qala ha`wlileri ju`da` patas bolıp, xalıq ha`mme jerge musor ha`m bankalardı taslap kete beredi. Bul mashqalanı sheshiw ushın sizin` usınısların`ız? Al`ternativalar, imkaniyatlar, tan`law usılın paydalanıp, bul mashqalanı sheshiw ushın keminde u`sh variantın usınıs etin`.

## 4-shınıg`ıw

## Basqa adamlardın` qarasları

Maqseti: Ba`sekilerde eki ta`reptin` de pikirin esapqa alıwg`a u`yretiw.

Shınıg`ıwdın` barısı: Basqa adamlardın` pikiri-dıqqattı bag`darlaw usıllarınan biri bolıp, maqseti-qabıl etiw ko`lemin ken`eytiw. Basqa adamlardın` pikirleri usılı-keleshek a`wladtın` pikirin de esapqa aladı. Basqa adamlardın` pikiri, usılınan paydalanıwda bul mashqalanın` kimge tiyisli ekenligin anıqlap alıw za`ru`r. Son` bul adamlardın` pikirlerin ha`m qarasların ko`z aldın`a keltirip ko`riwin` kerek. Ayırım jag`daylarda mashqalag`a baylanısı bar adamlardın` dizimin sheksiz

dawam ettiriw mu`mkin. Bunday jag`daylarda mashqalag`a baylanısı ju`da` az bolg`an adamlardı esaplamasa da boladı.

Basqa adamlardın` pikirleri usılın qollanıw ushın shınıg`ıwlar.

1. Bir qız dostısına lotereya satıp alıw ushın pul beredi. Dostısı eki bilet satıp aladı. Olardın` birewine u`lken pul utısı shıg`adı. Qızlardın` qaysı birin pul utısı iyesi dewge boladı. Bul jag`dayda basqa adamlardın` pikiri usılınan paydalanın`.
2. Aytqanın qıldırıw ushın qız bala ashlıq dag`aza qıladı. Bul varianta da basqanın` pikiri usılınan paydalanın`.
3. Ta`lim sistemasın jaqsılaw ushın, ma`ha`lliy byudjettegi salıqlardı asırıp qoydı. Bul mashqalag`a tiyisli bolg`an barlıq adamlardı sanap o`tin`. Basqa adamlardın` pikirleri usılınan, olardın` atlarınan paydalanın`.
4. Balag`a muzıkanı qattı qoyıp sabaq tayarlaw unaydı. Ol radio naushnikten paydalanıwdı jaqtırmaydı. Onın` ata-anası ha`m sin`lisi tınısh otırıp islewdi unatadı. Basqa adamlardın` pikiri usılınan paydalanın`.
5. Qon`sın`ızdın` bag`ındag`ı shıraylı ag`ash bargan sayın ba`lent bolıp o`sip, sizin` xanan`ızdı tosıp qoydı. Endi xanan`ızg`a quyash nurı tu`spey qoydı. Basqa adamlardın` pikiri usılın paydalanıp, bul jag`day kimge tiyisliligi haqqında oylap ko`rin`. Ku`nlerdin` birinde ku`shli boran bolıp, ag`ash jıg`ılıp tu`sedi ha`m sizin` u`yin`izge zıyan keltiredi. Endi bul jag`dayda da basqa adamlardın` pikiri usılınan paydalanın`.
6. Sizin` 75 jaslı kempir apanız sizler menen birge jasamaqshı. Atan`ız, anan`ız ham shan`araq ag`zaların`ızdın` barlıq ag`zaları atınan basqa adamlardın` pikiri usılınan paydalanın`.

## 5-shınıg`ıw

## Aqıbet ha`m na`tiyje

Maqseti: Oqıwshılarg`a oylang`an pikirinin` aqıbeti ha`m na`tiyjesi nelerge alıp keliw mu`mkin ekenligin ko`rsetiw.

Shınıg`ıwdın` barısı: Ku`ndelik turmısta bul usıl a`xmiyetli bolıp, sebebi ha`r bir oylang`an pikirimizdin` na`tiyjesinde biz ha`reket qılamız, bul keleshekte a`melge asırılıwı da mu`mkin.

Biz onın` aqıbetine itibar beriwimiz za`ru`r. Xa`r bir ha`rekettin` na`tiyjesi tu`rli waqıtta a`melge asırılıwı mu`mkin.

Tezlik penen. Ha`rekettin` na`tiyjesi tezlik penen ko`rinedi.

Qısqa mu`detli. Asıg`ıslıq na`tiyjesinen son` tez ju`z beredi.

Ortasha tezlikte. Mashqala sheshilgennen son` ju`z beredi.

Uzaq mu`ddetli. Na`tiyje keyinirek ju`z beredi.

Aqıbetlerdin` ol yaki bul waqıtqa tuwrı keliwi jag`dayg`a baylanıslı boladı. Aqıbet ha`m na`tiyje usılın qollanıwg`a baylanıslı shınıg`ıwlar.

1. İytlerdi so`ylewge u`yretkende ne ju`z beredi? Aqıbet ha`m na`tiyje usılın paydalanın`. Tez ju`z beretugın ha`m uzaq mu`ddetli aqıbetlerdi aytıp berin`.
2. Avtomatlasıwdın` rawajlanıp barıwı na`tiyjesinde tez ku`nlerde adamlar 3 saattan artıq islemewleri mu`mkin. Bunday jag`dayda ne ju`z beriwi mu`mkin? Aqıbet ha`m na`tiyje usılın berilgen jag`dayda da qollanın`.
3. Ko`z aldın`ızga keltirin`, ilimiy izertlewlerde da`liylleniwinshe, televizordı uzaq ko`riw miy ushın zıyan eken. Aqıbet ha`m na`tiyje usılın qollanın`. Tez ju`z beretug`ın ha`m uzaq mu`ddetli aqıbetlerdi aytıp berin`.
4. Adamlarg`a 100 jasqa shekem jasawg`a imkan beretugın da`ri oylap tabıldı. Biraq bul da`ri ju`da` qımbat turadı.Aqıbet ha`m na`tiyje usılın qollanın`.
5. 10 jastan u`lken balalardın` ha`mmesine ha`ptesine 10 saat islew za`ru`rligin tastıyıqlaytug`ın jan`a nızam qabıl etildi. Berilgen jag`day ushın aqıbet ha`m na`tiyje usılın tolıq qollanın`.

6-shınıg`ıw

Unamlı, unamsız, kızıqlı.

Maqseti: Pikirlewshini da`slep jag`daydı jaqsılar u`yrenip, son` juwmaq shıg`arıwg`a u`yretiw.

Shınıg`ıwdın` barısı: Unamlı, unamsız, qızıqlı usılı dıqqattı bag`darlaw usılı bolıp, da`slep berilgen jag`daydın` barlıq unamlı ta`repleri , son` unamsız

ta`repleri ha`m aqırında qızıqlı ta`repleri izlenedi. Jag`daydı u`yreniwde ha`rdayım usı ta`rtipke ra`waya qılıw kerek.

Unamlı, unamsız, qızıqlı usılın qollanıw ushın shınıg`ıwlar.

1. Ko`p ma`mleketlerde g`arrı adamlardın` sanı artıp barmaqta, 60 jastan asqan barlıq puqaralardın` ma`npa`a`tlerin qorgaytugın siyasiy partiya du`ziw usınıs etildi. Bul usınıstı qızıqlı, unamlı, unamsız usılı ja`rdeminde sheshiwdi uyrenin`.
2. Ayırım zavodlarda ta`jiriybe sıpatında jumıs ku`nin 4 ku`nlik etip qoydı. Adamlar 10 saattan 4 ku`n islep, 3 ku`n dem aladı. Bul pikirdi unamlı, unamız, qızıqlı usılı ja`rdeminde oylap ko`rin`. Sizin`she bul jaqsı pikir me?
3. Anasının` pikirinshe balaları ju`da` ko`p televizor ko`redi, sonın` ushın ol televizordın` qasına pul salatug`ın korobka qoydı. Kadayda bir qızıq ko`rsetiwdi ko`rgen Adam pul to`lep ko`redi. Bul ideyanı unamlı, unamsız, qızıqlı usılıja`rdeminde qarap shıgın`.
4. Bunday usınıslar boyınsha siz qanday pikirdesiz. Jılda bir ha`pte dawamında balalar xojalıq jumısların Reproduktiv basqarıwları kerek. Bul jag`daydı unamlı, qızıqlı, unamsız usılı ja`rdeminde qarap shıg`ın`.
5. Mekteplerde oqıwshılar o`zlerine oqıtıwshılardı tan`lap alıwları ha`m olar jumısın bahalawları kerek pe? Bul mashqalanı unamlı,unamsız, qızıqlı usılı ja`rdeminde qollanın`.
6. Ayırım qalalarda velosipedlerdi pulsız ijarag`a beriwge qarar qılındı. Siz ko`shede velosipedti tan`lap alıp, paydalanıwınız mu`mkin, onı ja`ne basqa Adam alıp paydalanıwı mu`mkin. Bul jag`dayda unamlı, unamsız, qızıqlı usılın qollanın`.

**«FSMU» texnologiyası**

**Trening haqqında tusinik**

Bul texnologiya ba`sekili maselelerdi sheshiwde, yaki oqıw-seminar son`ında pikirlerin biliw maqsetinde yaki oqıw rejesi tiykarında qanday da bir bo`lim uyrenip bolıng`annan keyin qollanılıwı mumkin. Sebebi bul texnologiya tın`lawshılardın` o`z pikirin basqalarg`a o`tkiziwge, pikirin qorg`awg`a oqıw

protsessinde iyelengen bilimlerdi analiz qılıwg`a, bilimdi qay da`rejede iyelengenligin bahalawg`a ha`m tın`lawshılardı pikirlesiw ma`denityaına u`yretiledi.

Maqset: bul texnologiya tın`lawshılarg`a tarqatılg`an a`piwayı qagazg`a o`z pikirlerin anıq ha`m qısqa jag`dayda sa`wlelep berip, tastıyıqlawshı da`liyller yaki inkar etiwshi pikirlerdi bayan etiwge ja`rdem beredi.

Otkeriu texnologiyası:

Bul texnologiya bir neshe baskıshta otkeriledi.

1-Baskısh

- trener tınlaushılar menen birge mashkalalı temanı talıklauı kerek bolgan mashkalanı, yaki uyrenilgen bolimdi belgilep aladı;

-trener okıu shınıgıularında daslep xar bir tınlaushı jeke tartipte isleui, keyin bolsa kishi toparlarda jumıs alıp barılıuı xam sabaktın sonında jamaat bolıp isleui xakkında tınlaushılarga maglıumat beredi;

- shınıgıu dauamında ha`r bir tınlaushı oz pikirin Reproduktiv jagdayda tolık bayan etiui mumkin ekenligi esletip otiledi.

2-baskısh.

Ha`r bir tın`lawshıga FSMU texnologiyasının 4 basqıshı jazılgan kagazlar tarkatıladı.

F -pikirinizdi bayan etin;

S -pikirinizdin bayanına sebep korsetin;

M - ko`rsetken sebebinizdi daliyllep mısallar keltirin

U -pikirinizdi ulıwmalastırın`.

Ha`r bir tın`lawshı jeke ta`rtipte tarqatılgan qag`azdagı FSMUdın` 4 basqıshın o`z pikirleri menen jazba turde bayan etken halda toltıradı.

3-Basqısh

- trener ha`r tın`lawshı o`z qagazların toltırıp bolg`annan son` olardı kishi toparlarga boliniwin iltimas qıladı.

- trener 4 baskısh boyınsha jazılgan pikirlerdi ulken frmatta ulıumalaskan xalda 4 baskısh boyınsha jazıuların usınıs etedi.

4-baskısh

-kishi toparlarda daslep xar bir tınlaushı ozi jazgan xar bir baskıshtagı pikirleri menen topar agzaların tanıstırıp otedi.

-topar agzaları FSMU dın 4 baskıshın xar biri boyınsha ulıumalastırıp, onı korgauga tayarlık koredi.

- pikirlerin ulıumalastırıu uaktında xar bir tınlaushı oz pikirlerin korgauı, daliyllep beriui mumkin.

5-baskısh

-kishi toparlar ulıumalastırılgan pikirlerin korgaydı;

Topar uakili xar bir baskıshtı okıydı.

6-baskısh

-trener shınıgıudı tamamlaydı, bildirilgen pikirlerge oz munasebetin bildiredi;

-tomendegi sorulardı tınlaushılarga beredi

- usı trening jardeminde nelerdi uyrendiniz?;

- bul texnologiyanı okıu protsessinde paydalanıu arkalı kanday natiyjelerge erisiuge boladı?;

- bul texnologiyanı Jane kanday tartipte alıp barsa boladı?.

## «Skarabey» texnologiyası

Skarabey interaktiv texnologiya bolıp, ol okıushılarda pikirleui, este saklauının rauajlanıuına imkaniyat jaratadı, kanday da bir mashkalanı sheshiude oz pikirin ashık xam reproduktiv saulelep beriu sheberligin arttıradı. Bul texnologiya okıushılarga Reproduktiv rauishte bilimnin sıpatı xam darejesin jaksı baxalau, uyrenilip atrgan tema xakkındagı tusinik xam koz-karaslardı anıklau imakniyatın beredi. Ol asirese, turli pikirlerdi saulelendiriu, olar arasındagı baylanıslardı anıklauga imkan jaratadı.

- «Skarabey» texnologiyası xar tarepleme bolıp, onnan okıu materialının turli baskıshların uyreniude paydalanıladı:

- basında – okıu xızmetin jokarılatıu sıpatında ;

- temanı uyreniu protsessinde – onın mazmunı, duzilisi, mazmunın belgileu, olar arasındagı tikargı bolimler, tusinikler, baylanıslar xarakterin anıklau, temanı terenirek uyreniu, Jana tareplerin korsetiu;

-akırında alıngan bilimlerdi bekkemleu xam juumaklau maksetinde.

«Skarabey» texnologiyası okıushılar tarepinen ansat kabıl etiledi, sebebi ol xızmettin` pikirleu, biliu ozgesheliklerin esapka algan xalda islep shıgılgan. Ol okıushılar tajiriybesinen paydalanıudı kozde tutadı, reflektiv baklaulardı amelge asıradı, aktiv doretiushilik izleu xam pikirleu tajiriybesin otkeriu imkaniyatlarına iye.

Bul texnologiyanın ayırım abzallıkları sıpatında kabıl etiudi jenillestiriushi sızba formalardan paydalanıudı korsetiu mumkin.

«Skarabey» ayrıksha jumıslarda, kishi toparlarda xamde okıu jamaatlerinde kollanılıuı mumkin.

Talimnen tıskarı berilgen metod tarbiyalık xaraktergedegi katar uazıypalardı amelge asırıu imkaniyatın beredi:

- ozgeler pikirine xurmet;

-jamaat penen isleu sheberligi;

-Aktivlik;

- munasebetke kirisiushenlik;

- jumıska doretiushilik jaktan jantasıu;

- imkaniyatlardı korsetiu zarurligi;

-o ukıplılıgın xam imkaniyatların tekseriuge jardem beredi;

- «men» ligin saulelep beriuge imkaniyat jaratadı;

-oz jumısı natiyjelerine juuapkershilik xam kızıgıushılık oyatadı.

Tiykargı tusinikleri tomendegiler:

Assotsiatsiya- logikalık baylanıs bolıp, seziler, koz-karaslar, kabıl etiu, pikirler xam baskalar arasında payda bolıushı logikalık baylanıslar.

## «Bumerang» texnologiyası

Bul texnologiya bir shınıgıu dauamında okıu materialın teren xam bir putin uyreniu, doretiushilik jaktan tusinip jetiu, Reproduktiv iyeleuge bagdarlangan. Ol turli mazmun xam xarakterge iye bolgan temalardı uyreniuge jaramlı bolıp, oz ishine auız eki xam jazba jumıs formaların kamrap aladı xamda bir shınıgıu dauamında xar bir katnasıushının turli tapsırmalardı orınlauı, naubet penen okıushı yaki okıtıushı rolinde bolıuı, kereli baldı toplauına imkaniyat beredi.

«Bumerang» texnologiyası kritikalık pikirleu, logikanı rauajlandırıuga imkaniyat jaratadı; este saklau, pikirlerdi daliyllerdi jazba xam auızeki formalarda bayan etiu konlikpelerin rauajlandıradı.

Talim menen bir katarda berilgen metod tarbiyalık xarakterdegi katar uazıypalardı amelge asırıu imkaniyatın beredi:

- jamaat penen isleu sheberligi;

-munasebetke kirisiushenlik;

-Jaksı minez-kulık;

- konligiushenlik;

-ozgeler pikirine xurmet;

- aktivlik;

-basshılık;

-baskarıu sıpatların rauajlandırıu;

- jumıska doretiushilik jaktan jantasıu;

- oz xızmetinin` natiyjeli bolıuına kızıgıu;

- ozin xakıykıy baxalau.

Tiykargı tusinikler tomendegiler:

Ashık soraular- bul moraular karım-katnas, soylesiudi dauam etiuge imkaniyat jaratıp beredi. Olarga kıska, bir kıylı juuap beriu mumkin emes.

Jabık soraular- bul soraular aldınnan «aua» yaki «yak» tipindegi durıs ashık, juuaplardı beriudi kozde tutadı.

Kese (kwndalang)sorau - bir – birine jıyıp beriliushi kıska soraular katarı bolıp, bul ozine tan informatsiyalar izleu xam de daliyllerdi, opponentler

pozitsiyasın anıklau xam belgili kararlar kabıl etiu ushın ajayıp imkaniyat esaplanadı.

Bul sorau uaktında talıklauga kirisiu mumkin emes. Bul uakıtta tek soraular beriledi, talıklauga kirisilmeydi.

## «Aqılıy hu`jim» metodı

Aqılg`a hujim toparlarara kollanılatugın koplep ideyalardı islep shıgıu mumkin bolgan metod. Bul xakıykatında da talabalardın okıu protsessinde aktiv katnasıuları, turli ideyalardı okıu protsessinde aktiv qatnasıwları, turli ideyalardı bayan kılıu uaktında baskalardı da kızgın iske jollawları, ilxam menen isleulerine imkan beriushi xam onı xoshametleushi metod. Akılg`a hu`jim sonın` ushında aktivlestiriwdin zarur usılı, onda jalg`ız islew mu`mkin emes, bir g`ana ideya topardın barlıq qatnasıwların bir tu`rde o`zine tartıp aladı.

Oqıwshı tema yamasa sorawdı ajıratıp alıwı za`ru`r, keyin bolsa okıw aktivligi 5-10 minut aralıg`ındag`ı waqıt shegarasında jen`illestiriledi.

Aqılg`a hujim turli tarizde kollanıuı mumkin: maselen, kandayda temanı dodalau ushın, jana sorau koyıu yamasa kalegen kanday mashkalanı sheshiu ushın kollanadı.

Metodtı kollanıuga kirisiu…

| |
|---|
| ***1-metod.*** Topardın barlık katnasshılarına bir tema xam bir sorau koyıladı.<br>1.Okıtıushı okıu protsessinde liderlikti oz kolına sonday tarizde aladı: ol auditoriyadagı barlık talabalarga sorau beredi xam kandayda arnaulı temaga tiyisli barlık mumkin bolgan pikirlerdi aytıudı soraydı. |

***2-metod.*** Barlık tema xam soraular ulıuma bagdarı saklangan xalda ulken topar kuramındagı toparlarga usınıladı.

1.Okıtıushı ulıuma tema boyınsha birneshe, balkim 4-6 sorau tayarlauı mumkin.

2.Ulken topar kishi toparlarga ajraladı xam xar bir toparga akılga xujim otkeriu ushın bolek sorau beriledi.

3.Xar bir topar akılga xujim onimin jazıp alıu ushın bireuden Adam ajratadı, keyinshelik, protsess tamamlanıuı menen onı topardın barlık agzalarına usınadı.

4.İdeyalar xar bir topar tarepinen ulken kagazga markerden paydalanıp jazıp alınıuı mumkin. Sonday kagaz plakattın jokarısına tayarlangan soraular jazıp koyıladı. Kagaz-plakat protsesstin axırında xar bir kaleushi ne jazılgan xam jamlengenligin koriui ushın ilip koyıladı.

5.Akılga xujimnin bul metodı uakıttın kıskasha dauirinde bir soraudın bir neshe tarepi islep shıgılıuı zarur bolgan jerde juda paydalı.

6.Okıtıushı basshı-jardemshi sıpatında xareket kıladı xam bir topardan ekinshi toparga akıllık xujim amelge asırılıp atırgan uakıtta otip turadı.

Zurur ideyalar akılga xujim uaktında bolıuı xam tartıslarda dodalangan bolıuı kerek.

Kobinese zarur ideyalardı belgileu xam olar ishinen en jaksıların tanlap alıu uaktında auditoriyaga jardem beriu mutajligi tez-tez juzege kelip turadı. Yagnıy atınagana kishi karxana jaratıu sıyaklı.

Akırgı juumakka keliu, asirese kıyın. Bul tabiyiy, sebebi xar bir katnasshıga «ozinin ideyam en jaksı» degen ozgeshelik saykes. Ulıuma pozitsiya, xar kalay, tez tabıladı xam bunda tomendegi metod jardemge keliui mumkin.

Tanlau xam esapka alıu siseması ushın bes statiya:

– metod kanday da bir adamga ideyanı sheshiu uaktında, yagnıy atınagana kishi karxana tayarlau jagdaylarında kemshiliksiz esaplanadı;

- xar bir adamga turli jol menen paydalanıu mumkin bolgan 5 statiya jaratıladı. Bunnan tıskarı olar ozlerinin jeke ideyalarına olardı baylauları mumkin

emes, yagnıy olar 5 statiyanın barlıgın reproduktiv turde bir shamaga beriui yamasa baska shamalarga 3 xam 2 kıymatta salıstırıuı mumkin. Olar, xammeni, sonnı kalese, xar bir ideyaga ayrıksha statiya ajratıu mumkin. Olar 5 statiyanın barlıgınan paydalanıu zarur;

- statiyalar jıynaladı xam kop san toplagan anık ideya jenip shıgadı.

- tartıslı jagdaylardı dauıs beriu jolı menen sheshiu mumkin.

Xar bir katnasshı tarepinen kagazga islep shıgargan xam jazılgan zarur pikirler jıynaladı, endi topar kagazı turinde kaytadan tariplenedi.

- bunın en ansat jolı kishi toparlardın barlık ideyaları jazılgan uzın kagaz tayarlau esaplanadı, ideya takrarlanıp atırgan xar bir jagdayda onın kasına belgili koyıu zarur;

- Nazer taslasanız, daslep barlık 10 ideyadan en jokarı toplangan ballga koziniz tusedi, onnan son paseyiu tartibinde kalgan ulıuma ballar orın aladı xam baskalar;

- eger siz 10 ideyadan ibarat kagazdı tamamlay almasanız, 5 statiyadan ibarat esaplau sistemasınan paydalanıuınız mumkin. Jokarıda eskertilgenindey, kagazda kalgan ideyalar tiykarında sonday demokratiyalık jol menen kutilgen natiyjelerge erisiledi.

## «Pikirler xujimi» metodı

Uzliksiz topar bolıp «Pikirler xujimi» («Mozgovaya ataka») alıp barıu. Bul metodtan makset mumkinshiligi barınsha ulken mugdardagı ideyalardı jıynau, talabalardı bir kıylı pikirleu inertsiyasınan azat etiu, doretiushilik uazıypaların sheshiu protsessinde daslep payda bolgan pikirlerdi jeniu. Bul metod A.F.Osborn tarepinen usınılgan. Bu metodtın tiykargı printsipi xam kagıydası tartıs katnasshıları islep shıkkan kritikanı putkilley kadagalau, xar kanday xazil xoshametleu esaplanadı. Bul metodtan paydalanıudın jetiskenligi kop tarepten okıushı – shınıgıu basshısına baylanıslı. «Pikirler xujimi» katnasshıları mugdarı 15 adamnan aspauı kerek.

Jalpı «Pikirler xujimi». Bul metod J.Donal`d Filips tarepinen islep shıgılgan. Ol ulken toparlarda (20dan 20ga shekem bolgan) jana ideyalar islep shıgıu onimdarlıgın sezilerli darejede asıuın taminleydi. Barlık katnasshılar kishi-kishi 5-6 adamnan ibarat kishi toparlarga bolinedi. Xam xar bir kishi topar sheshetugın doretiushilik uazıypa xam mashkala boyınsha 15 minut dauamında garezsiz rauishte «Pikirler xujimi» otkeriledi. Onnan son xar bir topar uakili oz toparlarında islep shıgılgan ideya xakkında maglıumat beredi xam okıtıushı basshılıgında jamaat bolıp ogan baxa beredi xam olardan en jaksıları tanlap alınadı.

«Pikirdin tezlik xujimi»-destruktiv berilgen baxa menen dialog. Bul metod E.A.Aleksandrov tarepinen usınılgan. G.Ya.Bush tarepinen ozgertirilip jolga koyılgan dialogtın axmiyeti sonda, kollektiv bolıp ideyalar islep shıgıuda katnasshılardı doretiushilik imkaniyaları aktivlestiriledi xam ogan karsı ideyalar koyılgan.

Shınıgıulardın baskıshpa-baskısh tomendegi tarizde otkeriledi:

1-baskısh. Mugdar xam psixologiyalık karım-katnası tarepinen makul kishi toparlardı kaliplestiriu.

2-baskısh. Uazıypa, kashkaladan kelip shıgatugın maksetlerin tusindiriu.

3-baskısh. Tuurıdan-tuurı «Pikirler xujimi» kagıydasına tiykarınan xar bir topardan ideyalar islep shıgıu.

4-baskısh. İdeyalardı tartipke salıu xam bolistiriu;

5-baskısh. İdeyalardı destruktivleu, yagnıy amelge asıuı imkaniyatına karap baxalau;

6-baskısh. Aldıngı baskıshlarda bildirilgen kritikalık tartıslarga baxa beriu.

Jokarıdagı pedagogikalık texnologiyalardan paydalangan xalda sabak protsessinde (pange tiykarınan) turli mashkalalardı sheshiuge, olardın kelip shıgıu sebepleri, pikirleuge, oz pikirlerin dalilleu xam turli jagdaylardan shıgıuga uyretiude «Mashkalalı jagday» turin kollau mumkin.

***«Mashkalalı jagday»***

| «Mashkalalı» jagday turi | «Mashkalalı» jagdaydın sebepleri | Uaziyatdan shıgıp ketiu xareketleri |
|---|---|---|

| | | |
|---|---|---|
| İntizamnın jokarılıgı<br><br><br><br><br><br><br><br><br>Tabiyattın pataslanıuı, avtomobildin buzılıuı karım-katnastın joklıgı, ximiyalık xadiyseler xam baskalar. | 1.Sabakka kızıkpau.<br>2. Sabakka kesh keliui<br>3. Tarbiyasızlık<br>4. Sabakka tayar bolmaslık.<br>5. Sabaktı buzıu.<br>6.Okıtıushının auditoriyanı baskara almaslıgı<br>Yamasa | Okıtıushının professional darejeli, shaxsı. Sırtkı korinisi, sozi, tusindire biliui. |

Kolledjlerde kobinese baskarma uakilleri, basshı kadrlar, metodistler, okıushılar okıushılardın sabaklarına kiriu, sabaktı analiz kılıuda nelerge itibar beriu kerekligi xakkında kobinese bas katıradı. Sol sebepten biz bul toplamga sol masele juzesinen ayrım bir usınıslardı kiritdik. Xakıykatında okıushılardın sabagına kiriu xam onı analiz kılıu, birinshi naubette, sabakka kirip atırgan shaxstın koygan maksetine baylanıslı. Maselen: «Men jana temanı bayan kılıudagı tajriybenizdi yamasa baxalauınızdı, temanı bekkemleuinizdi, tolık sabak protsessin sholkemlestiriuinizdi, okıushı-talabalar menen karım-katnasınızdı xam t.b. uyrenbekshi edim», sogan karap, sabak analizi otkeriledi. Tomende berilgen usınıslar kop jıllık tajriybeler xam guzetiuler natiyjesinde xamde xazirgi kun talabı tiykarında duzilgen.

## 3.4. Baqlaw tajiriybeleri

İzertlew jumısımızda kolledj oqıwshılarında reproduktiv pikirlewdi rawajlandırıwshı metodlardın` kay darejede rauajlandırıuga u`lesin qosqanlıg`ın biliw maqsetinde, izertlew ob`ektimizde baqlaw ta`jiriybelerin o`tkerdik.

Oqıwshılardın` reproduktiv pikirlew o`zgesheliklerine rawajlandırıwshı metodlardı qanshelli darejede tasir etkenligin biliw maqsetinde «FSMU» texnologiyasınan paydalandıq ham alıng`an natiyjelerdi to`mendegi tablitsada keltirip o`ttik.

«FSMU» texnologiyası boyınsha alıng`an natiyjeler

2.3.1-tablitsa

n=50

| № | Anıqlawshı tajiriybe % | Baqlaw tajiriybe % |
|---|---|---|
| 1-kurs | 22,4 | 48,9 |
| 2-kurs | 31,5 | 68,9 |

Joqarıdag`ı tablitsadan korinip turganınday 1-kurs okıushılar anıqlaushı tajiriybede anagurlım tomen ekenligi yagnıy anna tili sabagında 22,4% korsetkishti bergen bolsa, baklau tajiriybesinde 48,9% korsetkishti berdi. Bunnan korinip turganınday bizin` jaslarımızg`a reproduktiv pikirlewdi rawajlandırıwshı metodlardan son` olardın` pikirlew qa`bileti anag`urlım da`rejede artkanlıg`ı ko`rinip tur.

2-kurs talabaları bolsa, anıklaushı tajiriybede 31,5% baklau tajiriybesinde bolsa, 70% ke artkanlıgının` guwası boldıq.

«FSMU» metodikası boyınsha alıngan natiyjelerge anıklık kiritiu maksetinde alıngan natiyjelerdi gistogrammada suuretlep beriuge xareket kıldık.




2.3.1-gistogramma

Tusinik:

Kok-anıqlaushı tajiriybe

Kızıl-baklaw tajiriybesi

Oqıwshılarda reproduktiv pikirlew qabiletinin` qanshelli darejede rawajlanganlıgın biliu maksetinde bizler oqıwshılarda «Skarabey» texnologiyasınan paydalandıq. Bul metodika oqıwshılardın` este saqlaw protsessinin` rawajlanıwına da ja`rdem beredi.

«Skarabey» texnologiyasınınan paydalanıp sabaq o`tken waqıtta oqıushılardın` reproduktiv pikirlew qabileti qanshelli da`rejede rawajlang`anlıg`ın anıqladıq ha`m alıng`an na`tiyjelerdi to`mendegi tablitsada keltirip o`ttik.

«Skarabey» texnologiyası boyınsha alıng`an natiyjeler

2.3.2-tablitsa

n=50

| № | Anıqlaushı tajiriybe % | Baqlaw tajiriybe % |
|---|---|---|
| 1-kurs | 29,8 | 56,7 |
| 2-kurs | 21,5 | 88,9 |

Joqarıdag`ı tablitsadan korinip turg`anınday 1-kurs oqıwshılardın` reproduktiv pikirlew qabileti rawajlandırıwshı shınıgıulardan keyin olardın` reproduktiv pikirlewi anag`urlım da`rejede artkan. Baqlaw ta`jiriybesinde 1-kurs oqıwshılardın` reproduktiv pikirlew qa`bileti 56,7% ko`rsetkishke iye bolg`an bolsa, 2-kurs talabaları 89% ke shamalasının` reproduktiv pikirlew qa`bileti joqarı da`rejede artkanlıg`ı ko`rinip tur. «Skarabey» texnologiyası boyınsha alıng`an na`tiyjelerge anıqlıq kiritiw maqsetinde alıng`an na`tiyjelerdi gistogrammada su`wretlep beriwge ha`reket qıldık.




2.3.2-gistogramma

Tusinik:

*Ko`k-anıqlaushı ta`jiriybe*

*Kızıl- baqlaw ta`jiriybe*

«Bumerang» texnologiyası boyınsha anıqlaushı tajiriybede tomendegi na`tiyjelerdi aldıq ha`m bul na`tiyjelerdi to`mendegi tablitsada keltiriwge ha`reket qıldık.

«Bumerang» texnologiyası boyınsha alıng`an natiyjeler

2.3.3-tablitsa

n=50

| № | Anıqlaushı tajiriybe<br>% | Baklau tajiriybe<br>% |
|---|---|---|
| 1-kurs | 19,8 | 80,2 |
| 3-kurs | 17,5 | 82,5 |

Joqarıdag`ı tablitsadan ko`rinip turg`anınday 1-kurs oqıwshılardın` anıqlawshı ta`jiriybede 19,8% ko`rsetkishke iye bolg`an bolsa, baqlaw ta`jiriybesinde 80,2%, 2-kurs talabaları anıklawshı tajiriybede 17,5% ko`rsetkishke, baqlaw ta`jiriybesinde bolsa 82,5% korsetkishke iye boldı.

Bunnan korinip tur «Bumerang» texnologiyası boyınsha baqlaw tajiriybesin otkergenimizde rawajlandırıwshı shınıg`ıwlar oqıwshılardın` reproduktiv pikirlew qa`biletinin` rauajlanıwına u`lken ja`rdem bergen.

Bul boyınsha anıq tu`sinikke iye bolıw ushın alıng`an na`tiyjelerdi to`mendegi diagrammada sa`wlelendirip beriwge ha`reket qıldık.




3.3.3-diagramma

Tu`sinik:
Kok-anıklaushı tajiriybe
Sarı- baqlaw ta`jiriybe

Usı metodikalar boyınsha oqıtıwshılardan «Oqıwshılardın` reproduktiv pikirlew qa`biletin rawajlandırıwda jana pedtexnologiyalardın` roli» degen soraw boyınsha okıtıwshılardan anketa sorauın otkerdik. Alıngan na`tiyjelerdi natiyjelerdi tomendegi talitsada keltirip ottik.

3.3.4-tablitsa

n=50

| № | Oqıwshılardın` reproduktiv pikirlew kabiletin rauajlandırıwda jana pedtexnologiyalardın` roli | % |
|---|---|---|
| 1 | Oqıwshılardın qızıgıushılıkların arttırıu, janalıklar jaratıu | 51.7 |
| 2 | Oqıtıwshı o`z-u`stinde ko`birek isleydi | 23.8 |
| 3 | Oqıwshılar menen jakınnan islesiu artadı | 14.9 |
| 4 | Psixikalık protsessleri rauajlanadı | 8.7 |
| 5 | Oqıwshılar arasındagı munasibetlerdi jaksılau | 6.9 |
| 6 | Jan`a metodlardan kobirek paydalanıu | 5.9 |
| 7 | Psixikalık protsessleri rawajlanadı | 3.9 |
| 8 | Ruwxıy jaqtan marapatlaw, oqıwshının` kewlinen jay tabıw | 3.9 |
| 9 | Birde bir  juwap jok | 0.9 |

Jokarıdag`ı tablitsadan ko`rinip turg`anınday «Oqıwshılardın` reproduktiv pikirlew qa`biletin rawajlandırıwda jan`a pedtexnologiyalardın` roli»  degen sorawımızga oqıtıwshılardın` 51,7%i oqıwshılardın` qızıg`ıwshılıqların arttırıw, jan`alıqlar jaratıw ushın qolaylı dep juwap berse, 14,9 %i oqıtıwshı o`z-u`stinde ko`birek isleydi, 5,9 %i jan`a metodlardan ko`birek paydalanıw ushın jaqsı, 0,9%i birde bir juwap jazbag`an, 3,9 %i oqıwshılardı ruwxıy jaqtan marapatlaw, oqıwshının` kewlinen jay tabıw, 3,9 %i sabak protsessinde ko`birek tu`sinikler beriw ushın, 6,9%i oqıwshılar arasındag`ı mu`na`sibetlerdi jaqsılaw ushın, 8,7%i oqıwshılardın` psixikalıq protsessleri rawajlanadı dep juwap bergen.

Bul na`tiyjelerge anıqlıq kiritiw maqsetinde alıng`an na`tiyjelerdi to`mendegi gistogrammada sa`wlelendirip beriwge ha`reket ettik.




3.3.4-gistogramma

## III-Bap boyınsha juwmaqlar

*Oqıwshılarda reproduktiv pikirlewdi eksperimental u`yreniw-dep atalg`an u`shinishi babı to`rt paragrafta o`z sa`wleleniwn tapqan. Oqıwshılarda reroduktiv pikirlew o`zgesheliklerin psixologiyalıq jaqtan anıqlaw- dep atalg`an birinshi paragrafında oqıwshılarda reproduktiv pikirlew qanday da`rejede ekenligin anıqlawshı metodlar ko`rsetip berilgen. Ekinshi paragrafında oqıwshılarda reproduktiv pikirlewdi rawajlandırıwshı shınıg`ıwlar, u`shinshi paragrafında oqıwshılarda reproduktiv pikirlewdi rawajlandırıwshı psixokorrektsiyalıq da`stu`r, to`rtinshi paragrafında anıqlawshı ha`m rawajlandırıwshı ta`jiriybeden keyin oqıwshılardın` reproduktiv pikirlewinde qanday o`zgeshelikler bolg`anlıg`ın biliw maqsetinde baqlaw ta`jiriybeleri o`tkerilgenligi haqqında aytıp, bir qatar usınıslardı berip o`ttik.* U`shinshi bapta O`spirimlik da`wirdegi oqıwshılar eksperimental toparı menen treningler o`tkerip bolg`annan keyin, da`stu`rdin` na`tiyjeliligin biliw maqsetinde takrarıy ta`jiriybe o`tkerildi. Aldın paydalanılg`an metodlar paydalanıldı. Ta`krarıy ta`jiriybelerde aldın paydalanılg`an metodlar paydalandıq. Bulardan *Men reproduktiv pikirlewdi qanday tu`sinemen? Temasında*

*shıg`arma tiykarında anketa sorawları;o``z-o`zin bahalaw testi, Reproduktiv pikirlewdi rawajlandırıwshı shınıg`ıwlardan*

paydalanıp takrarıy ta`jiriybe o`tkerdik. Test na`tiyjeleri boyınsha alıng`an mag`lıwmatlar boyınsha baqlaw ta`jriybesinde alıng`an na`tiyjeler menen rawajlandırıwshı ta`jiriybeden keyingi na`tiyjeler ortasında biraz parqtın` bolg`anlıg`ı anıqlandı.

Alıng`an mag`lıwmatlar, sonday-aq ata – analar ha`mde a`meliyatshı psixologlar menen sa`wbetler sonı ko`rsetedi, psixologiyalıq treninglerden keyin oqıwshılardın` reproduktiv pkirlew o`zgesheliklerinde pozitiv o`zgerisler payda boldı, bul bolsa o`tkerilgen psixotreningler da`stu`rinin` na`tiyjeli ekenliginen derek beredi.

Solay etip, juwmaq shıg`arıw mu`mkin, psixotreninglerdin` tu`rli formalarınan paydalanıw oqıwshılardın` reproduktiv pikirlew o`zgesheliklerin turaqlastırıw imkanıyatın beredi. Alıng`an mag`lıwmatlardı to`mendegi gistogrammalarda sa`wlelendirip berdik.

Oqıwshılar menen alıp barılatug`ın korrektsiya islerinin` maqseti olardı sırtqı ortalıq penen, onı qasındag`ı adamlar menen tolıq qarım-qatnasqa, kirisiwin ta`miyinlewden ibarat. Juwmaqlap aytatug`ın bolsaq biz tan`lag`an treningler oqıwshılardın` erkin pikirlew o`zgesheliklerin rawajlandırıwg`a jaqınnan ja`rdem beredi degen u`mittemiz.

.

## JUWMAQLAW

U`yrenilgen a`debiyatlar ha`m o`tkerilgen na`tiyjelerge tiykarlanıp to`mendegishe juwmaq islep shıg`ıldı:

G`a`rezsiz O`zbekstannın` keleshegi ha`r ta`repleme barkamal jetik a`wladtı ta`rbiyalawg`a baylanıslı. Sonın` ushında O`zbekstan Respublikası Oliy Ma`jilisinin` IX sessiyasında ta`lim-ta`rbiya sisteması tu`pten o`zgertiw, onı zaman talapları da`rejesine ko`teriw tiykarg`ı maqset etip alındı.

A`ne usınday aktual wazıypanı a`melge asırıwda xalqımızdın` milliy ruwxıy qadiriyatların u`yreniwi ha`m onnan barkamal a`wladtı ta`rbiyalawda paydalanıw u`lken a`hmiyetke iye. Sebebi barkamal insandı qa`liplestirmey turıp ja`miyetti ha`zirgi da`wir talabı da`rejesinde rawajlandırıp bolmaydı.

«Bu`gingi ku`nde bizin` islep atırg`an barlıq islerimiz perzentlerimizdin` baxıt ha`m saadatı, olardın` keleshegi ushın a`melge asırılmaqta. Biraq baxıt ha`m saadat tek g`ana baylıq, mal-mu`lik penen belgilenbeydi. A`depli bilimdan ha`m aqıllı, miynet su`ygish, iymanlı perzent tek g`ana ata-ananın`, ba`lki pu`tkil ja`miyettin` en` u`lken baylıg`ı esaplanadı»- degen edi Prezidentimiz o`zinin` «Yuksak ma`naviyat- engilmas kuch» shıg`armasında.

Ha`zirgi da`wirde milliy tikleniw tu`sinigi qa`liplesip atırg`an ja`miyette ruwxıy-aqılıy ortalıq, tiklenip atırg`an milliy qadiriyatlar, insan huqıqı, erki tiklenip atırg`an do`retiwshilik ku`sh-quwatı payda bolıp atırg`an bir sha`rayatta barkamal insan degende o`zinde sotsiallıq, siyasiy, ruwxıy, deni saw, ja`miyette o`zligin ha`m o`z uqıplılıqların ha`r ta`repleme ko`rsete alatug`ın, a`depli, du`n`ya bilimlerin tern` iyelegen aqılıy jaqtan jetik, fizikalıq jaqtan deni saw, du`n`ya go`zzallıqların seze alatug`ın reproduktiv do`retiwshi shaxs tu`siniledi.

Prezidentimiz İ.A.Karimov Oliy Majlistin` birinshi shaqırıq XIV sessiyasındag`ı shıg`ıp so`ylewinde aytıp o`tkenindey " Ja`miyet ruwxıyatın ja`nede rawajlandırıw ha`m reformalardı teren`lestiriw, ja`miyetti jan`alaw barısındag`ı jumıslar xızmetimizdin` u`stin bag`darlarının` birin quraydı. Sebebi ha`zirgi ku`nde a`melge asırıp atırg`an reformalarımızdın` jetiskenligin da`slep xalıq ruwxıyatının` tikleniwi, bay tariyxıy miyrasımızdın` ken` u`yreniliwi,

da`stu`rlerimizdin` saqlanıwı, ma`deniyat ha`m sanaat, pa`n-texnika ta`limnin` rawajlanıwı menen tikkeley baylanıslı.

Sonday-aq ol o`zinin` «Yuksak ma`naviyat-engilmas kuch» miynetinde: «Biz milliy ruwxıyatımızdı ha`r ta`repleme rawajlandırıw ma`selesin o`z aldımızg`a maqset etip qoyar ekenbiz, bu`gingi ku`nde ruwxıyatımızdı qa`liplestiretug`ın ha`m og`an ta`sirin tiygizetug`ın barlıq faktor ha`m kriteriyalardı teren` analiz etip, olardın` bunda qanday orın tutıwın jaqsı an`lap alıwımız maqsetke muwapıq boladı.

A`lbette ha`r qaysı xalıq yaki millettin` ruwxıyatın onın` tariyxı, milliy qadriyatlarınan ajıratqan halda ko`z aldımızg`a keltirip bolmaydı. Bunda, ta`biyiy, ruwxıy miyras, milliy baylıqlar, eski tariyxıy estelikler en` tiykarg`ı faktorlardan biri retinde xızmet etedi. Xalqımız siyasiy g`a`rezsizlik ha`m azatlıqtı qolg`a kirgizgennen keyin o`z ta`g`dirinin` haqıyqıy iyesi, o`z tariyxının` do`retiwshisi, o`zine ta`n milliy ma`deniyatının` iyesine aylandı.

G`a`rezsiz O`zbekstan xalıqlarının` bay ma`deniyatın, biybaha milliy filosofiyalıq ha`m ruwxıy miyrası, tariyxımızdın` tikleniwi ushın za`ru`r bolg`an barlıq imkaniyatların jaratıp bermekte. Xalqımızdın` milliy sanası, milliy maqtanıshı, ruwxıy du`n`yası ku`nnen-ku`nge bayıp barmaqta. Bul bolsa g`a`rezsiz ma`mleketimizdin` ruwxıy tiykarın ja`nede bekkemlewge imkaniyat jaratıp bermekte.

Biraq bunnan ruwxıylıq tarawında hesh qanday kemshilik joq degen juwmaq shıg`arıwg`a bolmaydı. Bu`gingi ku`nde reproduktiv puqara ruwxıyatın, azat shaxstı qa`liplestiriw ma`selesi aldımızda turg`an en` aktual ma`selelerden biri. “Basqasha etip aytqanda,- deydi Prezidentimiz - o`z ku`shi ha`m imkaniyatlarına su`yenetug`ın, a`tirapta ju`z berip atırg`an waqıya ha`m ha`diyselerge reproduktiv mu`na`sibet penen jantasatug`ın, shaxsıy ma`npa`a`tlerin ma`mleket ha`m xalıq ma`npa`a`tleri menen uyg`ın ko`retug`ın reproduktiv ta`repten barkamal insanlardı ta`rbiyalawımız kerek.[2]

---

[2] И.А.Каримов. «Юксак маънавият енгилмас куч». Тошкент «Маънавият». 2008. Б-29

Ha`zirgi da`wirde jaslardı reproduktiv pikir ju`ritiwge u`yretiw, reproduktiv pikir ju`ritiw imkaniyatların qa`liplestiriw mashqalası respublikamızdın` ta`lim sisteması aldında turg`an aktual wazıypalardın` biri esaplanadı. Usı mashqalanın` aktuallıg`ı haqqındag`ı faktor ma`mleketimiz Prezidenti İ.A.Karimovtın` jaslar mashqalasına arnalg`an ha`r bir shıg`ıwında interv`yu ha`m fundamental shıg`armalarında, pikirinde o`z sa`wlesin tapqan. Onın` Oliy Majilistin` IX sessiyasında so`ylegen so`zinde de ken` ja`ma`a`tshiliktin` dıqqat-itibarın usı temag`a qaratqan halda usınday pikirlerin talıqlawg`a taslag`an edi : "Demokratiyalıq ja`miyette balalar, ulıwma ha`r bir insan reproduktiv pikirleytug`ın etip ta`rbiyalanadı. Eger balalar reproduktiv pikirlewdi u`yrenbese berilgen ta`lim na`tiyjesiz boladı. A`lbette bilim kerek, biraq bilim o`z jolına. Reproduktiv pikirlew de u`lken baylıq esaplanadı. Solay eken O`zbekistanda "Kadrlar tayarlaw milliy da`stu`ri"nen ha`mde "Ta`lim haqqında"g`ı nızamnan go`zlengen tiykarg`ı maqseti bul "ja`miyette reproduktiv pikirleytug`ın shaxstı qa`liplestiriwden ibarat".

Sonı maqtanısh penen aytıp o`tiw kerek O`zbekistan Respublikası Konstitutsiyası 29-stat`yasında da ha`r bir insan reproduktiv pikirlew huqıqına iye ekenligi aytıp o`tilgen. Solay eken, "ha`r kim pikirlew, so`z reproduktivligi huqıqına iye".

Du`n`ya ko`lemindegi ha`zirgi sotsial-siyasiy turmıs insanıylıq ja`miyeti rawajlanıwdın` tiykarg`ı basqıshı usınday o`zine ta`n o`zgeshelikke iye ekenligi onda a`skeriy ku`sh emes, al intellektual jetiklik aqıl-parasat, pikirlew, jan`a texnika ha`m texnologiyalar sheshiwshi rol` atqaradı. Jaslardı reproduktiv pikirlewge u`yretiw arqalı olar keleshekte o`z aldılarında ju`zege keliwi ku`tilip atırg`an mashqalalardı do`retiwshilik usıl menen sheshiw arqalı xalıq xojalıg`ının` rawajlanıwına respublikamızdın` aldın`g`ı texnologiyalı du`n`ya ma`mleketleri qatarınan mu`na`sip orın iyelewine u`lken u`lesin qosıwg`a erisiwi mu`mkin.

Respublikada "Ta`lim haqqında"g`ı nızamdı "Kadrlar tayarlawdın` milliy da`sturin" a`melge asırıw protsessinde turmısımızdın` barlıq tarawlarında "insan faktorı"nın` roli artıp barıwı ko`zge taslanbaqta. Ha`zirgi da`wirde jetik qa`biletli

qa`niygelerdi ta`rbiyalawg`a qarag`anda talap ku`n sayın artıp barmaqta, solay eken ayrıqsha uqıplı shaxslardag`ana emes, al barlıq miynetkeshlerdin` do`retiwshilik imkaniyatların ilajı barınsha ko`birek rawajlandırıw za`ru`rligi ju`zege kelmekte. Bunday sha`rayatta insan ha`m onın` intellektual jetiskenligine baylanıslı pa`nlerdin` roli artıp barıwı ha`r bir insan shaxsında bar jasırın ta`rizdegi imkaniyatlarınan paydalanıw, olardı ju`zege shıg`arıw jol-jobaların teoriyalıq jaqtan islep shıg`ıw za`ru`rligi payda bolmaqta. Kishi mektep jası da`wirinde shaxstı qa`liplestiriwge ob`ektiv ha`m sub`ektiv faktorlar ta`sir ko`rsetedi. Oqıw xızmetinin` du`zilisi quramı quramalı ko`riniske iye bolıp, shaxstan tuwma sheberlik ha`m imkaniyatların ju`zege shıg`arıwg`a alıp keledi.

Ulıwmalastırıp aytatug`ın bolsaq:

1. Shaxstın` reproduktiv pikirlewi tek g`ana sotsial faktor maqsetler ha`m ha`reketler menen baylanıslı bolıp qalmastan, ba`lki shaxs ushın za`ru`r maqsetler menen de baylanıslı: sotsiallıq jaqtan maqsetlerge erisken shaxs, bir waqıttın` o`zinde o`z ma`pin anıqlap aladı ha`m o`z pikirin bildiredi. Shaxstın` biliw protsessin basqarıwı aqılıy ha`reketlerinin` ob`ektiv tiykarlanbag`anlıg`ı ha`m onın` sanalı bag`darlang`anlıg`ıda ju`zege keletug`ın onın` oylaw reproduktivliginen basqa na`rse emes.
2. İzertlewlerimizden ma`lim bolıwınsha, biz islep shıqqan treninglerde oqıw xızmetinin` toparlıq formaları a`melge asırıladı. Bul bolsa o`z na`wbetinde ta`lim sistemasında ha`r bir oqıwshıg`a en` ko`p aktivlik ha`m reproduktivlikti ta`miyinleydi. Olardan, bos o`zlestiriwshi oqıwshılar ushın da qolay jag`day jaratıladı, ha`r bir oqıwshının` o`zin ko`rsetiwshi za`ru`rligin qanaatlandırıw imkaniyatı payda boladı.
3. Reproduktiv pikirlew shaxs qa`siyeti bolıp, shaxstın` bilimlerin o`zlestiriwde ju`zege keletug`ın hu`kimlerdi shaxsıy pikirine ha`m isenimine o`tkeriw uqıplılıg`ı esaplanadı. Oylaw reproduktivligi fenomeninin` tiykarg`ı du`zilisine qarag`anda birlikleri hu`kimler, pikirler, ha`m isenimler esaplanadı.

4. İzertlew ushın islep shıg`ılg`an shınıg`ıwlar sisteması korrektsiyalıq ha`m rawajlandırıwshı o`zgeshelikke iye ekenligin tastıyıqladı ha`m sınalıwshılardın` reproduktiv pikirlewin rawajlandırıw ushın jaqsı islengenin statistikalıq isenimlilik da`rejesi menen ja`nede anıqlastırıldı.

Reproduktiv pikir ha`m shaxstın` toparda ta`n alınıwı arasındag`ı baylanıslılıq u`yrenildi.

Biz islep shıkqan reproduktiv pikirlewdi u`yreniw boyınsha shınıg`ıwlar kompleksi g`a`rezsiz respublikamızdın` reproduktiv pikirlewshi jasların ta`rbiyalawda o`zine ta`n da`stu`r bolıp qaladı degen u`mittemiz.

## PSİXOLOGİYaLIQ-PEDAGOGİKALIQ USINISLAR.

Oqıwshılarda reproduktiv pikirlewdi rawajlandırıw boyınsha to`mendegilerdi usınıs etemiz.

- Reproduktiv pikirlewdi rawajlandırıw maqsetinde trening-mashg`ulatlardı sho`lkemlestiriw;
- Shaxsta o`z ku`shi ha`m imkaniyatına isenim sezimin ta`rbiyalaw kerek;
- Oqıwshılarda o`z-o`zin an`law arqalı o`zine salıstırg`anda isenimdi payda etiw;
- Reproduktiv pikirlew sheberliklerin arttırıw lazım;
- Shaxsta unamsız emotsional jag`daylardın` aldın alıw lazım;
- Oqıwshılarda o`z shaxsına salıstırg`anda sanalı mu`na`sibetti rawajlandırıw lazım.
- Uyalshaq oqıwshılar ba`rqulla dıqqat itibarın`ızda bolsın. Ha`r qanday jag`dayda bolsada olarg`a a`sten so`ylen`, hammenin` aldında baqırman`.
- Oqıwshın`ızdı barqulla marapatlap, qollap-quwatlap turın`.

Biz du`zgen reproduktiv pikirlewdi rawajlandırıw korrektsiyası boyınsha islep shıqqan da`stu`rden psixologlar, oqıtıwshılar, ata-analar ken` paydalanıwın usınıs etemiz.

## ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР


1.Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. -Тошкент: Адолат 1999. -152 бет.

2. Каримов И.А. Баркамол авлод Ўзбекистон таракдиётининг пойдевори. - Тошкент: «Шарк,», 1997. - 63 бет.

3. Каримов И.А. Баркамол авлод орзуси - Тошкент: Ўзбекистон миллий энциклопедияси, 2000. - 245 бет.

4. Каримов И.А. Ўзбекистон XXI аср бўсағасида: ҳавфсизликка тахдид, тараққиёт кафолатлари. - Тошкент.: (Ўзбекистон), 1997. -326 бет.

5. Авлоний А. Турки гулистон ёхуд ахлоқ. - Тошкент.: Ўқитувчи, 1992,- 160 бет.

6. Алексеев Н.Г. «Самостоятельность. - В кн. «Педагогическая энциклопедия», т III. - Москва: Советская энциклопедия, 1966. 880 с.

7. Аристотель. Метафизика. В кн.:Сто великих книг. Москва. 2000.

8. Бандура А. Теория социального научения. Санкт-Петербург. Евразия, 2000. - 220 с.

9.Байрамов А.С. Динамика развития самостоятельности и критичности мышления у детей младшего школьного возраста. Автореф. дис .... доктора псих. наук. Баку, 1968.

10.Берг .И. Кибернетика и общественные науки.В кн. Методологические проблемы науки. М.: Наука, 1964.-350 с.

11. Беруний Абу Райхон Избранные произведения. - Тошкент.: 1957. т 1. - 487 с.

12. Бехтерев В.М. Внушение и его роль в общественной жизни. СПБ, - 1904.

13.Блонский П.П. Память и мышление.-Вкн.: Избранные психологические произведения. - М.: 1964. - 547 с.

14.Блонский П. П. Психология доказывания и *ее* особенности у детей. // Вопросы психологии, 1964, № 3. с. 40 - 55

15.Бобохонов А., Махсумов А. Абдулла Авлонийнинг педагогик фаолияти ва таълим-тарбия тугрисидаги фикрлари. Тошкент.: Ўқитувчи, 1966. - 88 бет.

16.Богословский В,В. «Взаимоотношения между учителем и учащимся как фактор развития познавательной активности и самостоятельности школьников». - В сб.: Отношение как проблемы психологии воспитания. - Л.: Изд-во ЛГПИ им. А.И.Герцена, 1973. -15- с.

17.Дистерверг А. Избранные педагогические сочинения. М.- Учпедгиз 1956. - 347с.

18. Дьюи Д. Психология и педагогика мышления. М.: Совершенство, 1998. 208 с.

19. Жуйков С.Ф. Формирование самостоятельного мышления первоклассников. // Начальная школа, 1967, № 2.

20. Ибн Сино Фалсафий киссалар. - Тошкент.: Ук.итувчи, 1963, - 48 бет.

21. Ивин А.А. Искуство правильно мыслыть. М.: Просвещение, 1986, - 223 с.

22. Ильенков Э.В. Выступление за круглым столом. Вопроси философии по теме «Современные проблемы философии», 1974, № 1.

23.Ильенков Э.В. Школа должна учить мыслить. // Народное образование, 1964, № 1. с. 1 - 15

24.Иномова М. Оилада болаларнинг маънавий-ахлок.ий тарбияси. Тошкент.: 1994. 151 бет.

25.Кабанова - Меллер Е.Н. Формирование приемов умственной деятельности и умственное развитие учащихся. М.: Просвещение, 1968, - 287 *с.*

26.Каримова В.М., Суннатова Р.И., Тожибаева Р.Н. Мустак.ил фикрлаш. - Тошкент.: Шарк., 2000, - 111 бет.

27.Каримова В.М. Мустак.ил фикрлаш. Ук,ув к;улланмаси буйича машгулотларни ташкил этиш услубиёти. Тошкент,: Шарк., 2000, - 16 бет. (хаммуаллиф Р.Суннатова).

28.Каримова В.М. Аудиторияда бах.с-мунозарали дарсларни ташкил этишнинг психологик техникаси (Услубий тавсиялар). Тошкент.: 2000, -16 бет.

29.Кочетков П. Руководство самостоятельной работы учащихся в учебном процессе. // Народное образование, 1960, № 8. с. 76-80

30.Крайг Г. Психология развития Питер: 2000. -992 с.

31.Крету Д. Критическое мышление в высшей школе. // Перемена. Международный журнал о развитии мышление через чтение и письмо, 2000, N2. с. 13 -16

32.Кулюткин Ю.Н. Эвристические методы в мыслительной деятельности и в обучении взрослых. Автореф.дисс. ... док.псих, наук. Л.: - 1971.

33.Кухарев Н.Ф. Формирование умственной самостоятельности. Минск: 1972, - 136 с.

34.Ланда Л.Н.«Умение думать как ему учить?» М.:Знание 1975,-64 с.

35.Лернер И.Я. Развитие мышления учащихся в процессе обучения истории. М.: Просвещение, 1982, - 191 с.

36.Лийметс Х.И. Воспитательные аспекты групповой работы учащихся. - В кн.: Проблемы совершенствования обучения в школе. Под ред. Л.И.Новиковой. М.: 1973.

37. Нишанова З.Т. Мустакил фикрлаш — ижодиёт сари қуйилган қадам. //Халк. таълими. -1998. — № 6.-Б. 58-61.

38.Нишанова З.Т. Изучение креативности в психологии //Эл агарту. Научно-педагогический журнал Киргизской Республики. -1999. -№ 5-6. -С.47-51.

39. Нишанова З.Т. Мустакил фикрлатга ургатиш //Бошлангич таълим. – 1999. -№ 3. -Б. 34-35.

40.Нишанова З.Т. Ёшларнинг мустакил фикрлашҳакидаги қарашларининг психологик тахлили //Педагогика. Психология фанлари сохасидаги илмий ишлар танлови голибларининг мақолалар тўплами. — 1999. -Б. 31-41

41.Нишанова З.Т. Мустақил фикрлашни ўргатиш буйича 1 тренинг //Халк. таълими - 2000. -№ 1.-Б.- 38-40.

42.Нишанова З.Т. Психологик тренинглар ҳақида //Халқ таълими. —2000. -№ 4.-Б. -105-106.

43.Нишанова З.Т. Мактабларимизга қандай ўқитувчилар керак? //Бошланғич таълим. -2000.-№ 5. -Б. 28-29.

44. Нишанова З.Т. Мустақил фикр нима? //Фан ва турмуш. -2001. -№ 1.-Б. *4-5*.

45. Нишанова З.Т. Мустақил фикр ривожланганлигининг психологик мезонлари //Халқ. таълими. -2001. - № 1. -Б. 34-38.

46. Каримова В.М., Нишанова З.Т. Мустақил ижодий фикрлаш ва шахснинг хиссий-иродавий ва интеллектуал хислатлари орасидаги боғланиш // Халқ. таълими. -2001. -№ 3. ~ Б. 64-69.

47. Нишанова З.Т. Мустакил ижодий фикрлаш ва шахс хислатлари // Халқ. таълими. -2001.-№ 4. -Б. 38-41.

48. www.library.com. Интернет кутубхона

49. www. Expert. psychology.ru

50.www. Referat.ru

51.http //psychintro. Narod.ru/ psychelf.html

# QOSIMShALAR

**1-shınıgıw**

**Altı tu`rli pikirlewshi toppı**.

Maqseti: talabalarg`a ha`r waqıtta bir pikirden pikirlew ha`reketin  u`yretiw.

Shınıg`ıwdın` barısı: altı turli ren`li toppılar to`mendegilerdi an`latadı:

Aq toppı: faktler, sanlar, mag`lıwmatlar. Biz qanday mag`lıwmatlarg`a iyemiz, qanday mag`lıwmat za`ru`r.

Kızıl toppı: sezim, seziw,sezgirlik,aldınnan seze biliw. Berilgen mashqalalar boyınsha men nenii sezip atırman?

Kara toppı: abaylı bolıw, haqıyqat,durıs mazmun ha`m faktlerge sa`ykeslik, haqıyqatqa qanshelli say keledi. Bul jaqsı isley me? Bul qa`nshelli qa`wipsiz?  Bul ideya a`melge asa ma?

Sarı toppı: abzallıgı, payda. Ne ushın bunday qılıw kerek? Na`tiyjesi qanday boladı? Solay islew kerek pe?

Jasıl toppı: İzertlewler, usınılar, jan`a ideyalar. Bolıwı mu`mkin bolg`an jollar. Bunday jag`daylarda ne islew kerek? Basqa al`ternativ ideyalar barma?

Ko`k topı: Oylaw haqqında oylaw. Pikirlew protsessin baqlaw. Berilgen basqıshlar ushın juwmaq shıg`arıw. Keyingi pikirlew protsesin anıqlaw. Berilgen jag`datsy ushın oylaw dastu`rin ilgeri su`riw.

Shınıg`ıwdı alıp barıwshı: «Xa`zir ha`mmemiz bir neshe minut qandayda bir ren`li toppını kiyemiz. Ha`mmemiz jasıl toppını 3 minut kiyemiz».

Mashqala:

a ) «Okeanda sho`gip atırgan Kemeni qutqarıu ushın ne isleu kerek?» Jasıl toppını kiyip jan`a ideyalardı, usınılardı ilgeri su`remiz. Sizde qanday sezimler payda bolganlıg`ın anıqlaw ushın qızıl toppını kiyemiz.

Endi ha`mmemiz aq toppını kiyip qanday faktlar, mag`lıwmatlarg`a iyemiz, qanday mag`lıwmat za`ru`rligi haqqında oylaymız.Ha`mme razı ma?

Ha`me ko`k toppını kiyedi. Qaysı bag`darda pikirlew za`ru`rligi hakqında sizin` usınısların`ız?

b ) Qolaylıq ushın toppılar 6 turli. Eger sizge olardın` sanın asırıw usınıs etilse, qanday oylaw tu`ri ushın jan`a toppılardı usınıs etken bolar edin`iz?

v ) İnsan qanday topı kiygende bul  ga`plerdi aytıw mwmkin ekenligin anıqlan`:

«Ne ushın fabrikanı satpastan onı ijarag`a alıw mu`mkin emes?»

«Endi biz toqtap, barlıq o`zimizde bar variantlardı sanap ko`rsetiwiiz kerek?»

«Ol mag`an jaqpaydı, sonın` ushın onın menen islewdi qa`lemeymen».

«Benzinnin` baxasın asırıw, adamlardı abaylap ju`riwge ma`jbu`rleydi, dep oylayman».

«Eger meni tuwılg`an ku`nge shaqırmasa, sawg`ag`a pul bermeymen».

«Bul diywalg`a shıgıw mu`mkin emes».

2-shınıgıw

Barlıq faktorlardı qarap shıg`ın.

Maqseti: Sınalıwshılar bir mashqalanı, ma`seleni sheship atırganda, olarg`a barlıq faktorlardı esapqa alıwın, qabıl etiwin rawajlandırıwdı uyretiw.

Shınıg`ıwdın` barısı: Barlıq faktorlardı esapqa alıw- bul dıqqattı bir na`rsege ko`birek  qaratıw  usıllarınan biri. Onın` maqseti qabıl etiw ko`lemin ken`eytiw.

Bir Adam satıug`a shıg`arılgan avtomobillerdin` ishinde sport mashinasın ko`rip qaladı. Ol ko`pten berli usınday mashinanı satıp alıwdı a`rman etip jurgen edi. Mashinanın jag`dayı ju`da` jaqsı, az ju`rgen. Bahası da arzan edi. Ol Adam quwanıp ketedi, biraz u`aqıttan keyin ol kelip mashinanı satıp aladı.Ol mashinanı

quwanıshı ishine sıymay aydap keledi. Biraq mashina biraz ken` bolıp garajg`a sıymaydı. Bul adam barlıq faktorlardı esapka almaganlıg`ı belgili bolıp qaladı.

Ma`mleket bay shet el puqaralarına u`y –jaylardı qımbat bahada satıwg`a ruxsat berip qoydı. Biraq tez arada ma`ha`lliy xalıq bul qalada jasay almaslıg`ı belgili bolıp qaldı, sebebi jan`a bahalar olar ushın ju`da` qımbat edi. Kimdir barlıq faktorlardı esapqa alıwdı umıtqan.

Barlıq faktorlardı esapka alıw usılına u`yretiwbar faktorlar dizimin ja`nede toltırıwdan ibarat.

Nenii esapqa almadıq? Bar dizimge ja`ne bir faktordı qosıw mu`mkin be? Ja`ne nenii qarap shıgıw kerek? A`hmiyetli ha`m einshi da`rejeli faktorlar bar. Biraq tiykargı ku`sh barlıq faktorlardı izlep tabıwga qaratılıwı tiyis.

Barlıq  faktorlardı qarap shıgın` usılın qollanıwga baylanıslı shınıgıwlar.

6. Haywan u`yretiwshini  baxıtsız ha`diyse  sebepli jolbarıslardan biri o`lip qaldı. Ol o`lgen jolbarıstın` ornına basqasın tabıwı kerek. Siz onın` ornında bolsan`ız barlık faktorlardı karap shıgın usılın qanday kollangan bolar edin`iz? Qanday faktorlardı na`zerde tutıw kerek?.
7. Siz koka-kolanın` jaslarg`a tılgan reklamasın oylap tabıwı kerek. Qanday faktorlardı esapqa alıw za`ru`r? Barlıq faktorlardı karap shıgın usılınan paydalanın`.
8. iz jumısqa kirmesten aldın sa`wbetten o`tiwin`iz za`ru`r. Nenii este saqlaw kerek? Barlıq faktorlardı qarap shıg`ın` usılınan paydalanın`.
9. Ata-anan`ız qayjerge barıp demalıwın kelisip atır. Barlıq faktorlardı esapqa alın` usılınan paydalanıp, to`mendegi faktorlar dizimin aldı.
   - Bahası;
   - Hawa – rayı;
   - Jaqsı restoranlar;
   - Ten`izge jaqınlıg`ı;
   - Sport shınıg`ıwları ushın imkaniyat.
10. Dostın`ız pul qarız berip turıwın soraydı. Barlıq faktorlardı esapqa alın` usılın paydalanıp, to`mendegi faktorlar dizimine iye bolasız. Siz barlıq na`rseni esapqa aldın`ız ba?
    - Qansha pul kerek?
    - Qansha waqıtqa qarız almaqshı?
    - Jaqın dostın`ız ba?

3-shınıg`ıw

Al`ternativalar, İmkaniyatlar, Tan`law.

Maqseti: Ospirimlerdi pikirlew protsessinde uqsas imkaniyatlardı qarap shıg`ıwg`a u`yretiwden ibarat.

Shınıg`ıwdın` barısı: Al`ternativalar, imkaniyatlar, tan`law dıqqatın bag`darlaw usıllarınan biri.  Al`ternativalar har qıylı bolıwı mu`mkin.

Qabıl etiw. Bir na`rse tu`rli qarastan qaralıwı mu`mkin.

Ha`reket. Berilgen jag`dayda tu`rlishe ha`reket qılıwı mu`mkin.

Sheshimler. Mashqalanı al`ternativ jollar menen sheshiw.

Qaraslar. Mashqalanın` sheshimin tabıw ushın tu`rli ta`repten qaraw.

Al`ternativ variantlardı izlew sebepli  «Jilet» firması ulıwma qa`wipsiz taraqtı oylap tabıw imkaniyatına iye boldı.

Al`ternativalar, imkaniyatlar, tan`law usılın paydalanıw ushın shınıg`ıwlar.

5. Eger barlıq adamlar belgisiz kesellik sebepli geren` bolıp qalsa, olar bir-biri menen qanday qatnasta bolar edi?

Alb`ternativalar, imkaniyatlar, tan`law usılın paydalanıp, 3 ten artıq al`ternativalardı tabın`.

6. Shofyorlar joldan paydalang`anlıg`ı ushın salıq to`leydi. Joldan paydalang`anlıg`ı ushın ha`q to`lewdin` ja`ne qanday usılın usınıs etiwin`iz mu`mkin.
7. Ju`da` sırlı telefon qon`ırawı boldı. Sizge biytanıs adammenen kafede belgilengen waqıtta ushırasıwdı iltimas qıldı. Bunı qanday  tu`sindiriw mu`mkin? Siz qanday reje tiykarında ha`reket qılasız

Al`ternativalar, imkaniyatlar, tan`law usılın eki ma`rte paydalanın`.

8. Ko`shede basına qon`ır ren`degi paket kiyip algan Adam ketip baratır, onın` minez-qulqın siz qanday tu`sinesiz?

Al`ternativalar, imkaniyatlar, tan`law usılın eki ma`rte paydalanıp, keminde bes  bolıwı mu`mkin bolg`an sebeplerdi ko`rsetin`.

Dosların`ız benen qayırqomlıq etiw maqsetinde pul jıynawdı sho`lkemlestirdin`iz. Sizin` iqtıyarın`ızda bir kwn g`ana qaldı. Al`ternativalar, imkaniyatlar, tan`law usılın eki ma`rte paydalanıp, pul jıynawdın` bolıwı mwmkin bolg`an variantların islep shıg`ın`.

6. Siz televizion ekrannın` al`ternativ formasın oylap tabıwın`ız mu`mkin?  Razı bolsan`ız Sarı toppını kiyip, siz usınıs etken varianttın` abzallıqların sanap o`tin`.

7. Ayırım qala ha`wlileri ju`da` patas bolıp,xalıq ha`mme jerge musor ha`m bankalardı taslap kete beredi. Bul mashqalanı sheshiw ushın sizin` usınısların`ız? Al`ternativalar, imkaniyatlar, tan`law usılın paydalanıp, bul mashqalanı sheshiw ushın keminde u`sh variantın usınıs etin`.

4-shınıg`ıw

Basqa adamlardın` qarasları

Maqseti: Ba`sekilerde eki ta`reptin` de pikirin esapqa alıwg`a u`yretiw.

Shınıgıwdın` barısı: Basqa adamlardın` pikiri-dıqqattı bag`darlaw usıllarınan biri bolıp, maqseti-qabıl etiw ko`lemin ken`eytiw. Basqa adamlardın` pikirleri usılı- keleshek a`wladtın` pikirin de esapqa aladı. Basqa adamlardın` pikiri, usılınan paydalanıwda bul mashqalanın`  kimge tiyisli ekenligin anıqlap alıw za`ru`r. Son` bul adamlardın` pikirlerin ha`m qarasların ko`z aldın`a keltirip ko`riwin` kerek. Ayırım jag`daylarda mashqalag`a baylanısı bar adamlardın` dizimin sheksiz dawam ettiriw mu`mkin. Bunday jag`daylarda mashqalag`a baylanısı ju`da` az  bolg`an adamlardı esaplamasa da boladı.

Basqa adamlardın` pikirleri usılın qollanıw ushın  shınıgıwlar.

7. Bir qız dostısına lotereya satıp alıw ushın pul beredi. Dostısı eki bilet satıp aladı. Olardın` birewine u`lken pul utısı shıg`adı. Qızlardın` qaysı birin pul utısı iyesi dewge boladı. Bul jag`dayda basqa adamlardın` pikiri usılınan paydalanın`.
8. Aytqanın qıldırıw ushın qız bala ashlıq dag`aza qıladı. Bul varianta da basqanın` pikiri usılınan paydalanın`.
9. Ta`lim sistemasın jaqsılaw ushın, ma`ha`lliy byudjettegi salıqlardı asırıp qoydı. Bul mashqalag`a tiyisli bolg`an barlıq adamlarda sanap o`tin`. Basqa adamlardın` pikirleri usılınan, olardın` atlarınan paydalanın`.
10. Balag`a muzıkanı qattı qoyıp sabaq tayarlaw unaydı. Ol radio naushnikten paydalanıwdı jaqtırmaydı. Onın` ata-anası ha`m sin`lisi tınısh otırıp islewdi unatadı. Basqa adamlardın` pikiri usılınan paydalanın`.
11. Qon`sın`ızdın` bag`ındag`ı shıraylı agash bargan sayın ba`lent bolıp o`sip, sizin` xanan`ızdı tosıp qoydı.Endi xanan`ızg`a quyash nurı tu`spey qoydı.Basqa adamlardın` pikiriusılın paydalanıp, bul jag`day kimge tiyisliligi haqqında oylap ko`rin`.  Ku`nlerdin` birinde ku`shli boran bolıp, agash jıgılıp tusedi ham sizin` u`yin`izge zıyan keltiredi. Endi bul jag`dayda da  basqa adamlardın` pikiri usılınan paydalanın`.

12. Sizin` 75 jaslı kempir apanız sizler menen birge jasamaqshı. Atan`ız, anan`ız ham shan`araq ag`zaların`ızdın` barlıq ag`zaları atınan basqa adamlardın` pikiri usılınan paydalanın`.

5-shınıgıw

Aqıbet ha`m na`tiyje

Maqseti: Jaslarg`a oylangan pikirinin` aqıbeti ham na`tiyjesi nelerge alıp keliw mu`mkin ekenligin ko`rsetiw.

Shınıgıwdın` barısı: Ku`ndelik turmısta bul usıl a`xmiyetli bolıp, sebebi ha`r bir oylang`an pikirimizdin` na`tiyjesinde biz ha`reket qılamız, bul keleshekte a`melge asırılıwı da mu`mkin.

Biz onın` aqıbetine itibar beriwimiz za`ru`r. Xa`r bir ha`rekettin` na`tiyjesi tu`rli waqıtta a`melge asırılıwı mu`mkin.

Tezlik penen. Xa`rekettin` na`tiyjesi tezlik penen ko`rinedi.

Qısqa mu`detli. Asıg`ıslıq na`tiyjesinen son` tez ju`z beredi.

Ortasha tezlikte. Mashqalasheshilgennen son` ju`z beredi.

Uzaq mu`ddetli. Na`tiyje keyinirek ju`z beredi.

Aqıbetlerdin` ol yaki bul waqıtqa tuwrı keliwi jag`dayg`a baylanıslı boladı. Aqıbet ha`m na`tiyje usılın qollanıwg`a baylanıslı shınıg`ıwlar.

6. İytlerdi so`ylewge u`yretkende ne ju`z beredi? Aqıbet ha`m na`tiyje usılın paydalanın`. Tez ju`z beretugın ha`m uzaq mu`ddetli aqıbetlerdi aytıp berin`.
7. Avtomatlasıwdın` rawajlanıp barıwı na`tiyjesinde tez ku`nlerde adamlar 3 saattan artıq islemewleri mu`mkin. Bunday jag`dayda ne ju`z beriwi mu`mkin? Aqıbet ha`m na`tiyje usılın berilgen jag`dayda da qollanın`.
8. Ko`z aldın`ızga keltirin`, ilimiy izertlewlerde da`liylleniwinshe, televizordı uzaq ko`riw miy ushın zıyan eken. Aqıbet ha`m na`tiyje usılın qollanın`. Tez ju`z beretug`ın ha`m uzaq mu`ddetli aqıbetlerdi aytıp berin`.
9. Adamlarg`a 100 jasqa shekem jasawg`a imkan beretugın da`ri oylap tabıldı. Biraq bul da`ri ju`da` qımbat turadı.Aqıbet ha`m na`tiyje usılın qollanın`.
10. 10 jastan u`lken balalardın` ha`mmesine ha`ptesine 10 saat islew za`ru`rligin tastıyıqlaytug`ın jan`a nızam qabıl etildi. Berilgen jag`day ushın aqıbet ha`m na`tiyje usılın tolıq qollanın`.

6-shınıg`ıw

Unamlı, unamsız, kızıqlı.

Maqseti: Pikirlewshini da`slep jag`daydı jaqsılar u`yrenip, son` juwmaq shıg`arıwg`a u`yretiw.

Shınıg`ıwdın` barısı: Unamlı, unamsız, qızıqlı usılı dıqqattı bag`darlaw usılı bolıp, da`slep berilgen jag`daydın` barlıq unamlı ta`repleri , son` unamsız ta`repleri ha`m aqırında qızıqlı ta`repleri izlenedi. Jag`daydı u`yreniwde ha`rdayım usı ta`rtipke ra`waya qılıw kerek.

Unamlı, unamsız, qızıqlı usılın qollanıw ushın shınıg`ıwlar.

7. Ko`p ma`mleketlerde g`arrı adamlardın` sanı artıp barmaqta, 60 jastan asqan barlıq puqaralardın` ma`npa`a`tlerin qorgaytugın siyasiy partiya du`ziw usınıs etildi. Bul usınıstı qızıqlı, unamlı, unamsız usılı ja`rdeminde sheshiwdi uyrenin`.
8. Ayırım zavodlarda ta`jiriybe sıpatında jumıs ku`nin 4 ku`nlik etip qoydı. Adamlar 10 saattan 4 ku`n islep, 3 ku`n dem aladı. Bul pikirdi unamlı, unamız, qızıqlı usılı ja`rdeminde oylap ko`rin`. Sizin`she bul jaqsı pikir me?

9. Anasının` pikirinshe balaları ju`da` ko`p televizor ko`redi, sonın` ushın ol televizordın` qasına pul salatug`ın korobka qoydı. Kadayda bir qızıq ko`rsetiwdi ko`rgen Adam pul to`lep ko`redi. Bul ideyanı unamlı, unamsız, qızıqlı usılıja`rdeminde qarap shıgın`.
10. Bunday usınıslar boyınsha siz qanday pikirdesiz. Jılda bir ha`pte dawamında balalar xojalıq jumısların Reproduktiv basqarıwları kerek. Bul jag`daydı unamlı, qızıqlı, unamsız usılı ja`rdeminde qarap shıg`ın`.
11. Mekteplerde oqıwshılar o`zlerine oqıtıwshılardı tan`lap alıwları ha`m olar jumısın bahalawları kerek pe? Bul mashqalanı unamlı,unamsız, qızıqlı usılı ja`rdeminde qollanın`.
12. Ayırım qalalarda velosipedlerdi pulsız ijarag`a beriwge qarar qılındı. Siz ko`shede velosipedti tan`lap alıp, paydalanıwınız mu`mkin, onı ja`ne basqa Adam alıp paydalanıwı mu`mkin. Bul jag`dayda unamlı, unamsız, qızıqlı usılın qollanın`.

**«FSMU» texnologiyası**

**Trening haqqında tusinik**

Bul texnologiya ba`sekili maselelerdi sheshiude , yaki okıu-seminar sonında pikirlerin biliu maksetinde yaki okıu rejesi tiykarında kanday da bir bolim uyrenip bolıngannan keyin kollanılıuı mumkin. Sebebi bul texnologiya tınlaushılardın oz pikirin baskalarga otkiziuge , pikirin korgauga okıu protsessinde iyelengen bilimlerdi analiz kılıuga, bilimdi kay darejede iyelengenligin baxalaug`a xam tınlaushılardı pikirlesiu madenityaına u`yretiledi.

Makset: bul texnologiya tınlaushılarga tarkatılgan apiuayı kagazga oz pikirlerin anık xam ksıka jagdayda sauleklep berip, tastıyıklaushı daliyller yaki inkar etiushi pikirlerdi bayan etiuge jardem beredi.

Otkeriu texnologiyası:

Bul texnologiya bir neshe baskıshta otkeriledi.

1-Baskısh

- trener tınlaushılar menen birge mashkalalı temanı talıklauı kerek bolgan mashkalanı, yaki uyrenilgen bolimdi belgilep aladı;

-trener okıu shınıgıularında daslep xar bir tınlaushı jeke tartipte isleui, keyin bolsa kishi toparlarda jumıs alıp barılıuı xam sabaktın sonında jamaat bolıp isleui xakkında tınlaushılarga maglıumat beredi;

- shınıgıu dauamında xar bir tınlaushı oz pikirin Reproduktiv jagdayda tolık bayan etiui mumkin ekenligi esletip otiledi.

2-baskısh.

Xaar bir tınlaushıga FSMU texnologiyasının 4 baskıshı jazılgan kagazlar tarkatıladı.

F -pikirinizdi bayan etin;

S -pikirinizdin bayanına sebep korsetin;

M - korsetken sebebinizdi daliyllep mısallar keltirin

U -pikirinizdi ulıumalastırın.

Xar bir tınlaushı jeke tartipte tarkatılgan kagazdagı FSMUdın 4 baskıshın oz pikirleri menen jazba turde bayan etken xalda toltıradı.

3-Baskısh

- trener xar tınlaushı oz kagazlarıntoltırıp bolgannan son olardı kishi toparlarga boliniuin iltimas kıladı.

- trener 4 baskısh boyınsha jazılgan pikirlerdi ulken frmatta ulıumalaskan xalda 4 baskısh boyınsha jazıuların usınıs etedi.

4-baskısh

-kishi toparlarda daslep xar bir tınlaushı ozi jazgan xar bir baskıshtagı pikirleri menen topar agzaların tanıstırıp otedi.

-topar agzaları FSMU dın 4 baskıshın xar biri boyınsha ulıumalastırıp, onı korgauga tayarlık koredi.

- pikirlerin ulıumalastırıu uaktında xar bir tınlaushı oz pikirlerin korgauı, daliyllep beriui mumkin.

5-baskısh

-kishi toparlar ulıumalastırılgan pikirlerin korgaydı;

Topar uakili xar bir baskıshtı okıydı.

6-baskısh

-trener shınıgıudı tamamlaydı, bildirilgen pikirlerge oz munasebetin bildiredi;

-tomendegi sorulardı tınlaushılarga beredi

- usı trening jardeminde nelerdi uyrendiniz?;

- bul texnologiyanı okıu protsessinde paydalanıu arkalı kanday natiyjelerge erisiuge boladı?;

- bul texnologiyanı Jane kanday tartipte alıp barsa boladı?.

**«Skarabey» texnologiyası**

Skarabey interaktiv texnologiya bolıp, ol okıushılarda pikirleui, este saklauının rauajlanıuına imkaniyat jaratadı, kanday da bir mashkalanı sheshiude oz pikirin ashık xam reproduktiv saulelep beriu sheberligin arttıradı. Bul texnologiya okıushılarga Reproduktiv rauishte bilimnin sıpatı xam darejesin jaksı baxalau, uyrenilip atrgan tema xakkındagı tusinik xam koz-karaslardı anıklau imakniyatın beredi. Ol asirese, turli pikirlerdi saulelendiriu, olar arasındagı baylanıslardı anıklauga imkan jaratadı.

- «Skarabey» texnologiyası xar tarepleme bolıp, onnan okıu materialının turli baskıshların uyreniude paydalanıladı:

- basında – okıu xızmetin jokarılatıu sıpatında ;

- temanı uyreniu protsessinde – onın mazmunı, duzilisi, mazmunın belgileu, olar arasındagı tikargı bolimler, tusinikler, baylanıslar xarakterin anıklau, temanı terenirek uyreniu, Jana tareplerin korsetiu;

-akırında alıngan bilimlerdi bekkemleu xam juumaklau maksetinde.

«Skarabey» texnologiyası okıushılar tarepinen ansat kabıl etiledi, sebebi ol xızmettin` pikirleu, biliu ozgesheliklerin esapka algan xalda islep shıgılgan. Ol okıushılar tajiriybesinen paydalanıudı kozde tutadı, reflektiv baklaulardı amelge asıradı, aktiv doretiushilik izleu xam pikirleu tajiriybesin otkeriu imkaniyatlarına iye.

Bul texnologiyanın ayırım abzallıkları sıpatında kabıl etiudi jenillestiriushi sızba formalardan paydalanıudı korsetiu mumkin.

«Skarabey» ayrıksha jumıslarda, kishi toparlarda xamde okıu jamaatlerinde kollanılıuı mumkin.

Talimnen tıskarı berilgen metod tarbiyalık xaraktergedegi katar uazıypalardı amelge asırıu imkaniyatın beredi:

- ozgeler pikirine xurmet;

-jamaat penen isleu sheberligi;

-Aktivlik;

- munasebetke kirisiushenlik;

- jumıska doretiushilik jaktan jantasıu;

- imkaniyatlardı korsetiu zarurligi;

-o ukıplılıgın xam imkaniyatların tekseriuge jardem beredi;

- «men» ligin saulelep beriuge imkaniyat jaratadı;

-oz jumısı natiyjelerine juuapkershilik xam kızıgıushılık oyatadı.

Tiykargı tusinikleri tomendegiler:

Assotsiatsiya- logikalık baylanıs bolıp, seziler, koz-karaslar, kabıl etiu, pikirler xam baskalar arasında payda bolıushı logikalık baylanıslar.

## «Bumerang» texnologiyası

Bul texnologiya bir shınıgıu dauamında okıu materialın teren xam bir putin uyreniu, doretiushilik jaktan tusinip jetiu, Reproduktiv iyeleuge bagdarlangan. Ol turli mazmun xam xarakterge iye bolgan temalardı uyreniuge jaramlı bolıp, oz ishine auız eki xam jazba jumıs formaların kamrap aladı xamda bir shınıgıu dauamında xar bir katnasıushının turli tapsırmalardı orınlauı, naubet penen okıushı yaki okıtıushı rolinde bolıuı, kereli baldı toplauına imkaniyat beredi.

«Bumerang» texnologiyası kritikalık pikirleu, logikanı rauajlandırıuga imkaniyat jaratadı; este saklau, pikirlerdi daliyllerdi jazba xam auızeki formalarda bayan etiu konlikpelerin rauajlandıradı.

Talim menen bir katarda berilgen metod tarbiyalık xarakterdegi katar uazıypalardı amelge asırıu imkaniyatın beredi:

- jamaat penen isleu sheberligi;
-munasebetke kirisiushenlik;
-Jaksı minez-kulık;
- konligiushenlik;
-ozgeler pikrine xurmet;
- aktivlik;
-basshılık;
-baskarıu sıpatların rauajlandırıu;
- jumıska doretiushilik jaktan jantasıu;
- oz xızmetinin` natiyjeli bolıuına kızıgıu;
- ozin xakıykıy baxalau.

Tiykargı tusinikler tomendegiler:

Ashık soraular- bul moraular karım-katnas, soylesiudi dauam etiuge imkaniyat jaratıp beredi. Olarga kıska, bir kıylı juuap beriu mumkin emes.

Jabık soraular- bul soraular aldınnan «aua» yaki «yak» tipindegi durıs ashık, juuaplardı beriudi kozde tutadı.

Kese (kwndalang)sorau - bir – birine jıyıp beriliushi kıska soraular katarı bolıp, bul ozine tan informatsiyalar izleu xam de daliyllerdi, opponentler pozitsiyasın anıklau xam belgili kararlar kabıl etiu ushın ajayıp imkaniyat esaplanadı.

Bul sorau uaktında talıklauga kirisiu mumkin emes. Bul uakıtta tek soraular beriledi, talıklauga kirisilmeydi.

## «Akılıy xujim» metodı

Akılga xujim toparlarara kollanılatugın koplep ideyalardı islep shıgıu mumkin bolgan metod. Bul xakıykatında da talabalardın okıu protsessinde aktiv katnasıuları, turli ideyalardı okıu protsessinde aktiv katnasıuları, turli ideyalardı bayan kılıu uaktında baskalardı da kızgın iske jollauları, ilxam menen isleulerine imkan beriushi xam onı xoshametleushi metod. Akılga xujim sonın ushında aktivlestiriudin zarur usılı, onda jalgız isleu mumkin emes, birgana ideya topardın barlık katnasıuların bir turde ozine tartıp aladı.

Okıushı tema yamasa soraudı ajratıp alıuı zarur, keyin bolsa okıu aktivligi 5-10 minut aralıgındagı uakıt shegarasında jenillestiriledi.

Akılga xujim turli tarizde kollanıuı mumkin: maselen, kandayda temanı dodalau ushın, jana sorau koyıu yamasa kalegen kanday mashkalanı sheshiu ushın kollanadı.

*Tiykargı kagıydaları tomendegiler:*

1.Aytılıp atırgan barlık ideyalar bir-birine zarurli tarepten ten.

2.Kiritilip atırgan ideyalarga bolgan kritikanın joklıgı.

3.İdeyanı soylep atırgan uakıtta soyleushinin gapin bolmeu.

4.Soyleushige baxalaushı tarepinen komponent jok.

2 Barlık, xatteki, axmaklarsha ideyalardı da aytıuga ruxsat etiledi. Aytılıp atırgan pikirler ishinde birgana tiykargı tema saklanıp kalıuı shart.

2- metod. Barlık tema xam soraular ulıuma bagdarı saklangan xalda ulken topar kuramındagı toparlarga usınıladı.

1.Okıtıushı ulıuma tema boyınsha birneshe, balkim 4-6 sorau tayarlauı mumkin.

2.Ulken topar kishi toparlarga ajraladı xam xar bir toparga akılga xujim otkeriu ushın bolek sorau beriledi.

3.Xar bir topar akılga xujim onimin jazıp alıu ushın bireuden Adam ajratadı, keyinshelik, protsess tamamlanıuı menen onı topardın barlık agzalarına usınadı.

4.İdeyalar xar bir topar tarepinen ulken kagazga markerden paydalanıp jazıp alınıuı mumkin. Sonday kagaz plakattın jokarısına tayarlangan soraular jazıp koyıladı. Kagaz-plakat protsesstin axırında xar bir kaleushi ne jazılgan xam jamlengenligin koriui ushın ilip koyıladı.

5.Akılga xujimnin bul metodı uakıttın kıskasha dauirinde bir soraudın bir neshe tarepi islep shıgılıuı zarur bolgan jerde juda paydalı.

6.Okıtıushı basshı-jardemshi sıpatında xareket kıladı xam bir topardan ekinshi toparga akıllık xujim amelge asırılıp atırgan uakıtta otip turadı.

Metodtı kollanıuga kirisiu…

Za`rur ideyalar akılga xujim uaktında bolıuı xam tartıslarda dodalangan bolıuı kerek.

Kobinese zarur ideyalardı belgileu xam olar ishinen en jaksıların tanlap alıu uaktında auditoriyaga jardem beriu mutajligi tez-tez juzege kelip turadı. Yagnıy atınagana kishi karxana jaratıu sıyaklı.

Akırgı juumakka keliu, asirese kıyın. Bul tabiyiy, sebebi xar bir katnasshıga «ozinin ideyam en jaksı» degen ozgeshelik saykes. Ulıuma pozitsiya, xar kalay, tez tabıladı xam bunda tomendegi metod jardemge keliui mumkin.

***1- metod.*** Topardın barlık katnasshılarına bir tema xam bir sorau koyıladı.

1.Okıtıushı okıu protsessinde liderlikti oz kolına sonday tarizde aladı: ol auditoriyadagı barlık talabalarga sorau beredi xam kandayda arnaulı temaga tiyisli barlık mumkin bolgan pikirlerdi aytıudı soraydı.

Tanlau xam esapka alıu sisteması ushın bes statiya:

– metod kanday da bir adamga ideyanı sheshiu uaktında, yagnıy atınagana kishi karxana tayarlau jagdaylarında kemshiliksiz esaplanadı;

- xar bir adamga turli jol menen paydalanıu mumkin bolgan 5 statiya jaratıladı. Bunnan tıskarı olar ozlerinin jeke ideyalarına olardı baylauları mumkin emes, yagnıy olar 5 statiyanın barlıgın reproduktiv turde bir shamaga beriui yamasa baska shamalarga 3 xam 2 kıymatta salıstırıuı mumkin. Olar, xammeni, sonnı kalese, xar bir ideyaga ayrıksha statiya ajratıu mumkin. Olar 5 statiyanın barlıgınan paydalanıu zarur;

- statiyalar jıynaladı xam kop san toplagan anık ideya jenip shıgadı.

- tartıslı jagdaylardı dauıs beriu jolı menen sheshiu mumkin.

Xar bir katnasshı tarepinen kagazga islep shıgargan xam jazılgan zarur pikirler jıynaladı, endi topar kagazı turinde kaytadan tariplenedi.

- bunın en ansat jolı kishi toparlardın barlık ideyaları jazılgan uzın kagaz tayarlau esaplanadı, ideya takrarlanıp atırgan xar bir jagdayda onın kasına belgili koyıu zarur;

- Nazer taslasanız, daslep barlık 10 ideyadan en jokarı toplangan ballga koziniz tusedi, onnan son paseyiu tartibinde kalgan ulıuma ballar orın aladı xam baskalar;

- eger siz 10 ideyadan ibarat kagazdı tamamlay almasanız, 5 statiyadan ibarat esaplau sistemasınan paydalanıuınız mumkin. Jokarıda eskertilgenindey, kagazda kalgan ideyalar tiykarında sonday demokratiyalık jol menen kutilgen natiyjelerge erisiledi.

### «Pikirler xujimi» metodı

Uzliksiz topar bolıp «Pikirler xujimi» («Mozgovaya ataka») alıp barıu. Bul metodtan makset mumkinshiligi barınsha ulken mugdardagı ideyalardı jıynau, talabalardı bir kıylı pikirleu inertsiyasınan azat etiu, doretiushilik uazıypaların sheshiu protsessinde daslep payda bolgan pikirlerdi jeniu. Bul metod A.F.Osborn tarepinen usınılgan. Bu metodtın tiykargı printsipi xam kagıydası tartıs katnasshıları islep shıkkan kritikanı putkilley kadagalau, xar kanday xazil xoshametleu esaplanadı. Bul metodtan paydalanıudın jetiskenligi kop tarepten okıushı – shınıgıu basshısına baylanıslı. «Pikirler xujimi» katnasshıları mugdarı 15 adamnan aspauı kerek.

Jalpı «Pikirler xujimi». Bul metod J.Donal`d Filips tarepinen islep shıgılgan. Ol ulken toparlarda (20dan 20ga shekem bolgan) jana ideyalar islep shıgıu onimdarlıgın sezilerli darejede asıuın taminleydi. Barlık katnasshılar kishi-kishi 5-6 adamnan ibarat kishi toparlarga bolinedi. Xam xar bir kishi topar sheshetugın doretiushilik uazıypa xam mashkala boyınsha 15 minut dauamında garezsiz rauishte «Pikirler xujimi» otkeriledi. Onnan son xar bir topar uakili oz toparlarında islep shıgılgan ideya xakkında maglıumat beredi xam okıtıushı basshılıgında jamaat bolıp ogan baxa beredi xam olardan en jaksıları tanlap alınadı.

«Pikirdin tezlik xujimi»-destruktiv berilgen baxa menen dialog. Bul metod E.A.Aleksandrov tarepinen usınılgan. G.Ya.Bush tarepinen ozgertirilip jolga koyılgan dialogtın axmiyeti sonda, kollektiv bolıp ideyalar islep shıgıuda katnasshılardı doretiushilik imkaniyaları aktivlestiriledi xam ogan karsı ideyalar koyılgan.

Shınıgıulardın baskıshpa-baskısh tomendegi tarizde otkeriledi:

1-baskısh. Mugdar xam psixologiyalık karım-katnası tarepinen makul kishi toparlardı kaliplestiriu.

2-baskısh. Uazıypa, kashkaladan kelip shıgatugın maksetlerin tusindiriu.

3-baskısh. Tuurıdan-tuurı «Pikirler xujimi» kagıydasına tiykarınan xar bir topardan ideyalar islep shıgıu.

4-baskısh. İdeyalardı tartipke salıu xam bolistiriu;

5-baskısh. İdeyalardı destruktivleu, yagnıy amelge asıuı imkaniyatına karap baxalau;

6-baskısh. Aldıngı baskıshlarda bildirilgen kritikalık tartıslarga baxa beriu.

Jokarıdagı pedagogikalık texnologiyalardan paydalangan xalda sabak protsessinde (pange tiykarınan) turli mashkalalardı sheshiuge, olardın kelip shıgıu sebepleri, pikirleuge, oz pikirlerin dalilleu xam turli jagdaylardan shıgıuga uyretiude «Mashkalalı jagday» turin kollau mumkin.

| ***«Mashkalalı jagday»*** | | |
|---|---|---|
| «Mashkalalı» jagday turi | «Mashkalalı» jagdaydın sebepleri | Uaziyatdan shıgıp ketiu xareketleri |
| İntizamnın jokarılıgı | 1.Sabakka kızıkpau. | Okıtıushının professional darejeli, shaxsı. Sırtkı korinisi, sozi, tusindire biliui. |
| | 2. Sabakka kesh keliui | |
| | 3. Tarbiyasızlık | |
| | 4. Sabakka tayar bolmaslık. | |
| | 5. Sabaktı buzıu. | |
| | 6.Okıtıushının auditoriyanı baskara almaslıgı | |
| | Yamasa | |
| | | |
| Tabiyattın pataslanıuı, avtomobildin buzılıuı karım-katnastın joklıgı, ximiyalık xadiyseler xam baskalar. | | |
| | | |

Akademiyalık litsey xam kasip oner kolledjlerinde kobinese baskarma uakilleri, basshı kadrlar, metodistler, okıushılar okıushılardın sabaklarına kiriu, sabaktı analiz kılıuda nelerge itibar beriu kerekligi xakkında kobinese bas katıradı. Sol sebepten biz bul toplamga sol masele juzesinen ayrım bir usınıslardı kiritdik. Xakıykatında okıushılardın sabagına kiriu xam onı analiz kılıu, birinshi naubette, sabakka kirip atırgan shaxstın koygan maksetine baylanıslı. Maselen: «Men jana temanı bayan kılıudagı tajriybenizdi yamasa baxalauınızdı, temanı bekkemleuinizdi, tolık sabak protsessin sholkemlestiriuinizdi, okıushı-talabalar menen karım-katnasınızdı xam t.b. uyrenbekshi edim», sogan karap, sabak analizi otkeriledi. Tomende berilgen usınıslar kop jıllık tajriybeler xam guzetiuler natiyjesinde xamde xazirgi kun talabı tiykarında duzilgen.